

# Kòd pou Kondwit Etidyan

2024-2025

## FORTIFYFL
Suspicious Activity Reporting App

**Ou wè aktivite sispèk nan lekòl ou a?**
**Rapòte li.**

THE SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, FL 1887




Vizite www.getfortifyfl.com
pou soumèt yon konsèy oswa
telechaje aplikasyon an

Download on the App Store
GET IT ON Google Play

#FORTIFYFLORIDA

## SI OU WÈ YON BAGAY,
## DI YON BAGAY.

## FORTIFYFL
Aplicación de informes de actividades sospechosas

¡Ves actividad sospechosa en tu escuela?
Repórtalo.

THE SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, FL 1887

Visita www.getfortifyfl.com
Para enviar una sugerencia o descargar la aplición




#FORTIFYFLORIDA

## SI VES ALGO.
## DI ALGO.

# Ane Eskolè 2024-2025

**Komisyon Eskolè Konte Osceola, Florida**
817 Bill Beck Boulevard
Kissimmee, FL 34744
(407) 870-4600

**Manm Komisyon Eskolè**
Heather Kahoun, Distri 4, Prezidan
Terry Castillo, Distri 1, Vis Prezidan
Julius Melendez, Distri 2
Jon Arguello, Distri 3
Scott Ramsey, Distri 5

**Direktè Jeneral**
Mark Shanoff, Doktè Edikasyon (Doctor of Education, Ed.D)

## VIZYON

Distri Eskolè Osceola a pral travay an patenarya avèk fanmi yo ak kominote a pou asire tout elèv yo devlope konesans ak konpetans ki esansyèl pou vin yon diplome reyisi, prepare pou lavni.

## MISYON

Enspire tout elèv yo pou yo atenn pi gwo potansyèl yo kòm sitwayen responsab, pwodiktif.

## DEKLARASYON KONT DISKRIMINASYON DISTRI ESKOLÈ KONTE OSCEOLA (SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, SDOC)

Distri Eskolè Konte Osceola, Florida, pa fè diskriminasyon nan admisyon oswa pou aksè nan, oswa trètman travay nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, jan, laj, andikap, eta sivil oswa enfòmasyon jenetik nan pwogram edikatif, sèvis oswa aktivite li yo, oswa nan pratik anbochaj oswa travay li yo. Distri a bay Boys Scouts ak lòt gwoup jèn patriyotik aksè egal tou nan etablisman li yo, jan Lwa sou Aksè Egal Boys Scout of America egzije sa. Daprè Règ Kòd Administratif Florida (Florida Administrative Code, FAC), 6A- 18.910 (1) (G): Tit IX 106.8 (1); Seksyon 504:104.8 (a); Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA): 35.10007 (a); ak Lwa sou Diskriminasyon Laj 110.25 (b) moun ki vini annaprè yo la se Kowòdonatè Ekite:

**Kowòdonatè Ekite**
Sadaris R. Cheatham
Kowòdonatè pou Relasyon Anplwaye
Biwo Resouzimèn
799 Bill Beck Boulevard
Kissimmee, FL 34744
407-870-4800

**Kowòdonatè Tit IX**
Antonia Rapinesi
Sipèvizè Travay Sosyal
Depatman Sèvis Elèv
1200 Vermont Avenue
St. Cloud, FL 34769
407-870-4692

**Kowòdonatè Tit IX**
Doktè Rhonda McMahon
Direktè Sèvis Elèv
Depatman Sèvis Elèv
1200 Vermont Avenue
St. Cloud, FL 34769
407-870-4982

**Kowòdonatè Seksyon 504**
Cara Walls
Sipèvizè Sèvis Sikolojik
Depatman Sèvis Elèv
1200 Vermont Avenue
St. Cloud, FL 34769
407-870-4897

**Kowòdonatè ADA ak Diskriminasyon Laj**
Doktè Karyle Green
Direktè Resouzimèn
Biwo Resouzimèn
799 Bill Beck Boulevard
Kissimmee, FL 34744
407-870-4800

**Kowòdonatè Aktivite Espòtif**
Ryan Adams
Kowòdonatè Aktivite Espòtif, Edikasyon Chofè, Kò Fòmasyon Jèn Ofisye Rezèv (Junior Reserve Officers' Training Corps, JROTC) ak Edikasyon Fizik
Ansèyman, Lidèchip ak Aprantisaj
817 Bill Beck Boulevard
Kissimmee, FL 34744




# Lis

*Sijè yo*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# Lis Sijè yo

**VIZYON** ..... **ii**
**MISYON** ..... **ii**
**DEKLARASYON KONT DISKRIMINASYON DISTRI ESKOLÈ KONTE OSCEOLA (SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, SDOC)** ..... **iii**
**Lis Sijè yo** ..... **vi**
**REZIME KÒD KONDWIT ELÈV** ..... **2**
**ENTWODIKSYON** ..... **7**
*Nan Plas Paran yo* ..... *7*
*Avi sou Responsablite Limite pou Sipèvize Elèv yo* ..... *8*
*Otorite Pwofesè a* ..... *8*
**SEKSYON I: LWA SOU DWA EDIKASYON FANMI AK KONFIDANSYALITE (FAMILY EDUCATIONAL RIGHTS AND PRIVACY ACT, FERPA)** ..... **11**
*Avi sou Dwa anba FERPA pou Lekòl Elemantè ak Segondè* ..... *11*
*Divilgasyon Enfòmasyon Fòmilè* ..... *12*
*Divilgasyon Dosye Edikatif bay Lòt Ajans Edikatif* ..... *12*
**SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO** ..... **15**
*Diskriminasyon Elèv* ..... *17*
*Tit IX Modifikasyon Edikasyon 1972 ak Diskriminasyon Sèksyèl* ..... *17*
*Entimidasyon ak Arasman* ..... *17*
*Kòd Sivilite* ..... *17*
*Patisipasyon nan Aktivite ki pa nan Kourikoulòm Lekòl la/Aktivite ki Konplemantè ak Kourikoulòm Lekòl la* ..... *19*
*Abiman Elèv* ..... *19*
**SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV** ..... **23**
*Pwoteksyon ki Akòde Anba Lalwa* ..... *23*
*Estanda Kondwit pou Elèv k ap itilize Transpò SDOC bay* ..... *23*
*Politik Telefòn Selilè pou Elèv yo* ..... *24*
*Lapawòl Rayisab* ..... *24*
*Posesyon, Itilizasyon, oswa Lavant Sibstans Kontwole ak/oswa Alkòl* ..... *25*
*Posesyon Zam Afe, Zam, ak/oswa Aparèy Destriktif sou Pwopriyete Komisyon an* ..... *25*
*Fo zam* ..... *25*
*Vyolans Kont Anplwaye Lekòl yo* ..... *25*
*Menas oswa Fo Rapò* ..... *26*
*Zewo Tolerans pou Krim Vyolan ki Fèt nan Lekòl* ..... *26*
*Goumen ak oto-defans* ..... *26*
*Anilasyon Afektasyon Chwa* ..... *26*
*Lwa sou Sekirite nan Espas Prive* ..... *27*
*Kontni Seksyèl* ..... *27*
*Fouy Pakin Elèv ak Kazye Lekòl* ..... *28*
*Fouy sou yon Moun* ..... *28*
*Pratik entegrasyon imilyan* ..... *28*
*Vyolans ak Abi nan Relasyon Amoure Adolesan* ..... *28*
*Trafik* ..... *28*
*Itilizasyon Tabak ak Sigarèt Elektwonik* ..... *29*
*Ekspilsyon* ..... *29*
*Sispansyon Andeyò Lekòl la* ..... *29*
*Sispansyon Nan Lekòl la* ..... *29*
*Detansyon* ..... *30*
*Pratik Restorasyon* ..... *30*
*Lòd Tribinal ak Sispansyon/Ekspilsyon pou Krim* ..... *30*
*Konsiltasyon avèk Fòs Lòd* ..... *30*
*Zak Move kondwit ki Pa Grav* ..... *31*

*Avi sou Enskripsyon Doub/Edikasyon Aprè Segondè* ........ *31*
*Absans Nan Klas yo* ........ *31*
*Absans Eskolè* ........ *31*
*Rapò Ensidan Sekirite Anviwònmantal Eskolè (SESIR)* ........ *31*
*Reyinyon Obligatwa pou Plan Siksè Reyentegrasyon pou Responsablite Paran an* ........ *31*
*Move Kondwit Repete (Anvan sa ki te sou non Enkorijibilite)* ........ *31*
*Politik Entènèt: Akò Itilizasyon Akseptab ak Responsab Teknoloji pou Elèv yo* ........ *32*

**SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ ........ 37**
*Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè (Segondè)* ........ *37*
*Envestigasyon sou Disiplin Elèv* ........ *37*
*Disiplin Pwogresif* ........ *37*
*Nivo I: Kòd Repons Disiplinè* ........ *38*
*Nivo II: Kòd Repons Disiplinè* ........ *40*
*Nivo III: Kòd Repons Disiplinè* ........ *42*
*Nivo IV: Kòd Repons Disiplinè* ........ *45*

**SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ ........ 51**
*Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè (Elemantè)* ........ *51*
*Envestigasyon sou Disiplin Elèv* ........ *51*
*Nivo 1: Kòd Repons Disiplinè* ........ *52*
*Nivo 2: Kòd Repons Disiplinè* ........ *54*
*Nivo 3: Kòd Repons Disiplinè* ........ *56*
*Nivo 4: Kòd Repons Disiplinè* ........ *59*

**SEKSYON VI: PWOSEDI POU AKSYON DISIPLINÈ ........ 65**
*Pwosedi pou Aksyon Disiplinè* ........ *65*
*Vyolasyon Kòd Kondwit Elèv* ........ *65*
*Matris Enfraksyon ak Konsekans* ........ *65*
*Pwosesis Regilyè* ........ *65*
*Sispansyon* ........ *66*
*Sispansyon Edikasyon Elèv ki gen Bezwen Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE)* ........ *66*
*Sispansyon Seksyon 504* ........ *66*
*Sispansyon pou Krim Andeyò Kanmpous* ........ *66*
*Rekòmandasyon pou Ekspilsyon Seksyon 504* ........ *69*
*Rekòmandasyon Ekspilsyon pou Edikasyon Elèv ki gen Bezwen Eksepsyonèl (ESE)* ........ *69*

**MATRIS DISIPLIN SEGONDÈ ........ 72**
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO I (SEGONDÈ)* ........ *76*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO II (SEGONDÈ)* ........ *77*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO III (SEGONDÈ)* ........ *78*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO IV (SEGONDÈ)* ........ *79*

**MATRIS DISIPLIN PRIMÈ ........ 80**
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO I (PRIMÈ)* ........ *81*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO II (PRIMÈ)* ........ *82*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO III (PRIMÈ)* ........ *83*
*MATRIS DISIPLIN 2024-2025 OFANS NIVO IV (PRIMÈ)* ........ *84*



# Kòd pou

## *Rezime Kondwit*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# REZIME KÒD KONDWIT ELÈV RAPIDMAN

Kòd la gen kat nivo ofans. Ofans Nivo I yo se sa yo ki mwens grav yo epi yo pral trete yo avèk konsekans ki mwens grav pase ofans Nivo IV yo. Yon ofans Nivo IV lakòz yon sispansyon 10 jou epi yon posibilite pou ekspilsyon.

| Nivo I (Lekòl Entèmedyè [Middle School, MS] ak Lekòl Segondè [High School, HS]) / Nivo 1 (Lekòl Elemantè [Elementary School, ES]) | Nivo II (MS ak HS) / Nivo 2 (ES) | Nivo III (MS ak HS) / Nivo 3 (ES) | Nivo IV (MS ak HS) / Nivo 4 (ES) |
|---|---|---|---|
| Pran poul (kopye) | Mank respè (Te repete deja nan Nivo 1) | Mank respè (Te repete deja nan Nivo 2) | Agresyon Grav |
| Mank respè | Kòd Abiman (Te repete deja nan Nivo 1) | Kondwit Deranjan | Alkòl |
| Kòd Abiman | Vyolasyon Aparèy Elektwonik (Te repete deja nan Nivo 1) | Vyolasyon Aparèy Elektwonik (Te repete deja nan Nivo 2) | Mete dife volontèman nan yon pwopriyete |
| Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Fwod (ki pa kriminèl) | Ekstòsyon/Chantaj | Asèlman |
| Pa ale nan yon sesyon detansyon | Jwèt aza | Goumen | vòlè |
| Enfòmasyon ki Fo/ki Twonpè | Sa ki gen rapò ak gang | Peta/Fedatifis | Gwo Deranjman sou Kanmpous |
| Jwèt danjere | Jwèt danjere (Te repete deja nan Nivo 1) | Sa ki gen rapò ak gang (Te repete deja nan Nivo 2) | Itilizasyon/Posesyon/Vann/ Distribisyon Dwòg |
| Lòt Move Kondwit | Dezobeyisans ki pa Grav/ Rezistans Flagran | Dezobeyisans Grav/Rezistans Flagran | Vyolasyon Aparèy Elektwonik |
| Pwofanasyon | Lòt Move Kondwit Grav | Asèlman | Gwo Vòl ($750 oswa plis) |
| Sote Klas | Altèkasyon Fizik | Jwèt danjere (Te repete deja nan Nivo 2) | Pratik entegrasyon imilyan |
| Reta | Vòl (mwens pase $100) | Òganizasyon Ilegal yo | Omisid |
| | Menas | Lòt Move Kondwit Grav | Kidnaping |
| | Rasanbleman San Otorizasyon | Posesyon Materyèl kontrebann | Lòt Gwo/Entèripsyon sou Kanmpous |
| | Destriksyon (mwens pase $100) | Agresyon Senp | Move Kondwit ki Repete |
| | | Vòl (soti nan $375 pou rive nan $749) | Vòl |
| | | Menas (Te repete deja nan Nivo 2) | Agresyon Seksyèl |
| | | Tabak | Agresyon Seksyèl |
| | | Antre San Otorizasyon nan Pwopriyete SDOC | Arasman Seksyèl |
| | | Destriksyon (soti nan $100 pou rive nan $999) | Ofans Seksyèl |
| | | | Agresyon Senp |
| | | | Menas/Entimidasyon |
| | | | Menas kont lekòl la |
| | | | Tabak |
| | | | Vyolasyon Pwopriyete |
| | | | Destriksyon/Malveyans Kriminèl ki depase $1,000 |
| | | | Vyolasyon Reyentegrasyon Prekòs |
| | | | Zam/Lòt Objè Danjere |
| **Nivo I - Konsekans** | **Nivo II - Konsekans** | **Nivo III - Konsekans** | **Nivo IV - Konsekans** |
| Plas ki Afekte | Lòt Sal klas | Lòt Sal klas | Afektasyon Nan Yon Lòt Lekòl |
| Konfiskasyon kontrebann | Plan/kontra konpòtman | Plan/kontra konpòtman | Konsèy ak Enstriksyon |
| Konsèy ak Enstriksyon | Konfiskasyon kontrebann | Konfiskasyon kontrebann | Reyinyon Ekip Disiplin |
| Detansyon | Konsèy ak Enstriksyon | Konsèy ak Enstriksyon | Ekspilsyon nan Bis |
| Referans Oryantasyon | Detansyon | Detansyon | Ekspilsyon nan Distri Eskolè |
| Akò Absans Kontak | Referans Oryantasyon | Referans Oryantasyon | Referans Oryantasyon |
| Kontak Paran/Responsab Legal | Sispansyon Nan Lekòl (In-School Suspension, ISS) (1-10 jou) | ISS (1-10 jou) | ISS (10 jou) |
| Referans nan Pwogram Entèvansyon | Akò Absans Kontak | Akò Absans Kontak | Akò Absans Kontak |
| Referans nan Sèvis Sante Mantal | Kontak Paran/Responsab Legal | Kontak Paran/Responsab Legal | Kontak Paran/Responsab Legal |
| Pratik Restorasyon | Referans nan Pwogram Entèvansyon | Referans nan Pwogram Entèvansyon | Referans nan Pwogram Entèvansyon |
| Chanjman Orè | Referans nan Sèvis Sante Mantal | Referans nan Sèvis Sante Mantal | Referans nan Sèvis Sante Mantal |
| Afektasyon Espesyal Travay | Eksklizyon nan Aktivite ki Pa Nan Kourikoulòm yo | Eksklizyon nan Aktivite ki Pa Nan Kourikoulòm yo | Eksklizyon nan Aktivite ki Pa Nan Kourikoulòm yo |
| Plan sipèvizyon | Rekiperasyon Pwopriyete | Pratik Restorasyon | Pratik Restorasyon |
| Reprimand Vèbal | Pratik Restorasyon | Rekiperasyon Pwopriyete | Chanjman Orè |
| Avètisman pou Referans nan Nivo II | Chanjman Orè | Chanjman Orè | Plan sipèvizyon |
| Anilasyon Privilèj | Afektasyon Espesyal Travay | Plan sipèvizyon | Sispansyon nan Lekòl (10 jou) |
| | Sispansyon nan Bis (1-10 jou) | Sispansyon nan Bis (1-10 jou) | |
| | Plan sipèvizyon | Sispansyon nan Lekòl (1-10 jou) | |



# Entwodiksyon

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

DISTRI ESKOLÈ KONTE OSCEOLA

KÒD KONDWIT ELÈV 2024-2025

## ENTWODIKSYON

Komisyon Eskolè Konte Osceola, Florida (Komisyon) daprè Règ 5.30 pou Kontwòl Elèv, ansanm ak Seksyon 1006.07, Lwa Florida yo, egzije adopsyon yon Kòd Kondwit Elèv (Kòd). Distri Eskolè Konte Osceola (SDOC) te devlope Kòd la pou ede elèv yo, paran/responsab legal yo, ak pèsonèl lekòl la konprann direktiv yo pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki òganize. Yo pral diskite sou Kòd la ak elèv yo, komite konsèy lekòl yo, ak asosyasyon paran/pwofesè yo nan kòmansman chak ane eskolè epi chak trimès aprè sa epi pou transfere elèv yo nan moman enskripsyon yo.

Pou konsève resous yo, lekòl yo p ap distribye kopi papye Kòd la bay chak elèv. Ou ka jwenn yon kopi elektwonik Kòd la anliy sou sit wèb Distri a: Sèvis Elèv, Kòd Kondwit oswa sou aparèy SDOC lekòl la bay . Si w bezwen yon kopi papye Kòd la, tanpri enfòme lekòl SDOC ou a.

Kòd la aplike pou tout elèv SDOC soti nan Lekòl Matènèl pou rive nan 12yèm Ane, ki gen ladann elèv lekòl segondè ak elèv ki gen laj lekòl ki ale nan swa yon sant teknik nan kad yon pwogram enskripsyon doub oswa yon pwogram lekòl kominotè pou kredi lekòl segondè.

Chak elèv SDOC dwe obeyi règ SDOC yo ak Kòd la:

- Nan lakou lekòl la;
- Pandan transpòtasyon pou ale oswa soti lekòl atravè depans piblik;
- Pandan aktivite lekòl la esponnsorize, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, aprantisaj a distans, sòti eskolè, aktivite espòtif, ak lòt aktivite ki sanble; epi
- Si sa apwopriye, nenpòt lòt domèn Lwa Florida ak/oswa Règ Komisyon Edikasyon Eta a otorize.

Anplis sa, byenke yo ka sanksyone elèv yo pou ofans daprè repons ki endike nan Kòd la, tanpri sonje gendwa gen lòt konsekans atravè fòs lòd piblik pou zak ki vyole lwa.

Yo mansyone atravè manyèl sa a lwa federal ak eta a ansanm ak Règ Komisyon yo. Li enpòtan pou sonje lwa ak Règleman Konmisyon yo mansyone nan dokiman sa a kapab modifye pandan tout aktyèl ane eskolè a, sa ki ka gen yon enpak sou kèk seksyon nan manyèl sa a. Si yon modifikasyon ta afekte yon seksyon pandan aktyèl ane eskolè a, y ap mete Kòd la ajou pou reflete modifikasyon an jan lwa oswa Règ Komisyon an adopte. Yon vèsyon modifikasyon avèk makè wouj ak yon nòt ki anba paj la ki gen yon eksplikasyon detaye sou mizajou a ap disponib anliy nan Sèvis Elèv yo, Kòd Kondwit.

### Nan Plas Paran yo

Lwa eta ak federal rekonèt pwofesè yo ak administratè lekòl yo bezwen aji nan plas paran/responsab legal yo pou timoun yo konfye yo nan lekòl la. Se yon konsèp jiridik ki rele *nan plas paran yo*. Pandan otorite sa a pa egal avèk otorite yon paran/responsab legal sou yon timoun, li pa pèmèt pèsonèl lekòl la egzèse yon degre sipèvizyon ak kontwòl sou elèv yo pandan elèv yo nan pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl la, oswa pandan yo nan yon aktivite lekòl la. Seksyon 1003.31(1), Lwa Florida yo, rekonèt tou elèv yo anba kontwòl ak enstriksyon direktè a oswa pwofesè ki responsab lekòl la. Sa a otorize pèsonèl lekòl la pou fouye san yon manda ki baze sou soupson rezonab epi yo pa oblije satisfè estanda estrik "kòz pwobab" ki aplikab pou fè respekte lalwa. Konsèp sa a otorize pèsonèl lekòl la kesyone yon elèv san yo pa bay elèv la avètisman Miranda oswa san yo pa pèmèt elèv la rele yon paran/responsab legal oswa yon avoka.

# ENTWODIKSYON

## Avi sou Responsablite Limite pou Sipèvize Elèv yo

Anplwaye SDOC yo pa responsab pou sipèvize elèv ki rive sou lakou lekòl la plis pase 30 minit anvan lè lekòl la ak/oswa 30 minit anvan yon aktivite lekòl la esponnsorize pwograme pou kòmanse oswa elèv ki rete sou lakou lekòl la plis pase 30 minit aprè lè lekòl ak/oswa 30 minit aprè aktivite lekòl la esponnsorize fini. SDOC pa responsab pou sipèvize elèv ki pa vin lekòl la, oswa elèv ki pa gen otorizasyon pou patisipe nan aktivite lekòl la esponnsorize. Yon entèraksyon kout oswa ki san planifye ant anplwaye SDOC ak elèv sou lakou lekòl la p ap kreye yon obligasyon pou sipèvize elèv yo. Paran/responsab legal yo pa ta dwe konte sou anplwaye SDOC yo pou sipèvize pitit yo andeyò peryòd tan ki mansyone pi wo a.

Pa gen anyen nan seksyon sa a ki anpeche SDOC enpoze sanksyon pou zak oswa konpòtman ki pwodwi sou pwopriyete SDOC.

## Otorite Pwofesè a

Seksyon 1003.32, Lwa Florida yo, bay pwofesè yo ak lòt manm pèsonèl lekòl yo otorite pou kontwole ak disipline elèv yo konfye yo, ansanm ak sou lakou lekòl la, ak lòt kote yo ka ba yo sipèvize elèv yo. Elèv yo dwe swiv demann ak direktiv tout pwofesè yo, manm pèsonèl lekòl la, volontè lekòl yo, ak konpayon yo lè yo nan yon pwopriyete Distri Eskolè a oswa lòt lye kote yo anba sipèvizyon pèsonèl Distri Eskolè a.

Pwofesè yo dwe fè tout efò rezonab pou kontwole dezòd nan sal klas oswa move konpòtman elèv yo. Sepandan, si yon dezòd oswa yon move konpòtman pèsiste, oswa si dezòd la grav, pwofesè a dwe dirije elèv la bay yon administratè apwopriye avèk yon deskripsyon ensidan an ekri sou yon fòm rekòmandasyon administrasyon an bay.

Seksyon 1006.11 ak 1003.32, Lwa Florida yo, bay pèsonèl lekòl la pouvwa pou itilize fòs rezonab pou pwoteje tèt li, elèv la, oswa lòt moun kont blesi. Anplis sa, pwofesè yo ka fè yo retire elèv ki vyolan, abizif, enkontwolab, dezòd, dezobeyisan, oswa derespektan nan salklas la pou entèvansyon jesyon konpòtman epi/oswa mande enfòmasyon oswa asistans nan men pèsonèl lekòl la oswa distri a ki apwopriye.

Seksyon 1003.32 (4), Lwa Florida, otorize yon pwofesè pou mete deyò yon elèv ki gen konpòtman li kwè ki afekte kapasite pwofesè a pou kominike avèk klas la oswa kapasite kamarad klas li yo pou aprann.

Seksyon 1006.11, Lwa Florida yo, prevwa yon direktè, yon pwofesè, yon lòt manm pèsonèl la, oswa yon chofè bis pa dwe responsab sivilman pou okenn aksyon ki fèt an konfòmite ak règ Komisyon Eskolè a konsènan kontwòl, disiplin, sispansyon, ak ekspilsyon elèv yo, eksepte nan ka yo itilize fòs nan yon fason ki abizif oswa pinisyon kriyèl epi ki pa apwopriye.

Seksyon 1003.32 (1) (i), Lwa Florida yo, otorize pwofesè yo ak lòt pèsonèl ansèyman yo pote plent kont yon elèv si yo te komèt yon krim kont yon pwofesè, oswa kont lòt pèsonèl ansèyman, nan pwopriyete lekòl la, nan transpò lekòl la esponnsorize, oswa pandan aktivite lekòl la esponnsorize.



# Seksyon I:

## *Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON I: LWA SOU DWA EDIKASYON FANMI AK KONFIDANSYALITE (FAMILY EDUCATIONAL RIGHTS AND PRIVACY ACT, FERPA)

## Avi sou Dwa anba FERPA pou Lekòl Elemantè ak Segondè

Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite (FERPA) bay paran ak elèv ki gen laj 18 lane oswa plis (elèv ki elijib) kèk dwa konsènan dosye edikatif elèv ou a. Dwa sa yo se:

1. Dwa pou enspekte ak revize dosye edikatif elèv la nan karannsenk (45) jou aprè jou lekòl la resevwa yon demann pou aksè. Paran/responsab legal ki vle enspekte dosye edikatif pitit yo oswa elèv ki elijib ki vle enspekte dosye edikatif yo dwe soumèt yon demann alekri bay direktè a ki idantifye dosye paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la vle enspekte a. Direktè a pral pran dispozisyon pou pèmèt aksè epi avèti paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la ki dat ak ki kote yo ka enspekte dosye yo.

2. Dwa pou mande modifye dosye edikatif elèv la paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la kwè ki pa kòrèk, ki twonpè, oswa sinon ki vyole dwa konfidansyalite elèv la anba FERPA. Paran/responsab legal ki vle mande lekòl la pou modifye dosye edikatif pitit yo oswa elèv ki elijib ki vle mande lekòl la pou modifye dosye edikatif yo dwe ekri direktè lekòl la, idantifye klèman pati nan dosye a yo vle chanje a, epi presize poukisa li pa kòrèk, poukisa li twonpè, oswa sinon ki vyole dwa konfidansyalite elèv la anba FERPA. Si lekòl la deside pa modifye dosye a jan yo mande li a, lekòl la ap fè paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la konnen desizyon an ak dwa yo genyen pou yon odyans konsènan demann pou modifikasyon an. Si, kòm rezilta odyans lan, lekòl la toujou deside pa modifye dosye a, paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la ka mete yon deklarasyon nan dosye a ki etabli opinyon li konsènan sa ki fè dosye a pa kòrèk. Deklarasyon an dwe tache avèk pati ki konteste nan dosye a pou tout peryòd konsèvasyon dosye a. Tanpri sonje, byenke pwosedi modifikasyon FERPA a ka itilize pou konteste enfòmasyon ki pa kòrèk ki anrejistre, li pa ka itilize pou konteste yon nòt, yon opinyon, oswa yon desizyon enpòtan yon lekòl pran sou yon elèv. Objektif FERPA se sèlman egzije lekòl yo konfòme yo ak pratik ki jis an tèm konsèvasyon dosye men se pa pou anile estanda ak pwosedi yo aksepte pou evalyasyon akademik, desizyon disiplinè, oswa detèminasyon plasman. Anplis sa, si pwosedi modifikasyon FERPA yo pa aplikab pou demann yon paran/responsab legal pou modifikasyon dosye edikatif, lekòl la pa oblije fè yon odyans daprè FERPA.

3. Dwa pou bay konsantman pou divilgasyon enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki nan dosye edikatif elèv la, eksepte nan limit FERPA otorize divilgasyon san konsantman. Yon sèl eksepsyon, ki pèmèt divilgasyon san konsantman, se divilgasyon bay responsab lekòl ki gen enterè edikatif lejitim. Yon responsab lekòl se yon moun distri a anplwaye kòm yon administratè, sipèvizè, enstriktè, oswa pèsonèl sipò; moun yo chwazi pou fè pati komisyon eskolè a; oswa yon moun oswa yon konpayi ki gen kontra ak distri a pou fè yon travay espesifik. Yon responsab lekòl gen yon enterè edikatif lejitim si responsab la bezwen revize yon dosye edikatif pou li kapab egzèse responsablite pwofesyonèl li. Anplis sa, yo pral divilge enfòmasyon pèsonèl idantifyab yo san konsantman bay responsab apwopriye yo nan sitiyasyon ijans, pou konfòme yo ak yon sitasyon legal ak nan ka ki enplike prezans lekòl obligatwa ak abi sou timoun. Lòt divilgasyon enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki nan dosye edikatif yon elèv san konsantman alekri alavans paran/responsab legal la oswa elèv ki elijib la etabli nan 34 C.F.R Pati 99.31 an. **Tanpri sonje: Daprè FERPA, yo konsidere dosye disiplinè yo tou kòm dosye edikatif epi yo pa ka divilge yo sòf si youn nan eksepsyon ki anwo yo aplike.**

4. Dwa pou depoze yon plent ak Depatman Edikasyon Ameriken an konsènan swadizan vyolasyon egzijans FERPA lekòl la. Adrès biwo ki jere FERPA a se:

    Family Policy Compliance Office
    U.S. Department of Education
    400 Maryland Avenue, SW
    Washington, DC 20202-4605

# SEKSYON I: LWA SOU DWA EDIKASYON FANMI AK KONFIDANSYALITE (FAMILY EDUCATIONAL RIGHTS AND PRIVACY ACT, FERPA)

## Divilgasyon Enfòmasyon Fòmilè

Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite (FERPA), yon lwa Federal, egzije pou SDOC, ak kèk eksepsyon, jwenn konsantman alekri ou anvan yo divilge enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki nan dosye edikatif pitit ou a. Sepandan, SDOC ka divilge "enfòmasyon repètwa" ki apwopriye san konsantman alekri, sof si w te enfòme SDOC kontrè a an akò ak pwosedi SDOC yo ak Règ Komisyon 5.70, Dosye Elèv yo, Ou ka jwenn fòm pou refize divilge enfòmasyon repètwa a nan lekòl pitit ou a oswa pandan w ap chwazi "NON" anba "Pibliye enfòmasyon repètwa" nan kont FOCUS elèv ou a. Tanpri sonje, yo pral pataje enfòmasyon repètwa yo, jan Komisyon an otorize, sèlman ak antite ki gen kontra yo epi daprè Règ Komisyon 5.70, Dosye Elèv yo.

Daprè FERPA ak Règ 5.70 Komisyon an, Dosye Elèv yo, ou ka jwenn enfòmasyon ki annaprè yo, yo rele yo tou "enfòmasyon repètwa," nan dosye lekòl pitit ou a epi yo pa konfidansyèl:

- Non elèv la;
- Adrès elèv la;
- Nimewo telefòn, si yo endike li;
- Non dènyè lekòl oswa pwogram elèv la te ye a;
- Dat li antre nan lekòl nan distri a;
- Patisipasyon nan aktivite ak espò ki ofisyèlman rekonèt;
- Diplòm, sètifika, ak onè li resevwa;
- Dat gradyasyon; epi
- Dat ak lye nesans.

Enfòmasyon repètwa, ki se enfòmasyon yo pa konsidere jeneralman kòm danjere oswa yon envazyon konfidansyalite si yo divilge, kapab tou divilge bay òganizasyon ekstèn yo san konsantman alekri alavans yon paran/responsab legal. Òganizasyon ekstèn yo enkli, men se pa sa sèlman, konpayi ki fabrike bag klas oswa pibliye albòm fen ane.

Rekritè militè yo ka mande non, adrès, ak nimewo telefòn elèv yo tou daprè lwa federal. Ajans edikatif lokal yo (Local educational agencies, LEA) k ap resevwa asistans anba Lwa sou Edikasyon Elemantè ak Segondè 1965, (Elementary and Secondary Education Act, ESEA) jan yo te modifye li, dwe bay rekritè militè yo enfòmasyon yo mande yo, sof si paran/responsab legal yo te enfòme LEA yo pa vle divilge enfòmasyon elèv yo san konsantman alekri alavans yo. [Sonje: Lwa sa yo se Seksyon 9528 ESEA (20 U.S.C. § 7908) ak 10 U.S.C. § 503(c), ak Seksyon 1003.451, Lwa Florida yo.]

Anplis sa, non ak enfòmasyon repètwa ki gen rapò ak timoun ajan fòs lòd aktif oswa ansyen, pèsonèl envestigasyon Depatman Sante ak Sèvis Reyabilitasyon, ponpye, majistra ak jij, ak lòt responsab, jan sa endike nan Seksyon 119.07, Lwa Florida yo, pa ka divilge. Si yon paran/responsab legal fè yon demann alekri bay lekòl la pou yo pa divilge enfòmasyon san konsantman yo, lekòl la pa dwe divilge enfòmasyon sa yo.

## Divilgasyon Dosye Edikatif bay Lòt Ajans Edikatif

FERPA otorize divilgasyon dosye edikatif bay lòt ajans oswa enstitisyon edikatif an akò ak 34 CFR § 99.34. SDOC ka divilge dosye edikatif bay lòt ajans oswa enstitisyon edikatif ki te mande dosye yo epi kote elèv la ap chèche oswa gen entansyon enskri oswa li deja enskri ak kondisyon divilgasyon an se pou rezon ki gen rapò ak enskripsyon oswa transfè elèv la. Paran/responsab legal la ka mande yon kopi dosye ki te divilge a, ak/oswa paran/responsab legal la ka mande yon odyans jan sa endike nan Seksyon sa a. Anplis sa, daprè Seksyon 1003.25, Lwa Florida yo, dosye edikatif yo transfere bay lòt ajans edikatif dwe gen ladan: rapò verifye sou konpòtman ki grav oswa ki repete, ki gen ladan evalyasyon sou jesyon menas ak sèvis entèvansyon; ak evalyasyon sikolojik, ki gen ladan plan trètman terapetik ak nòt terapi oswa pwogrè SDOC te kreye oswa konsève, jan sa apwopriye.

Nan ka abi sou timoun, Lwa Florida yo bay responsab lekòl yo otorizasyon ak manda pou yo rapòte ka sa yo bay Depatman Timoun ak Fanmi epi pou yo ba yo enfòmasyon ki nesesè pou yo fè swit ak plent sa yo.



# Seksyon II:

## *Dwa ak Responsablite Elèv yo*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

| Anviwònman Aprantisaj ki an Sekirite, Pozitif, ak Reseptif | |
|---|---|
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Ale lekòl nan yon anviwònman aprantisaj pozitif | Kenbe yon konpòtman ki favorize yon anviwònman aprantisaj pozitif |
| Gen yon pèsonèl lekòl ki reseptif fas ak bezwen epi enkyetid elèv yo | Eksprime bezwen ak enkyetid yo nan yon fason apwopriye |
| Konnen Kòd la | Swiv direktiv ki etabli nan Kòd la |
| **Prezans** | |
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Enfòme sou politik Komisyon an ak règ lekòl yo konsènan absans ak reta. | Ale lekòl chak jou epi rive a lè |
| Konteste yon desizyon konsènan yon absans | Eksplike oswa dokimante rezon yon absans |
| Mande travay ratrapaj aprè yon absans/sispansyon epi fè li nan yon tan ki rezonab | Ratrape travay klas la nan yon kantite tan ki rezonab aprè yon absans/sispansyon eskize |
| **Konsèy** | |
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Enfòme sou sèvis konsèy lekòl la | Itilize sèvis konsèy yo pou amelyorasyon edikatif ak pèsonèl |
| Gen aksè nan konsèy endividyèl ak an gwoup | Planifye randevou konsèy alavans, eksepte nan ka ijans |
| Mande konsèy | Travay an kolaborasyon avèk tout pèsonèl lekòl la |
| **Kourikoulòm** | |
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Resevwa estanda nòt yon pwofesè nan kòmansman peryòd nòt la | Mande pwogram akademik ak pwogram ki pa nan kourikoulòm yo ki koresponn ak kapasite yo |
| Resevwa deskripsyon kou yo | Mande èd nan men pèsonèl lekòl la pou chwazi kou yo |
| Aprann nan men pwofesè konpetan yo nan yon atmosfè san prejije ak patipri | Kolabore avèk pwofesè yo epi kontribye nan yon atmosfè san prejije ak patipri |
| Patisipe nan pwogram konpetans debaz yo nan lekòl elemantè, entèmedyè, ak segondè yo | Fè tout efò pou metrize konpetans debaz yo |
| **Nòt** | |
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Resevwa estanda nòt yon pwofesè nan kòmansman peryòd nòt la | Aprann sou estanda nòt yo |
| Enfòme sou yon mankman oswa yon mankman potansyèl lè yon travay pa satisfezan | Satisfè estanda akademik ki koresponn ak kapasite w yo epi fè efò pou amelyore travay ki pa satisfezan |

# SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

| Libète Lapawòl/Ekspresyon | |
|---|---|
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Eksprime opinyon ou ak lapawòl epi alekri, men san ou pa vilgè, deranjan, abizif, oswa dezagreyab | Respekte dwa lòt moun pou eksprime opinyon yo epi evite itilize lapawòl oswa ekspresyon ki ta ka deranje anviwònman aprantisaj la oswa nwi sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun |
| Patisipe nan komemorasyon patriyotik yo, sepandan, elèv yo gen dwa pou yo pa patisipe nan resitasyon Sèman Fidelite a | Gen yon konpòtman respektye pandan komemorasyon patriyotik yo |
| Respekte kwayans relijye yo | Respekte kwayans relijye lòt moun epi evite aktivite ki ridikilize kwayans relijye yo |
| Rasanble anpè sou lakou lekòl la pandan w ap swiv règleman federal, eta ak lokal yo | Planifye, jwenn apwobasyon epi mennen aktivite ki an akò ak objektif lekòl la |
| Ede devlope ak distribye piblikasyon nan kad pwosesis edikatif la | Swiv règ jounalis responsab yo anba sipèvizyon yon konseyè, tankou chèche enfòmasyon konplè sou sijè yo epi evite pibliye enfòmasyon fo oswa ki vilgè |
| Pwoteje kont arasman seksyèl | Evite arasman seksyèl kont elèv yo, pèsonèl la, ak kont manm kominote yo sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite lekòl yo |
| **Konfidansyalite ak Dwa Pwopriyete** | |
| **Dwa Elèv yo** | **Responsablite Elèv yo** |
| Gen dwa ak konfidansyalite pwopriyete pèsonèl, sof si pèsonèl lekòl la gen rezon pou kwè yon elèv posede materyèl lalwa oswa politik komisyon an entèdi; Yo ka fouye nenpòt moun ki sou pwopriyete komisyon an, ki nan transpò lekòl la, ak/oswa ki nan aktivite lekòl la | Anpeche materyèl lalwa oswa politik komisyon an entèdi antre nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl yo |
| Fè respekte pwopriyete pèsonèl ou | Respekte pwopriyete pèsonèl lòt moun |

# SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

## Diskriminasyon Elèv

Règ 2.70 Komisyon an, Opòtinite Edikatif Egal, defini diskriminasyon kòm kondwit ki anpeche viktim nan gen opòtinite pou patisipe nan pwogram oswa aktivite edikatif akòz ras, koulè, relijyon, laj, sèks, orijin nasyonal, eta sivil, andikap, oryantasyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, idantite oswa ekspresyon jan, akòz lang li pale, akòz li san domisil fiks, oswa nenpòt lòt rezon lalwa entèdi. Yo dwe trete elèv ki nan SDOC an akò ak yon kòd inik, ki aplike egalman pou tout elèv yo. Tout aktivite, ki nan kourikoulòm lekòl la ak ki pa nan kourikoulòm lekòl la, SDOC esponnsorize dwe demontre respè pou elèv la. Yo dwe fè tout efò pou asire aktivite yo pa denigre ni ofanse okenn elèv akòz diskriminasyon.

Si yon elèv kwè li se yon viktim diskriminasyon ki baze sou nenpòt faktè ki idantifye pi wo a, yo ankouraje elèv la pou rapòte swadizan diskriminasyon an bay administrasyon lekòl la pou envestige. Viktim nan gendwa depoze yon doleyans/plent tou avèk Responsab Ekite SDOC la pou envestige sou akizasyon yo; Responsab Ekite pou SDOC la se Sadaris Cheatham epi li sitiye nan Biwo Resouzimèn nan, 799 Bill Beck Boulevard, Kissimmee, FL 34744, (407) 407-870-4800, sadaris.cheatham@osceolaschools.net.

## Tit IX Modifikasyon Edikasyon 1972 ak Diskriminasyon Seksyèl

Daprè Tit IX Modifikasyon Edikasyon 1972, ak Règ 2.70 Komisyon an, Opòtinite Edikatif Egal, SDOC pran angajman pou li pwoteje elèv li yo, anplwaye li yo, ak aplikan li yo pou admisyon kont diskriminasyon seksyèl, ki enkli diskriminasyon ki baze sou idantite jan oswa ki pa konfòme yo ak nosyon estereyotip maskilinite oswa feminite. SDOC kwè tout elèv ak anplwaye yo gen dwa avèk yon eksperyans eskolè ki an sekirite, ki ekitab epi ki san asèlman. P ap gen tolerans pou akizasyon diskriminasyon ki pa fonde epi yo pral konstitye rezon valab pou aksyon disiplinè. Nenpòt elèv ki pretann li te viktim diskriminasyon seksyèl yon lòt elèv te egzèse sou li ka itilize pwosedi pou doleyans elèv lekòl la oswa pote plent dirèkteman bay Kowòdonatè Tit IX la (gade paj iii nan Kòd la).

## Entimidasyon ak Arasman

Daprè Seksyon 1006.147, Lwa Florida yo, Règ 5.321 Komisyon yo, Entèdi Entimidasyon ak Arasman, ak Règ 2.70 Komisyon an, Opòtinite Edikatif Egal, Komisyon an pran angajman pou pwoteje elèv li yo, anplwaye li yo, ak aplikan li yo pou admisyon, kont entimidasyon, arasman, oswa diskriminasyon pou kèlkeswa rezon ak tip la. Komisyon an kwè tout elèv ak anplwaye yo gen dwa avèk yon eksperyans eskolè ki an sekirite, ki ekitab epi ki san arasman. P ap gen tolerans pou akizasyon entimidasyon, arasman, oswa diskriminasyon ki pa fonde epi yo pral konstitye rezon valab pou aksyon disiplinè. Anplis sa, byenke entimidasyon ak arasman ki pa fonde pa lakòz aksyon disiplinè, yo dwe dokimante entimidasyon ak arasman ki pa fonde yo epi rapòte yo bay Depatman Edikasyon Florida a an akò ak egzijans estrikti Rapò Ensidan Sekirite Anviwònmantal Eskolè (School Environment and Incident Reporting, SESIR). Nenpòt elèv ki pretann li te viktim entimidasyon oswa asèlman yon lòt elèv te egzèse sou li ka itilize pwosedi pou doleyans elèv lekòl la oswa pote plent dirèkteman bay direktè a oswa reprezantan li.

## Kòd Sivilite

Edikasyon yon timoun posib sèlman gras ak yon patenarya ant timoun nan, pwofesè lekòl la ak pèsonèl lekòl la, paran/responsab legal la, kominote a ak anplwaye biwo distri a. Patenarya se yon eta aktif ki gen ladann pataj responsablite, kominikasyon efikas ak patisipasyon apresye.

Lè moun k ap travay ansanm an akò, patenarya a pase san difikilte. De moun p ap toujou an akò epi sa ka rann patenarya a difisil. Patenarya a pi pwisan, paske timoun yo edike pou yo atenn potansyèl yo, lè nou dakò sou fason pou nou pa dakò. Nou dwe sivilize nan diskou nou.

Sivilite souvan dekri atravè absans li. Nou tande pale de aksyon danjere tankou kòlè dèyè volan, konfwontasyon fizik, estereyotip etnik, ak ensilt. Men sivilite se pa sèlman yon absans danje. Li se afimasyon nan sa ki pi bon nan chak nan nou endividyèlman ak kolektivman. Li plis pase di "tanpri" ak "mèsi." Li reflete respè nou pou lòt moun nan konpòtman nou, kit nou konnen yo oswa nou pa konnen yo oswa kit nou renmen yo oswa nou pa renmen yo. Se pa sèlman politikman kòrèk epi sa pa ta dwe anpeche ekspresyon kritik oswa refleksyon. Se onèt ak byenveyan epi pran responsablite pou pwòp aksyon nou olye pou nou blame lòt moun.

Pandan n ap kominike youn ak lòt, nou bezwen sonje n ap travay ansanm pou byen timoun ki nan kominote sa a.

Se entansyon Komisyon Eskolè a pou ankouraje respè mityèl, sivilite, ak kondwit disipline pami anplwaye distri yo, paran yo, ak piblik la. Se pa entansyon Komisyon Eskolè a pou retire dwa libète ekspresyon pèsonn moun. Entansyon politik sa a se pou kenbe, nan pi gwo mezi ki rezonab posib, yon espas travay san danje, san asèlman pou pwofesè, elèv, administratè, lòt pèsonèl, paran, ak lòt manm kominote a. Nan enterè pou prezante pwofesè yo ak lòt anplwaye yo kòm modèl pozitif, Komisyon Eskolè a ankouraje kominikasyon pozitif epi dekouraje kominikasyon oswa aksyon ki deranjan, enstab, ostil, oswa agresif.

## SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

**Nivo Konpòtman Espere**

1. Pèsonèl Lekòl la ak Distri Eskolè a pral trete paran yo ak lòt manm piblik yo avèk koutwazi epi respè.
2. Paran ak lòt vizitè etablisman lekòl yo ak etablisman distri yo pral trete pwofesè yo, administratè lekòl yo, lòt pèsonèl lekòl yo, ak anplwaye Distri yo avèk koutwazi epi respè.

**Konpòtman Inakseptab / Deranjan**

Konpòtman deranjan gen ladan, men se pa nesesèman sa sèlman:

1. Konpòtman ki deranje oswa menase deranje fonksyònman yon lekòl, yon sal klas lekòl, biwo yon anplwaye oswa zòn biwo anplwaye a, zòn yon lekòl oswa etablisman ki ouvè pou paran/responsab legal ak piblik la an jeneral, zòn yon lekòl oswa etablisman ki pa ouvri pou paran/responsab legal ak piblik la an jeneral, oswa yon evènman lekòl oswa distri a esponnsorize;
2. Itilize langaj fò ak/oswa ofansif, sèmante, joure, blasfèm, oswa nenpòt manifestasyon kòlè;
3. Menase pou fè yon pwofesè, yon administratè lekòl, yon anplwaye lekòl, oswa yon elèv mal fizikman oswa kòporèlman kèlkeswa si konpòtman an konstitye oswa ka konstitye yon vyolasyon kriminèl oswa non;
4. Domaje oswa detwi pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete Komisyon Eskolè a;
5. Nenpòt lòt konpòtman ki deranje bon fonksyònman yon lekòl, yon sal klas lekòl, nenpòt lòt etablisman Komisyon Eskolè a, oswa ki deranje yon evènman lekòl la oswa distri a esponnsorize; oswa
6. Imèl oswa mesaj vokal abizif, menasan, oswa vilgè.

**Rekou Paran**

Nenpòt paran ki kwè yo te viktim yon konpòtman inakseptab oswa deranjan nan men yon manm pèsonèl la dwe enfòme sipèvizè imedya manm pèsonèl la.

**Otorite Pèsonèl Lekòl la**

1. Otorite pou Òdone Moun Kite Lekòl la oswa Lokal Komisyon Eskolè yo
   Direktè lekòl la oswa asistan direktè lekòl la ka mande nenpòt moun ki afiche konpòtman ki vini annaprè yo la pou kite lekòl la, lokal Komisyon Eskolè a, oswa sit yon lekòl oswa yon evènman distri a esponnsorize, oswa nan absans yo yon moun ki responsab legalman lekòl la oswa nenpòt administratè nan nivo distri a:

   a. Deranje oswa menase pou deranje fonksyònman lekòl la oswa Distri a oswa fonksyònman yon evènman lekòl la oswa distri a esponnsorize;
   b. Menase oswa eseye fè oswa fè yon pèsonèl Komisyon Eskolè a, elèv yo, oswa lòt moun ki legalman nan yon lekòl, nan lokal Komisyon Eskolè a mal fizikman, oswa nan lokal yon evènman lekòl/distri a esponnsorize;
   c. Itilize langaj fò oswa ofansif; oswa
   d. Antre nan yon etablisman distri eskolè a oswa nan lokal yon evènman lekòl la oswa distri a esponnsorize san otorizasyon.

   Si moun nan refize kite lokal la jan yo mande li a, administratè a oswa lòt pèsonèl otorize a dwe chèche asistans fòs lòd epi mande pou fòs lòd la pran mezi yo konsidere ki nesesè. Si otè enfraksyon an ap fè menas vyolans, anplwaye a ka kontakte fòs lòd.

**Otorite pou Fè Fas ak Moun Ki Komèt Abi Vèbal**

Si yon manm nan piblik la itilize vilgarite oswa pale nan yon fason ki egzijan, byen fò, ensiltan, ak/oswa degradan, ak anplwaye moun nan adrese remak yo dwe kalmeman epi avèk politès avèti moun nan k ap pale a pou li kominike nan yon fason sivilize. Si abi vèbal la pèsiste, ak anplwaye moun nan adrese remak yo kapab, aprè li fin avèti moun nan k ap pale a nan yon fason ki apwopriye, mete fen nan reyinyon an, konferans lan, oswa koupe konvèsasyon telefòn nan.

Si reyinyon an oswa konferans lan se nan yon lekòl, nan lokal Komisyon Eskolè yo, oswa nan lokal yon evènman lekòl la oswa distri a esponnsorize, nenpòt anplwaye ka mande administratè a oswa lòt pèsonèl otorize òdone moun nan k ap pale a pou kite lokal la imedyatman. Si moun nan refize kite lokal la jan yo mande li a, administratè a oswa lòt pèsonèl otorize a dwe chèche asistans fòs lòd epi mande pou fòs lòd la pran mezi yo konsidere ki nesesè. Si anplwaye a resevwa menas vyolans, anplwaye a ka kontakte fòs lòd.

**Imèl oswa Mesaj Vokal Abizif, Menasan, oswa Vilgè**

Si nenpòt anplwaye Distri a resevwa yon imèl oswa yon mesaj vokal abizif, menasan, oswa vilgè, anplwaye a pa dwe reponn imèl la oswa retounen apèl telefonik la. Anplwaye a ka anrejistre (sere) mesaj la epi kontakte sipèvizè imedya li. Si mesaj la gen menas vyolans ladan li, anplwaye a ka kontakte fòs lòd.

# SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

## Patisipasyon nan Aktivite ki pa nan Kourikoulòm Lekòl la/Aktivite ki Konplemantè ak Kourikoulòm Lekòl la

Pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la oswa nan pwogram espòtif yo, elèv yo dwe respekte règleman Komisyon an, kritè ki baze sou lekòl la, ak lwa ki aplikab. Yon elèv gendwa pa elijib pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la pou kèk ofans disiplinè. Li enpòtan pou elèv yo konprann atant sou konpòtman lekòl la enpoze elèv yo ka ale pi lwen pase sal klas la ak kanmpous lekòl la (sa vle di medya sosyal), kidonk, konpòtman andeyò kanmpous lekòl la ka gen enpak sou patisipasyon yon elèv nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la nan limit konpòtman sa a lakòz yon gwo deranjman nan fonksyònman lekòl la ak/oswa aktivite. Daprè Seksyon 1006.15, Lwa Florida yo, Komisyon an gen otorite pou anile privilèj patisipasyon elèv yo. Anplis sa, lekòl yo rezève dwa pou ekskli nenpòt elèv pou nenpòt ofans nan Kòd la, ki deranje lekòl la oswa kominote a anpil.

Yon elèv pa kapab patisipe nan okenn aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la si elèv la te patisipe nan menm espò sa a nan yon lòt lekòl pandan menm ane eskolè a sof si elèv la te deplase akòz plasman li nan swen adoptif, te sibi lanmò yon paran/responsab legal, oswa òdonans militè oswa chanjman adopsyon tribinal òdone te afekte li. Akizasyon rekritman pa ka afekte elijibilite yon elèv pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la jiskaske yo pran yon desizyon final.

Sistèm Jistis Jivenil la pran angajman pou li travay ansanm ak responsab lekòl yo pou kenbe estanda konpòtman pou tout elèv ki gen ladan sa yo ki patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la. Nan optik sa a, nenpòt elèv yon avoka te akize fòmèlman pou yon krim oswa yon ofans menm jan an dwe ekskli nan patisipasyon nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la pou yon minimòm yon ane sivil. Si yo pa jwenn elèv la koupab oswa si yo rejte akizasyon yo, elèv la ka retounen aprè li prezante dokiman desizyon tribinal la. Anplis sa, yon elèv pa elijib pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la si yon lòd tribinal entèdi enskripsyon elèv la nan yon anviwònman lekòl tradisyonèl. Desizyon final konsènan elijibilite se sou responsabilite administratè distri a ki responsab pou sipèvize aktivite espòtif yo.

Nenpòt elèv ki te komèt yon ofans pratik entegrasyon imilyan Nivo III dwe ekskli nan patisipasyon nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la pou yon minimòm yon ane sivil. Nenpòt elèv ki te komèt yon ofans pratik entegrasyon imilyan Nivo IV dwe ekskli nan patisipasyon nan aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la pou rès enskripsyon yo nan SDOC.

Pa gen anyen nan seksyon Kòd sa a ki dwe anpeche egzèsis otorite Direktè Jeneral/reprezantan li oswa Sistèm Jistis Jivenil la ki egziste deja.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon ki gen rapò ak aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la nan Règ 4.40 Komisyon an, Aktivite ki pa nan Kourikoulòm Lekòl la.

## Abiman Elèv

Abiman ak prezantasyon elèv SDOC yo dwe kontribye nan sante ak sekirite moun nan, ankouraje yon anviwònman edikasyon pozitif, epi pa deranje aktivite edikatif yo ak pwosesis lekòl la. Estanda abiman ak prezantasyon sa yo aplike pou tout elèv ki nan lekòl leta Konte Osceola yo, sof si direktè a bay yon egzanpsyon espesifik. Tout demann pou egzanpsyon dwe soumèt bay direktè a.

1. Rad yo dwe mete jan yo fèt la. Pou egzanp, bretèl yo dwe plase sou zepòl, pantalon yo dwe kenbe nan ren, sentiwon yo dwe boukle, pa dwe mete souvètman kòm rad, epi souvètman pa dwe vizib.
2. Rad yo dwe kouvri kò a soti nan yon anba bra pou ale nan lòt la epi desann nan anviwon mitan kwis (gade imaj adwat la). Vètman anlè yo dwe gen manch. souvètman yo pa dwe vizib. Chire, oswa twou ki nan rad yo dwe pi ba pase mitan kwis.
3. Chemiz yo dwe ble maren oswa blan, manch long oswa kout epi yo dwe gen yon kole, tankou yon chemiz polo, chemiz oxford, oswa chemiz fòmèl. Yon ti logo akseptab. Chak lekòl kapab genyen tou youn oswa de koulè adisyonèl espesifye. Bòdi, bann ki gen koulè, oswa dekorasyon pa akseptab. Elèv yo ka mete chemiz aktyèl lekòl la esponnsone yo nan jou Vandredi oswa nan lòt jou yo chwazi avèk apwobasyon direktè a.
4. Vètman anba yo dwe se pantalon, jip long, bout pantalon, pantalon fòmèl, ti jip ki gen pantalon pa dèyè, woud, oswa rad ki sanble ki gen koulè ble maren, nwa, oswa kaki (bèj), epi yo dwe rezistan, fèt ak twal mou (an velou) oswa an twal. Bòdi, bann ki gen koulè, oswa dekorasyon pa akseptab. Yon ti logo akseptab.

## SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO



5. Yo dwe toujou mete soulye epi soulye yo dwe san danje pou anviwònman lekòl la. Soulye/bagay pye elèv Lekòl Elemantè ak Lekòl Entèmedyè yo dwe se soulye espò ki fèmen devan kou dèyè ansanm ak lòt kalite soulye ki apwopriye pou pwogram klas elèv la ki enplike aktivite fizik ki gen ladan men pa sa sèlman Edikasyon Fizik, Dans, elatriye, pou pwoteje tout pye a. Elèv Lekòl Segondè yo ka mete sandal ak kondisyon yo pa deranje sekirite ak byennèt elèv la epi yo apwopriye ak pwogram klas elèv la. Soulye ki vini annaprè yo la pa akseptab pou okenn elèv SDOC: soulye kranpon oswa soulye ki gen woulèt, soulye ki wo men ki plat nèt, soulye ki gen devan ki fèt an asye, soulye ki gen talon trè fen oswa talon ki gen wotè ki twòp.

6. Yo pa dwe mete rad oswa akseswa moun pote sou tèt sou kanmpous lekòl la pandan jou lekòl sof si direktè a apwouve li.

7. Kou espesyalize yo ka nesesite rad espesifik, tankou inifòm espò oswa ekipman sekirite, epi yo dwe jwenn apwobasyon direktè a anvan yo mete yo pandan jou lekòl.

8. Yo pa dwe mete rad ki klè, ki ekspoze yon pati nan kò, oswa ki gen jou (ki fèt an may) san yon kouvèti apwopriye anba, ki satisfè egzijans minimòm kòd abiman sa a.

9. Yo pa dwe pote akseswa, rad ak/oswa bijou, tatou ki gen rapò ak gang, ansanm ak lòt ensiy, ki afiche oswa sijere zam/vyolans, kontni seksyèl, vilgè ki lye ak dwòg, alkòl, oswa tabak, oswa ki ka ankouraje vyolans oswa deranjman nan lekòl.

10. Rad yo pa dwe genyen, enplike, oswa reprezante diskou oswa imaj rayisab ki vize gwoup ki fonde sou ras, etnisite, jan, oryantasyon seksyèl, idantite jan, afilyasyon relijye, oswa nenpòt lòt kategori ki pwoteje.

11. Politik kòd abiman an pa dwe entèdi elèv yo mete manto, djakèt, chanday boutonnen oswa zipe, oswa lòt rad eksteryè apwopriye lè sa nesesè akòz kondisyon metewolojik oswa pou lòt rezon lejitim epi rad sa yo dwe gen gwosè kòrèk elèv la, pa dwe twò gwo, ni vyole lòt dispozisyon politik sa a. Anndan sal klas la, yo dwe retire rad eksteryè yo, yo dwe dezipe yo nèt, oswa kite yo ouvè pou pèmèt inifòm lekòl la vizib. Yo pa otorize manto long sou lakou lekòl la oswa nan nenpòt evènman lekòl la esponnsorize. Elèv yo ka mete manto aktyèl lekòl la esponnsorize sou inifòm lekòl apwouve a. Lè yo mete rad eksteryè ki gen tèt, yo dwe retire tèt la, pandan yo sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la esponnsorize. Pa dwe mete okenn rad eksteryè ki pa gen zip oswa bouton sou pwopriyete lekòl la sof si rad eksteryè a se yon atik lekòl la esponnsorize.

12. Yo pa dwe mete rad ak akseswa ki mete elèv yo oswa pèsonèl la an danje. Sa a gen ladann rad ki kache idantifikasyon vizyèl yon moun (sòf si direktè a/reprezantan li apwouve sa). Yo aksepte itilizasyon mask medikal, lè yon moun mete li selon fonksyon li.

13. Lekòl endividyèl yo dwe itilize direktiv sou abiman ak prezantasyon eta ak distri yo kòm estanda minimòm; yo ka fè nenpòt chanjman avèk apwobasyon sipèvizè direktè a. Direktè nan chak lekòl rezève dwa pou detèmine ki rad ki apwopriye pou lekòl la jan yo detaye nan estanda minimòm sa yo.

Nenpòt elèv ki vyole politik abiman sa a pral sibi aksyon disiplinè jan sa endike nan Seksyon IV ak V nan Kòd, Seksyon 1006.07(2)(d),Lwa Florida yo, ak pi ba a:

1. Pou yon premyè ofans, elèv la dwe resevwa yon avètisman vèbal epi direktè lekòl la dwe rele paran/responsab legal elèv la.
2. Pou dezyèm ofans lan, elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la pou yon peryòd tan ki pa depase 5 jou epi direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe rankontre avèk paran/responsab legal elèv la.
3. Pou yon twazyèm ofans oswa lòt ofans ki vin aprè, yon elèv dwe resevwa yon sispansyon nan lekòl la daprè Seksyon 1003.01(5), Lwa Florida yo, pou yon peryòd ki pa depase 3 jou, elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la pou yon peryòd tan ki pa depase 30 jou, epi direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe rele paran/responsab legal elèv la epi voye yon lèt alekri bay paran/responsab legal la konsènan vyolasyon kòd abiman an.



# Seksyon III:

*Avi pou Elèv yo*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Pwoteksyon ki Akòde Anba Lalwa

Yon elèv ka pwoche yon responsab lekòl oswa yon pèsonèl ki gen kontra pou remèt yon objè Kòd la pa otorize. Sòf si responsab lekòl yo te deja kòmanse yon envestigasyon konsènan posesyon yon objè Kòd la pa otorize, yon elèv ki pwoche yon responsab lekòl epi remèt li objè a P AP pran sanksyon. Yon envestigasyon kòmanse lè yon responsab lekòl oswa yon pèsonèl ki gen kontra vin dekouvri yon objè Kòd la pa otorize.. Lekòl la pral fè aranjman ak paran/responsab legal elèv la pou pran objè a nan lekòl la, si sa aplikab.

Si yon elèv dekouvri objè ilegal tankou dwòg, zam, oswa lòt kontrebann sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl la, elèv la ka pwoche yon responsab lekòl oswa yon pèsonèl ki gen kontra epi rapòte dekouvèt la. Yon elèv pa vyole Kòd la lè li fè yon rapò konsa. Responsab lekòl yo dwe respekte politik ak pwosedi yo konsènan swit envestigasyon sou rapò a.

Yo ka kontakte fòs lòd pou ofans espesifik yo, ki ka gen ladan, men se pa sa sèlman, zam afe, dwòg, ak aparèy eksplozif. Pwoteksyon ki Akòde Anba Lalwa a PA pwoteje objè Kòd la pa otorize yo dekouvri pandan yon fouy owaza.

## Estanda Kondwit pou Elèv k ap itilize Transpò SDOC bay

Seksyon 1006.10 (1-7), Lwa Florida yo bay chofè bis lekòl yo otorite pou siveye ak kontwole konpòtman elèv yo nenpòt lè y ap transpòte yo ale ak soti lekòl oswa fonksyon eskolè yo atravè depans piblik. Kondwit elèv, ki distrè chofè a, ki mete sante ak sekirite lòt moun an danje, oswa ki demontre yon neglijans volontè pou règleman transpò yo dwe rapòte bay direktè lekòl la, reprezantan direktè a, ak/oswa reprezantan transpò a. Yo konsidere yon bis lekòl kòm pwopriyete Komisyon Eskolè a; kidonk, yo dwe obsève kondwit nan sal klas la epi swiv Kòd Kondwit Elèv la. Paran yo pa dwe monte nan bis la sof si yo gen pèmisyon.

Akòz efò kontinyèl SDOC ap fè pou asire transpò an sekirite pou tout elèv, kit se pou yon sòti eskolè, aktivite espòtif, aktivite ki sanble, oswa pou trajè ant lakay ak lekòl, elèv yo dwe respekte estanda konpòtman ki vini annaprè yo nan bis lekòl la, anplis Kòd la:

1. Toujou obeyi chofè bis la.
2. Kanpe a omwen senk (5) pye parapò ak wout la pandan w ap tann bis la.
3. Bat pou w nan estasyon bis la dis minit anvan lè ki pwograme pou li rive a.
4. Travèse wout la ak yon distans plizyè pa devan bis la.
5. Monte sèlman nan bis ki afekte avèk ou ak monte epi desann nan estasyon bis ki afekte avèk ou.
6. Dwe eskane kat elèv a Idantifikasyon Radyo Frekans (Radio-Frequency Identification, RFID) yo oswa Kat bis yo pou antre oswa sòti nan bis la, aprè yo fin bay kat elèv RFID oswa kat bis la.
7. Gen yon konpòtman ki apwopriye pandan w ap tann bis la. Paran elèv yo responsab pou kontwòl, enstriksyon ak kondwit elèv la pandan tout moman yo, eksepte lè bis la prezan nan estasyon li.
8. Bay non w konplè lè chofè bis la oswa sipèvizè a mande li.
9. Elèv yo dwe rete chita, fas devan pandan tout tan yo epi yo dwe byen pase senti sekirite a, kote sa aplikab, lè bis la ap kouri. Tout pati nan kò elèv la dwe rete andedan bis la.
10. Rete an silans lè limyè plafon yo limen ak nan pasaj tren yo.
11. Pa gen dwa manje, bwè, oswa moulen chiklèt nan bis la. Yo pa otorize veso an vè ak sa yo ki ka kase nan bis la.
12. Evite jete fatra nan bis la.
13. Evite pote reptil, ensèk, bèt, oswa bèt lanmè (mouri oswa vivan) nan bis la ki pa gen rapò ak aktivite lekòl la.
14. Evite fè siy nan bis la.
15. Okenn objè pa dwe bloke koulwa oswa sòti ijans yo.
16. Evite itilize langaj oswa jès profàn.
17. Evite zak destriksyon. Y ap egzije ranplasman pou nenpòt domaj bis la sibi.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

18. Evite jete nenpòt objè atravè fenèt bis la. Konpòtman ki vyole règ sa a klase kòm yon krim. Elèv la ak paran/responsab legal la ap responsab pou nenpòt domaj yon zak konsa lakòz.
19. Evite nenpòt konduit oswa konpòtman ki deranje transpò oumenm oswa lòt pasaje bis yo ki òganize , sekirize, ak rapid la.
20. Elèv yo gen otorizasyon pou yo itilize aparèy elektwonik pandan yo nan transpò SDOC/transpò SDOC esponnsorize ak kondisyon elèv la itilize ekoutè, kas telefòn, elatriye epi li gen omwen yon zòrèy ki lib pou tande enstriksyon yo.
21. Yo pa otorize planch ak woulèt nan bis lekòl la.

Gen aparèy anrejistreman ki enstale nan bis yo. Yo ka filme elèv yo nenpòt ki lè pandan trajè yo. Yo ka itilize anrejistreman yo pou detèmine vyolasyon Kòd la. Vyolasyon estanda yo mansyone pi wo a, oswa nenpòt lòt seksyon nan Kòd la, kapab rezon pou sispansyon oswa ekspilsyon nan bis/lekòl la.

## Politik Telefòn Selilè pou Elèv yo

Yon elèv ka posede yon telefòn selilè sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la ak nan aktivite lekòl yo, ak kondisyon pandan lè lekòl la, telefòn selilè a sou silans epi kache epi li rete nan valiz elèv la oswa nan sak a men elèv la. Daprè Seksyon 1006.07, Lwa Florida yo, "yon elèv pa dwe itilize yon aparèy kominikasyon san fil pandan moman enstriksyon yo, sof si yon pwofesè mande sa touteksprè pou rezon edikatif sèlman. Pwofesè a dwe deziyen yon zòn pou aparèy kominikasyon san fil yo pandan moman enstriksyon yo." Pou rezon seksyon sa a, zòn li deziyen an se ap valiz oswa sak a men elèv la, sof si yon pwofesè mande sa touteksprè pou rezon edikatif sèlman. Yo pral trete vyolasyon politik telefòn selilè a an akò ak Kòd la epi sa ka lakòz konfiskasyon aparèy sa a. Si yon elèv itilize telefòn selilè a nan yon zak kriminèl (tankou voye kontni seksyèl jan sa endike nan Lwa Florida yo ak Kòd la), yo pral remèt telefòn selilè a ak fòs lòd epi elèv la ka sibi sanksyon kriminèl.

Yo toujou entèdi itilizasyon aparèy kominikasyon san fil pandan jou lekòl (depi premyè klòch maten an jiska lè yo tèmine) sof si yon pwofesè mande sa touteksprè pou rezon edikatif sèlman.

Pwojè lwa 379 liy 211-215 lan di, "yon elèv pa dwe itilize yon aparèy kominikasyon san fil pandan moman enstriksyon yo, sof si yon pwofesè mande sa touteksprè pou rezon edikatif sèlman. Pwofesè a dwe deziyen yon zòn pou aparèy kominikasyon san fil yo pandan moman enstriksyon yo."

Yo p ap otorize elèv ki nan Distri Eskolè Konte Osceola yo itilize aparèy kominikasyon san fil (telefòn selilè) lè y ap antre nan kanmpous lekòl la. Aparèy kominikasyon san fil yo enkli, men se pa sa sèlman, telefòn selilè ak/oswa aparèy oksilyè/akseswa yo tankou mont ak ekoutè. Elèv yo p ap pran sanksyon si yo itilize telefòn selilè yo ak/oswa aparèy akseswa yo pou kontwole yon kondisyon sante ki dokimante atravè dosye medikal yo bay lekòl la ki gen ladan, men pa sa sèlman, yon Pwogram Edikatif endividyalize (Individualized Education Program, IEP), yon Plan Seksyon 504 oswa yon Plan Sante.

Pwofesè yo ka otorize elèv yo itilize aparèy koneksyon san fil pou rezon akademik espesyalman nan plan leson aparèy distri a pa ka akonpli. Elèv ki itilize yon aplikasyon sou telefòn selilè yo pou kontwole kondisyon medikal yo ka itilize aparèy pèsonèl yo pou fè sa, jan sa preskri, avèk avi administrasyon lekòl la epi endike alavans nan FOCUS. Nou rekonèt pandan yon ijans nan tout lekòl la (ki pa similasyon), tankou sitiyasyon konfinman, politik telefòn selilè yo p ap aplike.

## Lapawòl Rayisab

Daprè Règ 2.70 Komisyon an, Ki entèdi Diskriminasyon, tout elèv ki ale nan lekòl SDOC yo "pèsonn moun pa dwe, sou baz ras, koulè, relijyon, jan, laj, eta sivil, andikap, kwayans politik oswa relijye, orijin nasyonal oswa etnik, enfòmasyon jenetik, oryantasyon seksyèl, idantite jan, oswa gwosès ekskli nan patisipasyon, yo pa dwe refize yo avantaj, oswa pa dwe sibi diskriminasyon nan kad nenpòt pwogram oswa aktivite edikatif, oswa nenpòt kondisyon oswa pratik travay Distri Eskolè sa a fè, sof nan dispozisyon kontrè lalwa." P ap gen tolerans pou itilizasyon diskou rayisab, epi vyolasyon yo pral sijè a Kòd sa a.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Posesyon, Itilizasyon, oswa Lavant Sibstans Kontwole ak/oswa Alkòl

Daprè lwa eta a ak Règ 5.31 Komisyon an, Itilizasyon Dwòg ak Alkòl, itilizasyon, posesyon oswa lavant sibstans kontwole ilegalman, jan sa defini nan Chapit 893, Lwa Florida yo, ak/oswa alkòl pou nenpòt elèv pandan elèv la sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la ak/oswa nan yon aktivite lekòl la konstitiye rezon pou lekòl la pran aksyon disiplinè (tankou sispansyon ak/oswa ekspilsyon) epi li ka lakòz tou sanksyon kriminèl.

## Posesyon Zam Afe, Zam, ak/oswa Aparèy Destriktif sou Pwopriyete Komisyon an

Posesyon zam afe, zam, ak/oswa aparèy destriktif ("zam") jan sa defini nan Chapit 790, Lwa Florida yo, pou nenpòt elèv pandan elèv la sou pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl, konstitiye yon aksyon disiplinè epi ka lakòz tou pouswit kriminèl. Sa a gen ladann, men se pa sa sèlman, posede oswa pote yon zam sou ou, nan yon machin, resipyan, oswa lòt mwayen transpò.

Y ap mete deyò nenpòt elèv yo te detèmine ki pote oswa posede yon zam sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl la, avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl, nan lekòl regilyè elèv la pou yon peryòd omwen yon (1) ane konplè epi yo pral refere yo bay sèvis sante mantal SDOC idantifye daprè Seksyon 1012.584(4), Lwa Florida yo, epi yo pral refere yo tou bay sistèm jistis kriminèl oswa sistèm jistis jivenil la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan seksyon sa a nan Règ 5.32 Komisyon an, Zam afe, Zam ak Aparèy Destriktif.

## Fo zam

Yon elèv p ap sibi aksyon disiplinè pou itilizasyon yon fo zam afe oswa zam pandan moman jwèt, oswa pou yon opinyon konsènan Dwa Dezyèm Modifikasyon an, sof si jwe avèk fo zam nan lakòz yon gwo deranjman nan aprantisaj, lakòz blesi kòporèl, oswa fè yon lòt moun pè pou domaj jan sa endike anba a. Daprè Seksyon 1006.7(2)(g), Lwa Florida yo, itilizasyon yon fo zam afe oswa zam pandan moman jwèt gen ladan, men se pa sa sèlman:

- Souke yon manje ki fèt ak baz farin ki pa fin konsome oswa lòt manje pou fè jwèt fo zam oswa zam.
- Posede yon jwèt zam afe oswa zam ki gen yon longè total de (2) pous oswa mwens.
- Posede yon jwèt zam afe oswa zam ki fèt ak blòk konstriksyon plastik.
- Itilize yon dwèt oswa men pou fè jwèt fo zam afe oswa zam.
- Fè bwi pou imite son zam afe oswa zam imajinè.
- Fè desen yon imaj, oswa posede yon imaj, yon zam afe oswa zam.
- Itilize yon kreyon, plim, oswa lòt istansil ekriti oswa desen pou fè jwèt fo zam afe oswa zam.

Sepandan, yon elèv ka sibi aksyon disiplinè pou itilizasyon yon fo zam afe oswa zam pandan moman jwèt, si jwèt la deranje aprantisaj elèv la anpil, si li lakòz yon lòt moun blese kòporèlman, oswa fè yon lòt moun gen pè rezonab pou blesi kòporèl. Gravite konsekans yo enpoze sou yon elèv, ki gen ladan referans yo bay sistèm jistis kriminèl oswa jistis jivenil la, dwe pwopòsyonèl ak gravite ofans lan epi yo dwe konsistan avèk politik Komisyon an pou ofans ki sanble yo. Si yon elèv sibi sanksyon pou kondwit sa a, direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe rele paran/responsab legal elèv la.

## Vyolans Kont Anplwaye Lekòl yo

Yo pa aksepte ni tolere okenn agresyon oswa vyolans fizik kont yon anplwaye. Vyolans yon elèv fè kont nenpòt anplwaye, pèsonèl ki gen kontra, oswa volontè SDOC, konstitiye yon rezon pou sispansyon nan lekòl la, sispansyon andeyò lekòl la, ekspilsyon, oswa nenpòt lòt aksyon disiplinè lekòl la pran epi li ka lakòz tou sanksyon kriminèl.

Anplis sa, yo pral mete deyò nenpòt elèv ki te komèt nenpòt ofans nan Seksyon 784.081, Lwa Florida yo, oswa yo pral mete li nan yon lòt lekòl oswa yon lòt pwogram, jan sa apwopriye. Ofans yo endike nan Seksyon 784.081, Lwa Florida yo, gen ladann, atak oswa atak grav, oswa yon agresyon oswa agresyon grav, sou nenpòt anplwaye distri eskolè a lè moun ki komèt ofans lan konnen oswa gen rezon pou konnen idantite oswa pozisyon oswa travay viktim nan. . Lè yo akize yon elèv pou ofans, yo pral retire li nan sal klas la imedyatman epi yo pral plase li nan yon lòt lekòl annatandan desizyon.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Menas oswa Fo Rapò

Yo pral mete deyò nenpòt elèv ki fè yon menas oswa fo rapò jan sa defini nan Seksyon 790.162, 790.163, ak 836.10, Lwa Florida yo, ki enplike pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete pèsonèl lekòl la, transpò lekòl la, oswa yon aktivite lekòl la esponnsorize, avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl, pou yon peryòd omwen yon (1) ane lekòl konplè epi y ap refere yo bay fòs lòd, kèlkeswa entansyon an. Menas yo ka gen ladan yo, men se pa sa sèlman: menas bonm; menas pou itilize zam afe nan yon fason vyolan; menas pou touye oswa fè blesi kòporèl; ak/oswa menas pou fè yon fiziyad masif oswa yon zak teworis.

Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Segondè ak Elemantè bay definisyon siplemantè pou menas yo. Menas yo ka dirèk oswa endirèk, yo ka vèbal oswa yo ka pa vèbal. Yon menas dirèk ka gen ladan yon zak espesifik oswa yon viktim espesifik. Yon menas dirèk fèt yon fason ki dirèk epi klè, tankou fè yon menas vèbalman oswa alekri dirèkteman bay viktim nan. Menas endirèk yo ka pa klè oswa yo ka kache. Menas endirèk yo ka pa mansyone yon viktim espesifik oswa yo ka pa gen entansyon pou viktim nan tande oswa wè yo, tankou ekri yon menas ki pa pataje ak viktim nan.

Anplis sa, si yon elèv fè yon deklarasyon oswa pibliye deklarasyon yo sou rezo sosyal yo pou di li pote yon zam afe oswa lòt zam sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la, menm si elèv la pa reyèlman pote zam afe a oswa zam nan vre, yo pral sipoze elèv la koze yon anviwònman deranjan, sa ki pral lakòz aksyon disiplinè ak sanksyon kriminèl posib. Seksyon sa a gen ladann elèv ki pibliye deklarasyon ki sanble kòm yon taktik oto-defans.

## Zewo Tolerans pou Krim Vyolan ki Fèt nan Lekòl

Daprè Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo, objektif SDOC se ankouraje yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay sipò nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak pèsonèl la kont kondwit ki reprezante yon menas pou sekirite lekòl la. Politik Zewo Tolerans lan pa fèt pou yo aplike sevèman pou move kondwit ki pa grav. Politik Zewo Tolerans lan dwe aplike egalman pou tout elèv kèlkeswa estati ekonomik yo, ras yo oswa andikap yo. Politik Zewo Tolerans yo dwe egzije pou yo jwenn elèv la te komèt youn nan ofans sa yo ki vini annaprè a pou yo mete li deyò, avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl, nan lekòl regilyè elèv la pou yon peryòd omwen 1 ane konplè, epi pou yo refere li bay sistèm jistis kriminèl oswa jistis jivenil: a) pote yon zam afe oswa yon zam, jan sa defini nan Chapit 790, Lwa Florida yo, nan lekòl la, nan nenpòt aktivite lekòl la, oswa nan nenpòt transpò lekòl la esponnsorize oswa posesyon yon zam afe nan lekòl la, b) fè yon menas oswa fo rapò, jan sa defini nan Seksyon 790.162, 790.163, Lwa Florida yo, ki enplike pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete pèsonèl lekòl la, transpò lekòl la, oswa yon aktivite lekòl la esponnsorize. Gade Règ 5.32 Komisyon an, Zewo Tolerans pou Krim ak Viktimizasyon, pou plis enfòmasyon.

## Goumen ak oto-defans

Yo entèdi goumen sou tout pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl, ak/oswa nan aktivite lekòl yo. Depatman Edikasyon Florida defini goumen kòm de oswa plis moun ki patisipe ansanm nan itilizasyon fòs oswa vyolans fizik ki egzije swa entèvansyon fizik oswa ki lakòz yon blesi ki nesesite premyè swen oswa swen medikal. Si goumen an lakòz yon gwo deranjman sou kanmpous lan, li ka yon ofans Nivo IV.

Si yon elèv pa ka kite zòn yon atak ki sou wout pou rive, li ka itilize oto-defans. Oto-defans se yon aksyon yon moun pran ki nesesè pou pwoteje tèt li oswa lòt moun kont domaj grav kòporèl. Oto-defans ka gen ladan mande yon adilt èd, kenbe oswa bloke atakè a, pwoteje tèt ou oswa lòt moun kont yon kou, oswa pouse pou elwaye atakè a. Sepandan, vanjans lè w frape yon moun (sa vle di, bay kout pwen, kalòt, oswa kout pye) oswa chwazi pa vire w ale aprè w fin gen opòtinite pou vire ale, ka konsidere kòm yon goumen. Daprè Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo “nan yon aksyon disiplinè, gen yon sipozisyon kontestab kote aksyon yon elèv ki te entèvni, te itilize sèlman yon kantite fòs ki nesesè, pou kanpe yon zak vyolan kont yon elèv, pèsonèl, oswa volontè te nesesè pou retabli oswa kenbe sekirite lòt moun."

## Anilasyon Afektasyon Chwa

Lejislati Florida a rekonèt valè yon sistèm edikatif ki bay anpil opsyon pou elèv yo ak paran yo. Chwa Lekòl nan Florida (School Choice Florida) favorize ak ankouraje enplikasyon paran yo epi asire elèv yo gen aksè nan yon lekòl ki satisfè bezwen yo. Lwa Florida 1002.31 otorize elèv ki pa gen pwoblèm disiplinè yo transfere nan nenpòt lekòl nan Konte Osceola ki gen plas ki disponib selon kapasite aktyèl la.

Nenpòt ekspilsyon pou konpòtman dwe konsistan avèk Kòd Kondwit Elèv la, Règ komisyon Eskolè yo, ak lwa eta epi federal ki aplikab yo. Yon chanjman nan plasman pou elèv ki benefisye Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE)/Plan 504 dwe fèt swa daprè pwosesis ki dekri nan paj 64-67 oswa daprè yon desizyon ekip IEP ki baze sou done ki apwopriye yo.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Lwa sou Sekirite nan Espas Prive

Daprè Seksyon 553.865(9)(a), Lwa Florida yo, chak enstitisyon edikatif dwe, nan Kòd Kondwit Elèv li a, etabli pwosedi disiplinè pou nenpòt elèv ki antre volontèman nan, pou yon rezon ki pa sa yo ki nan lis anba a: yon sal twalèt oswa yon etablisman chanjman ki deziyen pou sèks opoze nan lokal enstitisyon edikatif la epi ki refize soti lè nenpòt pèsonèl lekòl mande li pou l fè sa jan sa dekri nan seksyon 1012.01(2), 212 lè nenpòt pèsonèl administratif mande li pou l fè sa jan sa dekri nan seksyon 1012.01(3), oswa lè yon responsab sekirite lekòl mande li pou l fè sa jan sa dekri nan seksyon 1006.12(1)-(4).

Pou rezon seksyon sa a, daprè Seksyon 553.865(6), Lwa Florida yo "yon moun kapab antre sèlman nan yon sal twalèt oswa yon etablisman chanjman ki deziyen pou sèks opoze nan sikonstans sa yo:

(a) Pou akonpaye yon moun ki gen sèks opoze nan objektif pou ede oswa siveye yon timoun ki poko gen laj 12 lane, yon granmoun aje jan se defini nan seksyon 825.101, oswa yon moun ki gen yon andikap jan sa defini nan seksyon 760.22 oswa yon andikap devlopmantal jan sa defini nan seksyon 393,063;

(b) Pou rezon ki fè respekte lalwa oswa règleman gouvènmantal;

(c) Pou bay asistans medikal ijans oswa entèvni nan nenpòt lòt sitiyasyon ijans kote sante oswa sekirite yon lòt moun an danje;

(d) Pou rezon netwayaj, antretyen, oswa enspeksyon, ak kondisyon sal twalèt la oswa etablisman chanjman an pa itilize; oswa

(e) Si sal twalèt oswa etablisman chanjman ki apwopriye ki deziyen an pa an sèvis oswa gen reparasyon k ap fèt ladan li epi sal twalèt oswa etablisman chanjman ki deziyen pou sèks opoze a pa gen okenn moun sèks opoze ."

Definisyon sa yo ki annaprè yo la aplike daprè Seksyon 553.865(3), Lwa Florida yo:

- ""Etablisman chanjman" vle di yon chanm kote de oswa plis moun ap dezabiye yo nan prezans lòt moun, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, yon chanm eseyaj, chanm abiyaj, vestyè, chanm pou chanje rad, oswa sal douch."
- "Enstitisyon edikatif" vle di yon enstitisyon oswa etablisman edikatif ki soti nan Lekòl Matènèl pou rive nan Klas 12yèm ane oswa yon enstitisyon oswa etablisman edikatif aprè lekòl segondè."
- ""Fi" vle di yon moun ki gen, depi lè li fèt, sèks byolojik ki gen wòl repwodiktif espesifik pou pwodwi ze."
- ""Gason" vle di yon moun ki gen, depi lè li fèt, sèks byolojik ki gen wòl repwodiktif espesifik pou pwodwi espèm."
- ""Sal twalèt" vle di yon chanm ki gen youn oswa plizyè kabinè. Tèm sa a pa enkli yon sal twalèt inisèks."
- ""Sèks" vle di klasifikasyon yon moun kòm swa fi oswa gason sou baz òganizasyon kò moun sa a pou yon wòl repwodiktif espesifik, jan sa endike nan kwomozòm sèks moun nan, òmòn sèks ki prezante natirèlman yo, ak ògàn jenital entèn ak ekstèn ki prezan depi nan nesans."
- ""Etablisman chanjman inisèks" vle di yon chanm ki fèt pou yon sèl moun oswa pou yon fanmi kote youn oswa plizyè moun ka dezabiye yo, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, yon chanm eseyaj, chanm abiyaj, vestyè, chanm pou chanje rad, oswa sal douch ki antoure ak mi soti atè pou rive nan plafon epi ki gen yon pòt plen avèk yon seri sekirize kòm aksè ki anpeche yon lòt moun antre pandan yon moun nan etablisman chanjman an."
- ""Sal twalèt inisèks" vle di yon chanm ki gen youn oswa plizyè kabinè epi ki fèt pou yon sèl moun oswa pou yon fanmi, ki antoure ak mi soti atè pou rive nan plafon epi ki gen yon pòt plen avèk yon seri sekirize kòm aksè ki anpeche yon lòt moun antre pandan yon moun nan chanm nan."
- ""Kabinè" vle di yon twalèt oswa irinwa."

Vyolasyon politik la pral lakòz aksyon disiplinè daprè Kòd la.

## Kontni Seksyèl

Daprè Seksyon 847.0141, Lwa Florida yo, yo defini kontni seksyèl kòm itilizasyon nenpòt òdinatè oswa aparèy elektwonik pou voye, transfere, afiche, konsève, estoke oswa pibliye foto, imaj oswa mesaj seksyèlman eksplisit, vilgè, endesan oswa pònografik. P ap gen tolerans pou kontni seksyèl. Patisipasyon nan kontni seksyèl:

- Pandan lè lekòl oswa aktivite lekòl yo sou kanmpous oswa andeyò kanmpous lekòl la;
- Sou pwopriyete Komisyon an oswa transpò lekòl la; oswa
- Andeyò lè fonksyònman lekòl la si konpòtman an afekte nan yon fason negatif sekirite pèsonèl oswa byennèt moun ki gen rapò ak lekòl la, gouvènans, klima oswa fonksyònman efikas lekòl la, oswa pwosesis oswa eksperyans edikatif la; dwe konstitiye yon rezon valab pou aksyon disiplinè an akò ak Kòd sa a.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Fouy Pakin Elèv ak Kazye Lekòl

Tout zòn pakin SDOC ak kazye yo se pwopriyete distri eskolè a. Otorite lekòl yo gen dwa pou yo enspekte nenpòt veyikil elèv ak/oswa kazye pou pwoteje sante, sekirite, ak byennèt tout elèv ak anplwaye lekòl yo. Sa a gen ladann itilize chen detektè K-9. Chak elèv ki itilize pwopriyete Komisyon an pou pake yon veyikil oswa ki itilize yon kazye lekòl la dwe siyen yon fòm demann pakin pou elèv ak/oswa kazye elèv SDOC, ansanm ak yon konsantman Fouy ak Renonsyasyon Responsablite pou rekonèt ak dakò ak kondisyon yo kòm yon kondisyon alavans pou jwenn yon fich pakin elèv ak/oswa kazye elèv. Y ap fè fouy machin ak/oswa kazye chak elèv si pèsonèl lekòl la gen rezon rezonab pou yo sispèk yon vyolasyon lalwa oswa Kòd la. Yon elèv ap responsab pou tout objè yo jwenn nan machin li te kondwi sou kanmpous lekòl la ak/oswa objè yo jwenn nan kazye li. Netwayaj woutin kazye yo pa konsidere kòm fouy.

## Fouy sou yon Moun

Yo ka fouye nenpòt moun ki sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl la. Pou sa, SDOC rekonèt nesesite pou respekte dwa moun yo pandan y ap pwoteje sante, sekirite, ak byennèt tout elèv ak anplwaye lekòl yo. SDOC te devlope direktiv operasyonèl pou kontwòl elektwonik owaza avèk detektè metal. Yo ka chwazi sal klas lekòl segondè yo owaza pou fè fouy, ki ka gen ladann fouye elèv la ak/oswa zefè pèsonèl elèv la.

Nan kad envestigasyon disiplinè elèv yo, pèsonèl lekòl la gen otorizasyon pou fouye yon elèv ak pwopriyete yo si gen rezon rezonab pou yo sispèk yon vyolasyon lalwa oswa Kòd la.

## Pratik entegrasyon imilyan

Daprè Seksyon 1006.135, Lwa Florida yo, Kòd Administratif Florida R. 6A-1.0017) ak Règ 5.327 Komisyon Eskolè a, Kòd Kondwit Elèv, SDOC pran angajman pou li pwoteje elèv li yo kont nenpòt aktivite pratik entegrasyon imilyan nan nenpòt lè sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, nan aktivite lekòl yo, ak/oswa andeyò pwopriyete lekòl la si move kondwit la gen rapò ak patisipasyon oswa apatenans nan yon klèb oswa òganizasyon nan yon lekòl. Pa gen tolerans pou pratik entegrasyon imilyan. Patisipasyon nan aktivite pratik entegrasyon imilyan se yon rezon valab pou aksyon disiplinè. Yo ankouraje grandman nenpòt moun ki okouran de oswa ki angaje nan pratik entegrasyon imilyan pou rapòte sa dirèkteman bay direktè a oswa reprezantan li. Rapò nenpòt zak pratik entegrasyon imilyan ka fèt nan yon fason anonim.

Nan Kòd Administratif Florida R. 6A-1.0017, "Pratik entegrasyon imilyan" defini kòm "nenpòt aksyon oswa sitiyasyon ki mete an danje sante mantal oswa fizik oswa sekirite yon elèv nan yon lekòl nivo klas 6yèm jiska 12yèm ane pou rezon, inisyasyon oswa admisyon nan oswa afilyasyon ak nenpòt òganizasyon lekòl la sanksyone. Pratik entegrasyon imilyan gen ladan, men se pa sa sèlman, presire, kontrenn, oswa fòse yon elèv patisipe nan konpòtman ilegal oswa danjere, oswa nenpòt britalite ki gen nati fizik, tankou fwètman, kou, makaj, oswa ekspozisyon ak kondisyon metewolojik ekstrèm." Pratik entegrasyon imilyan pa gen ladan evènman espòtif òdinè oswa lòt konkou oswa konpetisyon ki sanble ni okenn aktivite oswa kondwit ki vize pou atenn yon objektif legal ak lejitim. Pèmisyon, konsantman, oswa akseptasyon risk yon moun ki sibi pratik entegrasyon imilyan bay pa pral diminye entèdiksyon ki genyen nan politik sa a.

## Vyolans ak Abi nan Relasyon Amoure Adolesan

Yo defini vyolans nan relasyon amoure kòm vyolans yon moun ki te gen yon relasyon sosyal ki gen yon nati amoure oswa entim avèk viktim nan te komèt. Yo entèdi nenpòt etidyan komèt vyolans ak/oswa abi nan relasyon amoure sou pwopriyete lekòl la, nan transpò lekòl la, ak/oswa pandan nenpòt aktivite lekòl la, epi y ap sibi aksyon disiplinè epi ka lakòz sanksyon kriminèl.

Yo ankouraje grandman nenpòt moun ki sispèk vyolans ak/oswa abi nan relasyon amoure, pou rapòte vyolans ak/oswa abi nan relasyon amoure a bay administrasyon lekòl la pou plis envestigasyon. Repòtè a ka chwazi rete anonim. Yo pral envestige nenpòt akizasyon sou vyolans nan relasyon amoure an akò ak Règ 5.325 Komisyon an, Vyolans ak Abi nan Relasyon Amoure.

## Trafik

Nenpòt fòm trafik, tankou trafik moun oswa trafik dwòg, entèdi sou tout pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite lekòl yo. Yo ankouraje grandman nenpòt moun ki se yon viktim trafik oswa nenpòt moun ki sispèk trafik pou rapòte akizasyon yo bay administrasyon lekòl la pou plis envestigasyon. Administrasyon lekòl la dwe konsilte responsab resous eskolè a, oswa yon responsab fòs lòd si responsab resous eskolè a pa disponib, anvan yo kòmanse yon envestigasyon. Repòtè a ka chwazi rete anonim.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Itilizasyon Tabak ak Sigarèt Elektwonik

Règ 2.90 Komisyon an, Anviwònman San Tabak ak San Fimen, entèdi itilizasyon tout pwodwi tabak, pwodwi ki gen rapò ak tabak, ak aparèy fimen elektwonik sou pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl, ak/oswa nan aktivite lekòl yo nan nenpòt moman. Yo entèdi elèv yo posede, itilize, konsome, afiche, fè pwomosyon, oswa vann/achte nenpòt pwodwi tabak, pwodwi ki gen rapò ak tabak, aparèy fimen elektwonik, oswa nenpòt atik yo konsidere tankou sa yo, nan nenpòt moman pandan yo nan pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl la. Entèdiksyon sa a gen ladan mete rad oswa itilize lòt atik pou fè piblisite oswa pwomosyon pwodwi tabak oswa aparèy fimen elektwonik.

## Ekspilsyon

Seksyon 1003.01, Lwa Florida yo defini "ekspilsyon" kòm retire dwa ak obligasyon yon elèv pou li ale nan yon lekòl piblik daprè kondisyon SDOC fikse yo, epi pou yon peryòd tan ki pa depase rès trimès la oswa ane lekòl la, ansanm ak yon (1) ane prezans anplis. Yo ka enpoze ekspilsyon yo avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl epi yo dwe rapòte kòmsadwa.

Tout Ofans Nivo IV yo ka lakòz yon ekspilsyon daprè Seksyon 1003.01 Lwa Florida yo, ki ka rive jiska “yon peryòd tan ki pa depase rès trimès la oswa ane lekòl la, ansanm ak 1 ane prezans anplis.” Kèk ofans nivo IV egzije yon ekspilsyon obligatwa jan sa endike nan Lwa Florida yo ak nan Kòd sa a. Ofans sa yo enkli posesyon/itilizasyon zam afe/zam ak oswa menas oswa fo rapò.

Tanpri sonje, tèm “ekspilsyon” an ka ranplase avèk “eksklizyon konplè” ak "mete deyò.”

## Sispansyon Andeyò Lekòl la

Seksyon 1003.01, Lwa Florida yo, defini “sispansyon” kòm retire tanporèman yon elèv nan tout klas enstriksyon nan lakou lekòl piblik yo ak tout lòt aktivite lekòl la esponnsorize, sof si direktè a oswa reprezantan li otorize sa, pou yon peryòd ki pa depase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt ak ranvwa elèv la sou responsablite paran/responsab legal li avèk devwa espesifik pou li fè.

Kòd la gen kèk ofans ki ka lakòz sispansyon andeyò lekòl la. Si yon elèv resevwa yon sispansyon andeyò lekòl, yo entèdi pou yo ale lekòl, nan nenpòt aktivite lekòl la esponnsorize, oswa nan pwogram/evènman espòtif.

Elèv yo ka elijib pou yon Pwogram Altènatif pou Ekspilsyon (AWARE oswa JUMP) selon ofans disiplinè yo. AWARE se yon pwogram sansibilizasyon sou sibstans ki edike elèv yo ak fanmi yo sou danje ki genyen nan itilizasyon sibstans. Se Park Place Behavioral Center ki reyalize li epi li pwopoze li pou ranplase ekspilsyon pou vyolasyon Kòd Kondwit Elèv la ki gen rapò ak itilizasyon/posesyon dwòg pou premyè fwa.

JUMP se yon pwogram an kolaborasyon ak Biwo Otorite Lapolis Konte Osceola ki bay elèv yo yon altènatif sekirize epi ki estriktire pou ekspilsyon, pandan y ap bay yon edikasyon sou karaktè pou lavi ak fòmasyon sou konpetans sosyal. Pou elijib pou pwogram JUMP, administrasyon lekòl elèv la kolabore avèk paran/responsab legal la epi elèv la pou diskite sou pwosesis JUMP la.

## Sispansyon Nan Lekòl la

Seksyon 1003.01, Lwa Florida yo defini “sispansyon nan lekòl” kòm retire tanporèman yon elèv nan pwogram regilyè lekòl elèv la ak plasman nan yon pwogram altènatif anba sipèvizyon pèsonèl SDOC, pou yon peryòd ki pa depase dis (10) jou.

Sispansyon nan lekòl la pral gen ladan eleman sal klas pou ede elèv yo devlope plis konpetans adaptasyon efikas, prensip devlopman karaktè, konpòtman pwo-sosyal, pandan y ap rete ajou sou plan akademik nan sal klas la. Pratik Restorasyon yo entegre nan pwogram Sispansyon Nan Lekòl (In School Suspension, ISS) la epi yo itilize yo pou konpleman eleman sal klas yo. Plasman sa yo fèt sou yon baz peryodik oswa pou yon peryòd ki pa depase dis (10) jou pou chak plasman. Objektif pwogram sa a se pou pèmèt lekòl yo ak administratè yo byen jere vyolasyon Kòd ki pa nesesite pou yo retire yon elèv nan anviwònman lekòl la.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Detansyon

Yo otorize detansyon pandan lè lekòl oswa andeyò lè lekòl nòmal yo si direktè a oswa reprezantan li kwè detansyon an se nan pi bon enterè edikatif elèv la. Yo dwe bay paran/responsab legal la yon avi alekri vennkat (24) èdtan anvan detansyon an kòmanse.

Si yo mete yon elèv nan detansyon anvan oswa aprè lekòl, pandan semèn lekòl la, alòs detansyon an pa dwe dire plis pase yon (1) èdtan epi li pa dwe depase senk (5) jou lekòl youn dèyè lòt, sof si direktè a oswa reprezantan li ak paran/responsab legal la dakò ak yon lòt aranjman. Si elèv la pran bis lekòl la, direktè a oswa reprezantan li dwe enfòme paran/responsab legal la pou paran an ka fè aranjman alavans pou asire elèv la gen transpò.

Si yo mete yon elèv nan detansyon nan yon jou ki pa jou lekòl, alòs detansyon an pa dwe dire plis pase kat (4) èdtan, sof si direktè a oswa reprezantan li ak paran/responsab legal la dakò ak yon lòt aranjman. Direktè/reprezantan li a dwe fè aranjman alavans pou asire elèv la gen transpò anvan yo mete li nan detansyon nan yon jou ki pa jou lekòl.

## Pratik Restorasyon

Pratik Restorasyon yo se yon apwòch ki baze sou rechèch ki vize pou amelyore kilti ak klima lekòl. Pratik Restorasyon yo se yon apwòch prevantif ki vize favorize enklizivite, devlope relasyon, ak rezoud pwoblèm. Pratik Restorasyon yo enplike yon seri entèvansyon ak estrateji ki alafwa pwoaktif ak reyaktif. SDOC te aplike Pratik Restorasyon yo pou reponn ak bezwen inik elèv ki te komèt ofans disiplinè yo an vyolasyon Kòd la. Yon manm pèsonèl lekòl ki resevwa fòmasyon (administratè, pwofesè, oswa konseyè) fasilite atelye rezolisyon konfli yo nan kad Pratik Restorasyon yo avèk moun ki te sibi domaj la epi moun ki lakòz domaj la. Gen kèk metòd restoratif ki gen ladan yo itilizasyon deklarasyon afektif, kesyon restoratif, atelye ranfòsman kominotè, ak atelye rezolisyon konfli. Pratik Restorasyon yo vize tou kreye yon kilti eskolè ki konsantre sou devlope ak ranfòse relasyon ant edikatè ak elèv yo. Atravè Pratik Restorasyon yo, yo tande tout vwa piske yo trete ak rezoud pwoblèm yo. Pratik Restorasyon yo anseye konpetans ki nesesè pou jere ak diminye konfli.

Siksè Pratik Restorasyon yo kapab konstitiye yon konsekans akseptab olye yon sispansyon oswa lòt aksyon disiplinè apwopriye.

## Lòd Tribinal ak Sispansyon/Ekspilsyon pou Krim

Si yon avoka akize yon elèv fòmèlman pou yon ofans kriminèl, oswa yon zak delenkans ki ta ka yon krim si yon adilt te komèt, pou yon ensidan ki swadizan rive sou pwopriyete ki pa pwopriyete Komisyon an, yo ka kòmanse yon pwosedi sispansyon pou krim kont elèv la jan Seksyon 1006.09, Lwa Florida yo otorize sa. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Seksyon VI Kòd la. Si yon tribinal detèmine elèv la te komèt yon krim oswa zak delenkans ki ta ka yon krim si yon adilt te komèt, SDOC ka mete elèv la deyò, ak kondisyon ekspilsyon an pa afekte pwovizyon sèvis edikatif elèv la nan nenpòt pwogram rezidansyèl, pwogram ki pa rezidansyèl, altènatif, lajounen, oswa pwogram aswè andeyò anviwònman lekòl regilyè jan Seksyon 1006.09, Lwa Florida yo otorize sa. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Seksyon VI Kòd la.

Anplis sa, si yon elèv gen yon lòd absans kontak avèk lòt timoun oswa elèv, yo ka retire elèv la nan aktyèl lekòl li ye a epi mete li nan yon lòt lekòl oswa pwogram SDOC. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan lòd absans kontak ak ofans kriminèl nan Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo.

## Konsiltasyon avèk Fòs Lòd

Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo, ak Règ 5.32 Komisyon an, Zewo Tolerans pou Krim ak Viktimizasyon egzije pou anplwaye SDOC yo konsilte responsab resous eskolè (School Resource Officer, SRO) a, oswa responsab fòs lòd la si SRO a pa disponib, pou nenpòt zak ki rive nan nenpòt moman oswa nan nenpòt lye ki reprezante yon menas pou sekirite lekòl la kote elèv yo nan jiridiksyon komisyon eskolè distri a. Anplwaye SDOC yo pa dwe konsilte fòs lòd lè yon elèv komèt yon zak move kondwit ki pa grav ki pa konstitiye yon menas pou sekirite lekòl la. Yon ekip jesyon menas ka itilize kèk altènatif pou ekspilsyon oswa referans bay ajans fòs lòd pou trete konpòtman deranjan atravè reparasyon, sitasyon sivil, tribinal pou adolesan, jistis restoratif katye, oswa pwogram ki sanble yo. Se sèlman SRO oswa responsab fòs lòd la ki gen dwa sou desizyon final pou konnen si yo pral bay yon sitasyon sivil oswa pwopoze yon pwogram devyasyon anvan arestasyon an epi li pa egzante elèv la pou resevwa lòt fòm entèvansyon disiplinè nan men lekòl la. Yo pa ka fè rekòmandasyon sa a pou kèk ofans, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annaprè yo: krim; menas kont lekòl la; ak posesyon/itilizasyon yon zam afe oswa zam.

# SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV

## Zak Move kondwit ki Pa Grav

Règ 5.32 Komisyon an, Kòd Kondwit Elèv, defini zak move kondwit ki pa grav kòm zak ki pa reprezante yon menas pou sekirite lekòl la epi ki pa egzije konsiltasyon avèk fòs lòd. Direktè a oswa reprezantan li kapab plase yon elèv ki komèt yon sèl zak move kondwit ki pa grav nan yon pwogram entèvansyon eskolè jan Kòd sa a otorize sa.

## Avi sou Enskripsyon Doub/Edikasyon Aprè Segondè

Elèv ki patisipe nan yon pwogram enskripsyon doub yo dwe respekte alafwa Kòd sa a ak Kòd Kondwit Elèv enstitisyon aprè segondè patisipan an. Yo pral rapòte nenpòt ofans disiplinè ki fèt sou kanmpous SDOC bay lekòl aprè segondè k ap patisipe a kote elèv la enskri an doub epi li ka lakòz eksklizyon elèv la nan pwogram nan. Anplis sa, yo pral rapòte tout ofans disiplinè ki fèt sou kanmpous enstitisyon aprè segondè a bay SDOC pou plis envestigasyon. Elèv ki komèt yon ofans Nivo IV ki verifye daprè Kòd sa a ka pa kapab tèmine pwogram enskripsyon doub yo.

## Absans Nan Klas yo

Si yon elèv rive nan lekòl la epi aprè li kite kanmpous la, genyen absans tanporèman nan klas, oswa pa ale nan yon klas espesifik, lekòl la ka pran aksyon disiplinè pou absans san jistifye. Tanpri gade Plan Pwogresyon Elèv la pou egzijans prezans elèv yo.

## Absans Eskolè

Si lalwa egzije yon elèv pou li ale lekòl, lekòl la p ap enpoze elèv la sispansyon pou absans san jistifye oswa pou absans eskolè daprè Règ 5.40 Komisyon an, Prezans Elèv. Seksyon 954.151, Lwa Florida yo, egzije Direktè Jeneral la pou rapòte bay Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil Motè non, dat nesans, sèks, ak nimewo sekirite sosyal tout elèv (soti 14 pou rive 17 lane) ki akimile kenz (15) absans san jistifye nan yon peryòd katrevendis (90) jou sivil. Elèv sa yo ka pèdi lisans chofè yo, oswa privilèj pou jwenn yon lisans chofè si lekòl la ak Lwa Florida yo te jije yo absan. Anplis sa, paran/responsab legal elèv ki regilyèman absan yo ka sibi aksyon yo pran atravè sistèm jidisyè a. Tanpri gade Plan Pwogresyon Elèv la pou egzijans prezans elèv yo.

## Rapò Ensidan Sekirite Anviwònmantal Eskolè (SESIR)

Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida egzije distri eskolè yo pou yo kòde kòrèkteman done yo itilize pou rapòte ensidan ki kont lalwa oswa ki reprezante vyolasyon grav nan Kòd Kondwit Elèv la. Sa a gen ladann ensidan yo konsidere kòm sifizamman grav pou nesesite entèvansyon yon Responsab Resous Eskolè "SRO" oswa ensidan yo dwe "Rapòte bay Fòs Lòd."

Yo idantifye ensidan sa yo ki dwe rapòte bay SESIR ak/oswa Fòs Lòd yo nan Kòd Kondwit Elèv la ak kòd twa lèt ki idantifye ensidan SESIR yo. Lè plizyè ensidan rive nan menm tan ak nan menm andwa, ensidan ki te lakòz plis blesi oswa pi gwo pèt pwopriyete oswa depans monetè a ta dwe sa ki pou rapòte a. Nenpòt eleman ki gen rapò ak ensidan SESIR dwe rapòte. Yon eleman ki gen rapò enkli sa yo ki espesifye nan Règ 6A-1.0017(8) Kòd Administratif Florida: alkòl, entimidasyon, dwòg, gang, krim rayisab, pratik entegrasyon imilyan, blesi, itilizasyon sigarèt elektwonik, ak zam.

"Rapòte bay Fòs Lòd," vle di yon Responsab Resous Eskolè (SRO) oswa yon responsab fòs lòd lokal te pran yon aksyon ofisyèl tankou: yo te atribiye yon nimewo dosye, yo te depoze yon rapò, yo te depoze yon deklarasyon sou sèman, yo te bay yon sitasyon sivil, yo te fè yon envestigasyon epi yo te jwenn se yon ensidan ki ta dwe rapòte bay SESIR, oswa yo te fè yon arestasyon.

## Reyinyon Obligatwa pou Plan Siksè Reyentegrasyon pou Responsablite Paran an

Lè gen yon repetisyon ofans, lekòl la ka egzije yon reyinyon an pèsòn avèk paran yo, elèv la, ak pwofesè yo nan objektif pou yo devlope yon Plan Siksè pou Elèv la. Entèvansyon sa a pral dekri angajman paran yo, elèv la, ak pèsonèl la pou amelyore konpòtman epi asire yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite pou tout elèv yo. Yo p ap otorize elèv la retounen lekòl jiskaske paran yo patisipe nan reyinyon sa a.

## Move Kondwit Repete (Anvan sa ki te sou non Enkorijibilite)

Yo ka rekòmande yon elèv pou ekspilsyon si li pèsiste vyole Kòd Kondwit Elèv (Code of Student Conduct, CSC) la. Nan ka sa yo, yo konsidere yon rekòmandasyon pou ekspilsyon kòm move kondwit repete. Yo defini move kondwit repete kòm vyolasyon ki repete epi ki nan dispozisyon CSC a ki te lakòz anpil referans/ensidan disiplinè (10 oswa plis) ki deranje anviwònman aprantisaj la ak/oswa fonksyònman lekòl la epi ki vyole dwa lòt elèv yo nan klas pou gen yon bon jan kalite edikasyon san deranjman. Efò administratif pou korije konpòtman ak aksyon elèv ki pa apwopriye yo atravè entèvansyon dokimante, kominikasyon ak/oswa konferans avèk paran yo, konsèy, ak mezi disiplinè pwogresif yo pa t yon reyisit.

# SEKSYON III: AVI POU ELÈV

## Politik Entènèt: Akò Itilizasyon Akseptab ak Responsab Teknoloji pou Elèv yo

SDOC pran angajman pou li bay yon anviwònman edikatif ki an sekirite, pozitif, pwodiktif, epi ki ankourajan. SDOC kwè tout elèv ta dwe gen aksè ak teknoloji (egzanp, lojisyèl, Entènèt, ak aksè rezo) lè yo aji nan yon fason responsab, efikas, koutwa, ak legal.

### *Objektif Edikatif*

Yo te etabli aksè teknoloji pou objektif edikatif epi yo pral konsistan avèk kourikoulòm distri a ak Estanda Florida yo. Tèm "objektif edikatif" gen ladan aktivite akademik ki adapte ak laj ki dirèkteman amelyore konpetans 21yèm syèk tankou kreyativite, inovasyon, panse kritik, rezolisyon pwoblèm, kominikasyon, ak kolaborasyon.

Elèv yo dwe respekte règ ki etabli nan Kòd Kondwit Elèv la ak lwa konsènan itilizasyon Entènèt ak resous rezo yo.

Elèv yo pa dwe itilize Entènèt la pou objektif komèsyal. Sa vle di yo pa dwe ofri, bay, oswa achte pwodwi oswa sèvis atravè Entènèt la nan okenn lekòl ki itilize resous distri yo.

### *Aksè Entènèt pou Elèv*

Tout elèv ap gen aksè ak Entènèt anba sipèvizyon distri a nan sal klas, sant medya, oswa laboratwa enfòmatik. Daprè Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt (Children’s Internet Protection Act, CIPA) ak Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt (Children’s Online Privacy Protection Act, COPPA), tout aksè entènèt SDOC yo filtre. Sepandan, sa pa anpeche posiblite pou sit ki pa apwopriye yo pa bloke.

Elèv yo pral itilize aksè Entènèt SDOC pou objektif edikatif sèlman epi yo p ap konsilte materyèl pwofàn oswa vilgè, defann zak ilegal, oswa defann vyolans oswa diskriminasyon kont lòt moun. Kont elèv SDOC bay yo anba sipèvizyon SDOC.

### *Itilizasyon Responsab*

Pou asire yon anviwònman edikatif ki an sekirite, pozitif, pwodiktif, epi ki ankourajan pou tout moun, elèv yo dwe demontre itilizasyon teknoloji responsab. Elèv yo pral kenbe enfòmasyon yo prive, tankou modpas yo, adrès yo, nimewo telefòn yo, dat anivèsè nesans yo ak lòt enfòmasyon ki kapab idantifye yo. Li estrikteman entèdi pou pataje enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki ka mete an danje kont yon elèv SDOC bay, menm kont ou tou. Nou ankouraje grandman elèv yo pou rapòte nenpòt moun ki eseye itilize teknoloji pou blese oswa asele lòt elèv oswa pèsonèl la oswa nenpòt moun ki mete yo malalèz.

Elèv yo pa pral konekte ak okenn kont ki pa kont pa yo oswa itilize teknoloji SDOC pou angaje nan okenn zak ilegal, tankou vann dwòg, achte alkòl, angaje nan aktivite kriminèl gang, menase sekirite yon lòt moun, sibè-asèlman, oswa sibè-entimidasyon. Li entèdi pou fè nenpòt tantativ pou kontoune pwotokòl ak sistèm sekirite ak rezo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) SDOC yo. Sa a gen ladan itilizasyon fiche egzekitab ki pa otorize. Vyolasyon yo pral sijè ak Kòd Kondwit Elèv SDOC la.

### *Itilizasyon Entèlijans Atifisyèl*

Règ 8.603 Komisyon Eskolè a defini itilizasyon akseptab zouti ak aplikasyon entèlijans atifisyèl (Artificial Intelligence, AI) nan Distri Eskolè a pou asire itilizasyon an sekirite, etik, ak responsab yo. Yo ka otorize itilizasyon AI pou objektif kourikoulòm sa vle di, pou ede elèv yo klarifye enfòmasyon oswa eksplike lide ak konsèp. Yo kapab itilize li tou pou ede elèv yo jwenn lide ak sijè pou devwa yo.
Entegrite akademik vle di si elèv la itilize AI nan nenpòt fason, alòs elèv la dwe mansyone itilizasyon AI ki gen rapò ak devwa lekòl li a, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, tèks, imaj, miltimedya, elatriye AI jenere, lè w itilize atik sa yo nan devwa lekòl ak yon devwa espesifik Itilizasyon AI tou dwe sijè ak Kòd Kondwit Elèv la si yon elèv vyole nenpòt nan itilizasyon ki entèdi ki annaprè yo la:

- Elèv yo pa dwe itilize zouti oswa aplikasyon AI pou evite fè pwòp devwa pa yo.
- Elèv yo pa dwe itilize zouti oswa aplikasyon AI lè pwofesè ki afekte ak elèv la fòmèlman entèdi itilizasyon sa a.
- Li estrikteman entèdi pou fè nenpòt move itilizasyon zouti ak aplikasyon AI, tankou pirataj oswa modifikasyon done.

### *Langaj ki pa Apwopriye*

Elèv yo dwe trete lòt moun avèk respè pandan y ap itilize langaj ki apwopriye epi fè kritik konstriktif si sa apwopriye. Elèv yo pa dwe itilize langaj ki pa apwopriye, ki asele lòt moun, yo pa dwe volontèman oswa san reflechi kominike fo enfòmasyon oswa enfòmasyon difamatwa sou yon moun oswa yon òganizasyon, pa dwe pataje mesaj prive yo voye san pèmisyon moun ki te voye yo a, pataje enfòmasyon prive sou yon lòt moun, oswa patisipe nan voye kontni seksyèl.

## *Sekirite Sistèm*

Tout elèv yo pral otorize nenpòt pwofesè, administratè, oswa pèsonèl Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology, IT) SDOC revize travay ak aktivite yo kreye sou yon aparèy lekòl la oswa rezo SDOC nenpòt ki moman. Elèv yo dwe mande pèmisyon anvan yo konekte aparèy pèsonèl yo ak rezo SDOC la epi yo pral asire distri a apwouve nenpòt aparèy yo itilize sou rezo SDOC la. IT SDOC ak pèsonèl lekòl la pa bezwen pèmisyon elèv pou jwenn aksè nan kont oswa aparèy distri a posede yo.

Elèv yo pa dwe itilize teknoloji pou jwenn aksè nan nòt elèv yo oswa dosye prive elèv yo, telechaje lojisyèl, aplikasyon, ekstansyon oswa modil konplemantè ki pa otorize sou yon aparèy lekòl la, pwopaje viris enfòmatik volontèman, oswa kontoune, detwi, deranje, modifye, oswa abize aksè nan rezo SDOC la. Vyolasyon politik la pral lakòz aksyon disiplinè daprè Kòd sa a.

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.



# Seksyon IV:

## *Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Segondè yo*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ

## Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè (Segondè)

Seksyon sa a bay ofans disiplinè ak konsekans potansyèl pou elèv segondè/aprè segondè konsènan konpòtman ki pwodwi sou pwopriyete Komisyon an; nan transpò lekòl la; nan aktivite lekòl yo, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, aprantisaj a distans, sòti eskolè, aktivite espòtif, ak aktivite ki sanble yo; epi si sa apwopriye, nenpòt lòt zòn Lwa Florida yo ak/oswa Règ Komisyon Edikasyon Eta a otorize. Ofans disiplinè elèv yo ak repons yo divize an kat nivo. Chak nivo reprezante ofans ki pwogresivman pi grav epi repons yo vin pwogresivman pi grav. Gen kèk ofans ki egzije konsiltasyon avèk fòs lòd si yo jije ofans lan se yon vyolasyon lwa eta oswa federal.

SDOC ankouraje yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay sipò nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak pèsonèl la kont kondwit ki reprezante yon gwo menas pou sekirite lekòl la. Administratè lekòl yo dwe aplike disiplin ki konsistan nan lekòl la, lè sa apwopriye, ak lè politik ak Kòd sa a otorize li. Anplis sa, daprè Seksyon 1006.09, Lwa Florida yo, direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bòn fwa pou mande asistans paran oswa lòt mezi altènatif anvan sispansyon an, eksepte nan ka ijans oswa kondisyon deranjan ki egzije sispansyon imedya oswa nan ka yon vyolasyon grav nan kondwit jan Komisyon an ak Kòd sa a defini li.

SDOC pran angajman pou li bay tout elèv yon anviwònman ki an sekirite epi chèche sipò nan men kominote a ak paran/responsab legal yo pou atenn objektif sa a. Pou sa, Seksyon 1003.04, Lwa Florida yo, prevwa paran/responsab legal chak elèv ki nan Lekòl Matènèl rive 12yèm Ane piblik dwe kolabore avèk otorite Komisyon an, SDOC, Direktè Jeneral la, Direktè a, pwofesè yo, ak chofè bis lekòl yo, pou retire elèv la nan sal klas la ak nan bis lekòl la epi, lè sa apwopriye epi si disponib, pou mete elèv la nan yon lòt anviwònman edikatif, si elèv la dezobeyisan, derespektan, vyolan, abizif, enkontwolab, oswa deranjan.

## Envestigasyon sou Disiplin Elèv

SDOC aji *in loco parentis* (Tèm laten ki vle di "nan plas paran yo") pandan yon elèv anba sipèvizyon fizik lekòl la epi li responsab pou mennen envestigasyon sou tout akizasyon sou move kondwit elèv nan jiridiksyon li an pandan l ap itilize estanda jiridik preponderans prèv. Kidonk, anplwaye SDOC yo gen otorizasyon pou fè entèvyou ak elèv yo epi pou yo jwenn deklarasyon temwen nan men elèv ki enplike nan vyolasyon Kòd la, men, nenpòt elèv ka refize patisipe nan yon envestigasyon. Li enpòtan pou sonje si konpòtman an konsidere kòm kriminèl epi kòm yon vyolasyon lwa Florida yo, responsab resous eskolè a, oswa responsab fòs lòd la, si responsab resous eskolè a pa disponib, ka patisipe nan envestigasyon an.

Paran/responsab legal yo ka mande elèv yo pou yo pa patisipe nan envestigasyon sou disiplin elèv yo san otorizasyon paran/responsab legal la. Pou fè sa, paran/responsab legal la dwe soumèt demann lan, alekri, anvan nenpòt pwoblèm disiplin rive, bay administrasyon lekòl la. Refize pou patisipe nan envestigasyon an pa anpeche SDOC kontinye envestigasyon an epi aplike yon konsekans disiplinè apwopriye daprè pwosedi ki endike nan Kòd sa a. Anplis sa, refi a pa anpeche responsab resous eskolè a, oswa responsab fòs lòd la, kontinye envestigasyon kriminèl la epi enpoze sanksyon kriminèl si sa jistifye.

Aprè envestigasyon sou disiplin lan fini, paran/responsab legal la ka mande yon kopi tout prèv dokimantè ki baze sou konsekans disiplinè yo pwopoze a; sepandan, si videyo yo disponib epi yo itilize yo kòm prèv pou rezon disiplinè, yo ka gade yo sèlman, epi yo pa pral bay okenn kopi. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan ofans disiplinè ak pwosedi yo nan seksyon Kòd sa ak nan Seksyon VI la.

Si envestigasyon sou disiplin nan fèt akòz akizasyon yon menas oswa yon konpòtman menasan, yo pral soumèt envestigasyon an bay Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la pou revizyon. Yo te etabli Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la daprè Règ 3.00 Komisyon an, Evalyasyon Menas ak Seksyon 1006.07, Lwa Florida yo.

## Disiplin Pwogresif

Yo klase kòd disiplin yo soti nan zak move kondwit ki pa grav ki deranje bon fonksyònman yon sal klas oswa yon lekòl (Nivo I) ak zak move kondwit ki pi grav (Nivo 4) ki konstitye rezon pou ekspilsyon. Ofans move kondwit ki repete yo ap lakòz konsekans ki pwogresivman pi grav pou chak vyolasyon ki vin aprè.

# SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ

## Nivo I: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo I yo se zak move kondwit ki pa grav ki deranje bon fonksyònman yon sal klas, yon aktivite lekòl, pwogram aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la, oswa transpò apwouve.

Anplwaye SDOC ki konsène a dwe entèvni nan move kondwit la. Si plis aksyon nesesè, anplwaye a dwe refere elèv la bay administratè lekòl la pou aksyon disiplinè. Aprè li fin tande eksplikasyon elèv la, fin konsilte manm pèsonèl la ak lòt elèv yo, epi fin mennen nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral deside sou aksyon disiplinè. Sispansyon pa yon repons disiplinè disponib pou vyolasyon Nivo I.

| Nivo I: Ofans | | |
|---|---|---|
| CHT | Pran poul | Itilizasyon volontè oswa entansyonèl travay yon lòt moun pou objektif akademik, oswa itilizasyon nòt oswa lòt materyèl ki pa otorize pou fè yon devwa oswa yon tès akademik (ki gen ladan devwa AI te jenere). Anplis repons disiplinè yo, elèv la ka pa resevwa kredi pou devwa, tès, oswa egzamen an selon diskresyon pwofesè a. |
| DIS | Mank respè | Konpòtman ki manke konsiderasyon, sivilite, politès, ak/oswa koutwazi fas ak yon elèv, anplwaye SDOC, volontè, oswa pèsonèl ki gen kontra. **Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, pawòl oswa konpòtman ensiltan oswa gwosye.* |
| DCV | Kòd Abiman | Pa respekte kòd abiman SDOC etabli. |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon aparèy elektwonik, ki ka gen ladann, men se pa sa sèlman, telefòn selilè, ekoutè, telefòn entèlijan, mont entèlijan, lektè MP3, iPod, lektè elektwonik, tablèt, laptop, ak lòt aparèy elektwonik. |
| FRD | Pa Prezan nan Detansyon | Pa prezan nan disiplin yo ba w la. |
| FMI | Enfòmasyon ki Fo ak/oswa ki Twonpè | Bay entansyonèlman yon anplwaye SDOC, yon pèsonèl ki gen kontra, oswa yon volontè enfòmasyon ki fo oswa ki twonpè, oswa kenbe enfòmasyon ki valab, san yo pa lakòz yon deranjman nan anviwònman lekòl la. |
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de oswa plis elèv. |
| OTH | Lòt Move Kondwit | Nenpòt lòt zak move kondwit ki pa grav ki ka deranje bon fonksyònman yon sal klas, yon pwogram lekòl, yon aktivite lekòl, pwogram aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la, oswa transpò apwouve epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo I. * *Sa a pa enkli okenn move kondwit ki ta ka klase kòm yon Gwo Deranjman sou Kanmpous (DOC) Nivo IV.* |
| PRO | Langaj/Materyèl Pwofàn, Vilgè, oswa Abizif | Itilizasyon swa langaj oral oswa ekri, oswa jès, ki derespektan oswa sosyalman inakseptab epi ki pa dirije kont yon lòt moun. * *Seksyon sa a pa enkli langaj ki menasan oswa entimidan.* |
| TAC | Reta nan klas | Reta repete nan klas, pa nan lekòl la.<br>**Sa a pa enkli reta nan lekòl la. Reta repete nan lekòl la ka konstitiye yon absans eskolè daprè Seksyon 984.151, Lwa Florida yo ak Règ 5.00 Komisyon an, Prezans Elèv.* |
| UAS | Absans San Otorizasyon nan Lekòl oswa nan Klas | Yon elèv ki rive nan lekòl la epi aprèsa li kite kanmpous lekòl la, gen absans tanporè san otorizasyon nan klas la, oswa pa asiste yon klas espesifik. |
| UBL** | Entimidasyon ki pa Fonde** | Aprè yon envestigasyon konplè ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo te rapòte, envestigatè a detèmine pa gen ase prèv pou pwouve ensidan an satisfè kritè pou yon zak ki entèdi daprè definisyon entimidasyon ki endike nan lwa Jeffery Johnston pou Defans Tout Elèv (Seksyon 1006.147, Lwa Florida yo). Ofans sa a se pou objektif dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florida mande sa; yo pa bay okenn konsekans disiplinè. |
| UHR** | Arasman ki pa Fonde | Aprè yon envestigasyon konplè ak swivi sou yon ensidan arasman yo te rapòte, envestigatè a detèmine pa gen ase prèv pou pwouve ensidan an satisfè kritè pou yon zak ki entèdi daprè definisyon arasman ki endike nan lwa Jeffery Johnston pou Defans Tout Elèv (Seksyon 1006.147, Lwa Florida yo). Ofans sa a se pou objektif dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florida mande sa; yo pa bay okenn konsekans disiplinè. |

## Nivo I: Konsekans

1. **Avi pou paran/responsab legal***
2. **Konsèy ak enstriksyon***
3. Reprimand vèbal
4. Pratik Restorasyon
5. Afektasyon espesyal travay
6. Retire privilèj
7. Detansyon
8. Referans nan pwogram entèvansyon
9. Konfiskasyon materyèl, objè, oswa kontrebann ki pa otorize
10. Kontra konpòtman
11. Plas ki afekte
12. Plan sipèvizyon
13. Referans konseyè
14. Chanjman orè
15. Akò Absans~~kontak~~
16. Referans nan sèvis sante mantal
17. Avètisman referans nan Nivo II

**Konsekans Obligatwa*

# SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ

## Nivo II: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo II yo se zak move kondwit ki pi grav pase ofans Nivo I yo. Ofans Nivo II yo ka gen ladan yo zak move kondwit repete nan Nivo I ak zak ki dirije kont moun oswa pwopriyete ki pa gravman mete an danje sante oswa sekirite lòt moun.

Yo dwe rapòte move kondwit la bay administratè lekòl apwopriye a pou plis envestigasyon. Aprè li fin tande eksplikasyon elèv la, fin konsilte manm pèsonèl la ak lòt elèv yo, epi fin mennen nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi ki deziyen pou vyolasyon Nivo II a pou mennen envestigasyon sou zafè a epi deside sou aksyon disiplinè pwogresif la. Sispansyon andeyò lekòl la pa yon repons disiplinè disponib pou vyolasyon Nivo II.

| Nivo II: Ofans | | |
|---|---|---|
| DIS | Mank respè | Konpòtman repete ki manke konsiderasyon, sivilite, politès, ak/oswa koutwazi fas ak yon elèv, anplwaye SDOC, volontè, oswa pèsonèl ki gen kontra. **Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, langaj ki pa apwopriye ki dirije kont lòt moun ki pa pwofàn.* |
| DCV | Kòd Abiman | Pa respekte kòd abiman SDOC etabli. (Dezyèm ak ofans ki vin aprè). |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon aparèy elektwonik repete; aksè san otorizasyon nan pwogram oswa fichye elèv pa dwe itilize sou yon aparèy elektwonik oswa rezo SDOC (sa vle di, jwèt); pataje non itilizatè ak modpas yon lòt moun; oswa bay entansyonèlman aksè ak yon lòt moun pou itilize aparèy elèv la pandan elèv la konekte. |
| FMI | Enfòmasyon ki Fo ak/oswa ki Twonpè | Bay entansyonèlman yon anplwaye SDOC, yon pèsonèl ki gen kontra, oswa yon volontè enfòmasyon ki fo oswa ki twonpè, oswa kenbe enfòmasyon ki valab, san yo pa lakòz yon deranjman nan anviwònman lekòl la. |
| FIL | Goumen | Patisipe nan yon altèkasyon ki enplike vyolans fizik. |
| FOR | Fwod<br>(Ki pa kriminèl) | Kreye oswa repwodwi siyati oswa dokiman yon lòt moun pou objektif fwod.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, siyen yon dokiman avèk siyati paran/responsab legal ou san pèmisyon.* |
| OMC | Jwèt aza<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Nenpòt patisipasyon ilegal nan jwèt (oswa aktivite) chans pou lajan ak/oswa lòt bagay ki gen valè. |
| GRA | Aktivite/Aparèy/Aparans ki gen rapò ak gang | Posesyon, itilizasyon oswa afichaj atik ki asosye ak aktivite gang, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, rad ak akseswa, ensiy ki gen rapò ak gang, ekri, siy, oswa senbòl ki ankouraje afilyasyon ak/oswa enplikasyon nan gang. |
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de oswa plis elèv epi ki reprezante yon risk pou yo blese akòz jwèt danjere a. |
| INU/ DEF | Dezobeyisans/ Rezistans Flagran | Refi vèbal oswa non-vèbal pou respekte règ lekòl la oswa enstriksyon yon anplwaye SDOC, pèsonèl ki gen kontra, oswa volontè san sa pa lakòz yon deranjman oswa okenn lòt zak. |
| OMC | Lòt Move Kondwit Grav | Nenpòt lòt zak move kondwit ki pi grav, ki pi nwizib, oswa ki konstitiye yon egzanp ki pi deranjan nan youn nan ofans ki dekri nan Nivo I an, epi ki ka deranje bon fonksyònman lekòl la, transpò lekòl la, oswa aktivite lekòl la epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo II. **Sa a pa enkli okenn move kondwit ki ta ka klase kòm yon Gwo Deranjman sou Kanmpous (DOC) Nivo IV.* |
| MBT | Altèkasyon Fizik / Agresyon Senp | Kontak fizik ki pa gwo ant de oswa plis elèv, tankou pouse, bouskile, oswa yon diskisyon ki sispann anba lòd vèbal. |
| SLT | Vòl (mwens pase $375) | Pran pwopriyete yon lòt moun san otorizasyon moun nan. |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladann menas non-vèbal ak menas vèbal sou blesi fizik ki fèt an pèsòn, elektwonikman oswa atravè nenpòt lòt mwayen. "Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. **Sa a gen ladan menas pou frape, goumen, oswa bat yon lòt moun san yon plan ak/oswa lòt aksyon.* |

## Nivo II: Ofans

| | | |
|---|---|---|
| UAA | Rasanbleman/ Piblikasyon san Otorizasyon | Demonstrasyon ak/oswa petisyon elèv, oswa posesyon ak/oswa distribisyon piblikasyon ki pa otorize, ki gen ladan move itilizasyon mesaj elektwonik oswa òdinatè, ki deranje bon fonksyònman anviwònman lekòl la, yon aktivite lekòl la oswa yon aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la. |
| VAL | Devastasyon/ Destriksyon Pwopriyete (mwens pase $100) | Devastasyon volontè oswa malveyan pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl la, oswa pwopriyete lòt moun. |

## Nivo II: Konsekans

1. **Avi pou paran/responsab legal***
2. **Konsèy ak enstriksyon***
3. Kontra/plan konpòtman
4. Pratik Restorasyon
5. ISS (1-10 jou)
6. Afektasyon espesyal travay
7. Detansyon
8. Referans konseyè
9. Konfiskasyon materyèl ki pa otorize
10. Rekiperasyon pwopriyete
11. Sispansyon nan bis (1-10 jou)
12. Referans nan pwogram entèvansyon
13. Lòt Sal klas
14. Plan sipèvizyon
15. Chanjman orè
16. Akò Absans kontak
17. Retire tanporèman oswa patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la
18. Referans nan sèvis sante mantal
19. Avètisman pou referans nan Nivo III

**Konsekans Obligatwa*

# SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ

## Nivo III: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo III yo se gwo zak move kondwit ki deranje bon fonksyònman lekòl la, aktivite lekòl la, oswa transpò lekòl la ki menase sante, sekirite, ak pwopriyete lòt moun. Ofans Nivo III yo ka gen ladan yo zak move kondwit repete nan Nivo II.

Yo dwe rapòte imedyatman move kondwit la bay administratè lekòl la pou plis envestigasyon. Aprè li fin tande eksplikasyon elèv la, fin konsilte manm pèsonèl la ak lòt elèv yo, epi fin mennen nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi ki deziyen pou vyolasyon Nivo III a pou mennen envestigasyon sou zafè a epi deside sou aksyon disiplinè pwogresif la, ki ka lakòz yo retire elèv la imedyatman nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la.

| Nivo III: Ofans | | |
|---|---|---|
| DIS | Mank respè | Kondwit oswa konpòtman ki manke konsiderasyon, sivilite, politès, ak/oswa koutwazi fas ak yon elèv, anplwaye SDOC, volontè, oswa pèsonèl ki gen kontra.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, langaj ak/oswa jès ki abizif ak/oswa pwofàn ki dirije kont yon lòt moun.* |
| DRP | Kondwit Deranjan | Kondwit oswa konpòtman ki deranje bon pwosesis ansèyman/aprantisaj, anviwònman lekòl, aktivite lekòl, oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la. **Sa a pa gen ladann konpòtman ki ta konsidere kòm yon Nivo IV, Lòt; Nivo IV, Gwo Deranjman sou Kanmpous, oswa Nivo IV Deranjman Operasyon Kanmpous yo.* |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon kontinyèl aparèy elektwonik yo, ki pa gen nati edikatif; modifikasyon san otorizasyon nan konfigirasyon lojisyèl/materyèl aparèy elektwonik (sa vle di reyinisyalize yon aparèy Distri a); aksè san otorizasyon nan pwogram ak/oswa fichye elèv pa dwe itilize sou yon aparèy elektwonik oswa rezo SDOC. **Seksyon sa a pa gen ladann imaj, videyo, mesaj, elatriye, ki ka klase kòm yon lòt ofans (sa vle di menas, imaj/videyo ki gen nidite).* |
| EXT | Ekstòsyon/Chantaj | Menas volontè oswa malveyan pou lakòz domaj, blesi, oswa vyolans sou moun, pwopriyete, oswa repitasyon yon lòt moun pou jwenn lajan, enfòmasyon, sèvis, oswa atik ki gen valè materyèl.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, menas pou akize yon lòt moun pou yon ofans oswa krim ki pa grav pou ka jwenn lajan manje.* |
| FIT | Goumen<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Lè de oswa plis moun patisipe ansanm nan itilizasyon fòs oswa vyolans fizik ki nesesite swa entèvansyon fizik oswa lakòz blesi ki nesesite premyè swen oswa atansyon medikal." [Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida](). <br>**Remak: Si yon elèv pa ka kite zòn yon atak ki sou wout pou rive, li ka itilize oto-defans. Oto-defans se yon aksyon yon moun pran ki nesesè pou pwoteje tèt li oswa lòt moun kont domaj grav kòporèl. Oto-defans ka gen ladan mande yon adilt èd, kenbe oswa bloke atakè a, pwoteje tèt ou oswa lòt moun kont yon kou, oswa pouse pou elwaye atakè a. Sepandan, vanjans lè w frape yon moun (sa vle di, bay kout pwen, kalòt, oswa kout pye) oswa chwazi pa vire w ale apre w fin gen opòtinite pou vire ale, ka konsidere kòm yon goumen.** **nan yon aksyon disiplinè, gen yon sipozisyon kontestab kote aksyon yon elèv ki te entèvni, te itilize sèlman yon kantite fòs ki nesesè, pou kanpe yon zak vyolan kont yon elèv, pèsonèl, oswa volontè te nesesè pou retabli oswa kenbe sekirite lòt moun.* [*Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo*](). |
| FWK | Peta/ Fedatifis | Posesyon, lavant, oswa estokaj fedatifis oswa peta ki pa limen san otorizasyon sou pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl, ak/oswa nan yon aktivite lekòl. |
| GRA | Aktivite /Aparèy/ Aparans ki gen rapò ak gang | Kondwit oswa konpòtman ki gen tandans ankouraje aktivite gang, pwovoke vyolans, oswa seryezman deranje bon fonksyònman pwogram lekòl la, nenpòt aktivite lekòl la oswa sèvis transpò, ki gen ladan men se pa sa sèlman posesyon, itilizasyon oswa afichaj materyèl gang, bijou, tatou, rad, oswa lòt ensiy ak ekri ki ankouraje afilyasyon/enplikasyon nan gang/itilizasyon siy oswa senbòl ki gen rapò ak gang oswa nenpòt lòt konpòtman ki asosye ak gang. |
| INU | Dezobeyisans Grav/ Rezistans Flagran | Refi volontè pou soumèt oswa respekte otorite; montre mepri oswa rezistans ouvè kont yon lòd dirèk; opoze ak otorite yon anplwaye SDOC, pèsonèl ki gen kontra, oswa volontè nan prezans lòt moun sa ki lakòz yon deranjman. |

| Nivo III: Ofans | | |
|---|---|---|
| HAR | Asèlman<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Nenpòt jès menasan, ensiltan, oswa dezimanizan, itilizasyon done oswa lojisyèl enfòmatik, oswa nenpòt kondwit ekri, vèbal, oswa fizik ki mete yon elèv SDOC oswa yon anplwaye lekòl nan yon pè rezonab pou sibi domaj sou tèt li oswa pwopriyete li, ki gen efè pou deranje pèfòmans edikatif, opòtinite, oswa avantaj yon elèv, oswa ki deranje bon fonksyònman yon lekòl ki gen ladan nenpòt kondwit ki dirije kont yon moun espesifik ki lakòz gwo detrès emosyonèl kay moun sa a epi ki pa gen okenn objektif lejitim." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de oswa plis elèv epi ki gen blesi akòz jwèt danjere a. Nenpòt jwèt danjere ki lakòz blesi grav kote gen nesesite pou swen medikal ka lakòz yon ofans Nivo IV. |
| ILO | Òganizasyon Ilegal | Etabli oswa patisipe nan yon sosyete sekrè sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl, ak/oswa nan yon aktivite lekòl. |
| OMC | Lòt Move Kondwit Grav | Nenpòt lòt zak move kondwit ki pi grav, ki pi nwizib, oswa ki konstitiye yon egzanp ki pi deranjan nan youn nan ofans ki dekri nan Nivo II a, epi ki ka deranje bon fonksyònman lekòl la, transpò lekòl la, oswa aktivite lekòl la epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo III. Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, pèsaj kòporèl; bay manm pèsonèl yo enfòmasyon ki fo/ki twonpè; oswa langaj ki gen entansyon oswa rezonabman kalkile pou ensilte ak/oswa ensite yon lòt moun. * *Sa a pa enkli okenn move kondwit ki ta ka klase kòm yon Gwo Deranjman sou Kanmpous (DOC) Nivo IV.* |
| PCM | Posesyon Materyèl kontrebann | Posesyon, itilizasyon, ak/oswa distribisyon materyèl oswa atik, ki pa zam oswa zam afe, ki entèdi. Paran/responsab legal la ap fè aranjman pou pran objè a nan lekòl la, si sa aplikab. Nan okenn moman SDOC p ap responsab pou vòl, pèt oswa domaj nan atik kontrebann yo pote sou pwopriyete li a. |
| PHA | Agresyon Senp<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Frape yon lòt moun kont volonte li entansyonèlman san blese li.<br>Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Seksyon sa a pa gen ladan blesi yon goumen te lakòz si moun ki enplike yo te angaje yo nan goumen an volontèman.* |
| STL | Vòl<br>(soti nan $375 pou rive nan $749) | Pran pwopriyete yon lòt moun san otorizasyon moun nan. |
| UNE | Antre San Otorizasyon nan Pwopriyete SDOC | Antre oswa rete nan lakou/kanmpous lekòl la, nan transpò lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la esponnsorize/andeyò kanmpous la, san otorizasyon oswa envitasyon epi san rezon legal pou antre. Sa a aplike sèlman pou ensidan ki pa te gen yon avètisman ofisyèl alavans, ki pa te lakòz yon arestasyon, oswa ki pa te enplike elèv ki anba sispansyon oswa ekspilsyon. |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladann menas non-vèbal ak menas vèbal sou blesi fizik ki fèt an pèsòn, elektwonikman oswa atravè nenpòt lòt mwayen." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan menas pou frape, goumen, oswa bat yon lòt moun avèk yon plan ak/oswa lòt aksyon, oswa touye yon lòt moun san yon plan ak/oswa lòt aksyon.* |
| TBC | Itilizasyon/<br>Posesyon Tabak<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Posesyon oswa itilizasyon pwodwi tabak oswa nikotin nan lakou lekòl la, nan evènman lekòl la esponnsorize, oswa nan transpò lekòl la. Ensidan ki gen rapò ak tabak pa ka konsidere kòm ensidan ki gen rapò ak dwòg. Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan itilizasyon pwodwi sigarèt elektwonik ki gen nikotin, atik yo konsidere kòm sa yo, ansanm ak lòt atik ki ka gen ladan yo, men se pa sa sèlman, sigarèt elektwonik, lwil kanabidyòl (Cannabidiol, CBD), sigarèt elektwonik juuls, katouch ki gen likid pou fimen, vaporizatè ak plim chicha ki pa gen tetrayidwokanabinòl (Tetrahydrocannabinol, THC) oswa lòt sibstans ilegal kontwole.* |
| VAN | Devastasyon/<br>Destriksyon Pwopriyete<br>(soti nan $100 pou rive nan $999) | Devastasyon volontè oswa malveyan pwopriyete Komisyon an, transpò lekòl la, oswa pwopriyete lòt moun. |

## Nivo III: Konsekans

1. **Avi pou paran/responsab legal***
2. **Konsèy ak enstriksyon***
3. Kontra/plan konpòtman
4. Pratik Restorasyon
5. Rekiperasyon pwopriyete
6. ISS (1-10 jou)
7. Sispansyon nan bis (1-10 jou)
8. Sispansyon nan lekòl (1-10 jou)
9. Detansyon
10. Retire yon fason tanporè oswa pèmanan nan patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la
11. Lòt klas
12. Referans nan pwogram entèvansyon
13. Konfiskasyon materyèl, objè, oswa kontrebann ki pa otorize
14. Chanjman orè
15. Plan sipèvizyon
16. Akò Absans kontak
17. Referans konsèy
18. Referans nan sèvis sante mantal
19. Avètisman pou referans nan Nivo IV

**Konsekans Obligatwa*

# SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU SEGONDÈ

## Nivo IV: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo IV yo se zak move kondwit ki pi grav epi yo konstitye rezon pou ekspilsyon. Ofans Nivo IV yo ka gen ladan zak move kondwit repete nan Nivo III. Nenpòt aksyon Nivo IV dwe lakòz yon sispansyon 10 jou avèk yon rekòmandasyon potansyèl pou ekspilsyon.

Yo dwe rapòte imedyatman gwo zak move kondwit yo bay administratè lekòl la pou plis envestigasyon. Aprè li fin tande eksplikasyon elèv la, fin konsilte manm pèsonèl la ak lòt elèv yo, epi fin mennen nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi ki deziyen pou vyolasyon Nivo IV la pou mennen envestigasyon sou zafè a epi pral refere Nivo IV la bay pèsonèl distri a pou plis revizyon.

Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida egzije distri eskolè yo pou yo kòde kòrèkteman ensidan ki kont lalwa oswa ki reprezante vyolasyon grav nan Kòd sa a. Yo idantifye ensidan sa yo ki dwe rapòte bay SESIR ak/oswa Fòs Lòd yo nan Kòd Kondwit Elèv la ak kòd twa lèt ki idantifye ensidan SESIR yo. Lè plizyè ensidan rive nan menm tan ak nan menm andwa, ensidan ki te lakòz plis blesi oswa pi gwo pèt pwopriyete oswa depans monetè a ta dwe sa ki pou rapòte a. Yo ka refere elèv ki komèt yon ofans Nivo IV ki pa SESIR bay otorite lokal yo pou plis envestigasyon.

| Nivo IV: Ofans | | |
|---|---|---|
| BAT | Agresyon Grav<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Yon agresyon kote agresè a entansyonèlman oswa volontèman lakòz blesi pi grav tankou: gwo domaj kòporèl, andikap pèmanan, oswa defigirasyon pèmanan; itilize yon zam ki ka touye moun; oswa, kote agresè a te konnen oswa te dwe konnen viktim nan te ansent. Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladann lanmò oswa blesi ki prezante yon gwo risk pou lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje ak vizib, oswa pèt pwolonje oswa andikap fonksyon yon manm, ògàn, oswa fakilte mantal.* |
| ALC | Alkòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Posesyon, lavant, acha, distribisyon, oswa itilizasyon bwason ki gen alkòl. Itilizasyon vle di yo kenbe moun nan ap itilize li, li admèt itilizasyon an, oswa yo dekouvri l ap itilize li pandan yon envestigasyon. Ensidan ki gen rapò ak alkòl pa ka konsidere kòm ensidan ki gen rapò ak dwòg." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| ARS | Mete dife volontèman nan yon pwopriyete<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Entansyonèlman domaje oswa lakòz domaj, atravè dife oswa eksplozyon, nan nenpòt kay, batiman, oswa veyikil, kit yo okipe oswa non, oswa sa ki ladan yo." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| BUL | Asèlman<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Fè youn oswa plis elèv oswa anplwaye sibi sistematikman ak nan yon fason kwonik blesi fizik oswa estrès sikolojik. Entimidasyon gen ladan ka sibè-entimidasyon, jan sa defini nan Seksyon 1006.147(3)(b), Lwa Florida yo. Entimidasyon ka gen ladan, men se pa sa sèlman, ka mokri repete, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, asèlman, vyolans fizik, vòl, arasman, imilyasyon piblik oswa prive, oswa destriksyon pwopriyete. Si domaj fizik la oswa estrès sikolojik la se pa rezilta konpòtman sistematik oswa kwonik, evalye pou Arasman. Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Entimidasyon an gen ladan konpòtman entimidasyon ki repete, entansyonèl, epi ki enplike yon dezekilib pouvwa.*<br>** Disiplin repete ki gen yon lòt nati (tankou goumen repete ak menm moun nan) ka konstitye entimidasyon.* |
| BRK | vòlè<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Antre ilegal oswa rete nan yon kay, batiman, oswa veyikil ak entansyon pou komèt yon krim ladan li." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| VAN | Malveyans Kriminèl ($1000 oswa plis)<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Blese oswa domaje entansyonèlman ak nan yon fason malveyan, pa nenpòt mwayen, nenpòt pwopriyete reyèl oswa pèsonèl yon lòt moun, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, aplikasyon grafiti oswa lòt zak destriksyon." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |

| Nivo IV: Ofans | | |
|---|---|---|
| DOC | Gwo Deranjman sou Kanmpous<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Gwo deranjman nan tout oswa yon pati enpòtan nan aktivite kanmpous la, evènman lekòl la esponnsorize, ak transpò bis lekòl la. Konpòtman deranjan ki reprezante yon gwo menas pou anviwònman aprantisaj, sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun. Egzanp gwo deranjman yo enkli menas bonm, ankourajman manifestasyon vyolan, oswa siyalman fo alèt.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| DRU | Itilizasyon/ Posesyon Dwòg<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Itilizasyon oswa posesyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans kontwole, oswa nenpòt sibstans ki itilize pou entoksikasyon chimik. Itilizasyon vle di yo kenbe moun nan ap itilize li, li admèt itilizasyon an, oswa yo dekouvri l ap itilize li pandan yon envestigasyon.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| DRD | Distribisyon/ Lavant Dwòg<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Fabrikasyon, kiltivasyon, acha, lavant oswa distribisyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans kontwole oswa nenpòt sibstans ki reprezante kòm yon dwòg, nakotik, oswa sibstans kontwole.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan lavant oswa distribisyon ilegal dwòg.* |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Itilize san otorizasyon pwogram ak/oswa fichye elèv pa dwe itilize sou yon aparèy elektwonik oswa rezo SDOC; oswa nenpòt itilizasyon ki vyole politik Komisyon an, lwa ak règleman lokal, eta ak/oswa federal.<br>*Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, jwenn aksè nan rezo SDOC avèk entansyon pou fè mal oswa modifye dosye, oswa gen imaj, videyo, mesaj, elatriye, sou yon aparèy distri a bay ki pa pataje ak lòt moun (sa vle di, imaj/videyo ki gen nidite).* |
| STL | Gwo Vòl ($750 oswa plis)<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Pran san otorizasyon pwopriyete yon lòt moun oswa yon òganizasyon, ki gen ladann veyikil ki gen motè, ki gen yon valè $750 oswa plis, san menas, vyolans, oswa blesi kòporèl. Vòl pwopriyete ki gen nenpòt valè ki enplike yon itilizasyon fòs, vyolans, atak, oswa fè viktim nan pè dwe rapòte kòm vòl kalifye. Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a pa gen ladann pran avèk vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè (Gade 4M Vòl).* |
| HAZ | Pratik entegrasyon imilyan<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Nenpòt aksyon oswa sitiyasyon ki mete an danje sante mantal oswa fizik oswa sekirite yon elèv nan yon lekòl ki gen klas soti depi nan 6yèm ane pou rive nan 12yèm ane pou rezon inisyasyon oswa admisyon oswa afilyasyon ak nenpòt òganizasyon lekòl la sanksyone. Pratik entegrasyon imilyan gen ladan men se pa sa sèlman presire, kontrenn, oswa fòse yon elèv patisipe nan konpòtman ilegal oswa danjere, oswa nenpòt britalite ki gen nati fizik, tankou fwètman, kou, makaj, oswa ekspozisyon ak kondisyon metewolojik ekstrèm.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| HOM | Omisid<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Touye yon lòt moun san rezon valab.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan touye moun, omisid envolontè.* |
| IGN | Mete dife | Dife entansyonèl ki pa lakòz gwo domaj. *Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, elèv ki mete dife nan yon poubèl oswa elèv ki boule papye/objè ki pa gwo.* |
| KID | Kidnaping<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | “Fèmen, anlve, oswa anprizone yon lòt moun avèk fòs, an kachèt, oswa anba menas kont volonte li epi san otorite legal.” Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. **Sa a gen ladann anlèvman yon moun.* |
| ODO | Lòt Objè Danjere | Posesyon, lavant, oswa kontwòl nenpòt enstriman oswa objè, ki pa yon zam afe oswa zam jan sa defini nan yon ofans posesyon zam Nivo IV, ki ta ka itilize pou blese yon lòt moun oswa pou entimide nenpòt moun.<br>**Ofans sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, zam ki tire ak mab (Ball Bearing, BB) oswa zam ak plon, zam airsoft (jwèt), zam paintball (jwèt), ak replik nenpòt zam, zam dlo/mab jèl, chenn, tiyo, zouti yo plis itilize nan kay, lam razwa, Kouto katon ki gen lam ki ka ratresi/kouto itilitè, pik glas, lòt enstriman pwent fen, nun chucks, zetwal chinwa, esprey pwav, zam netralizasyon elektrik, objè yo itilize pou oto-defans (egzanp kubaton), minisyon, chajè zam afe, katouch zam afe. Ofans sa a gen ladan tou mete dife nan fedatifis/peta.* |

| Nivo IV: Ofans | | |
|---|---|---|
| OMC | Lòt Gwo Ofans<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Nenpòt ensidan grav, danjere ki lakòz nesesite pou konsiltasyon fòs lòd ki pa te klase deja. Sa a gen ladan nenpòt dwòg oswa zam yo jwenn poukont li epi ki pa lye ak okenn moun; ensidan sa yo dwe klase ak eleman ki apwopriye ki gen rapò (tankou ki gen rapò ak Dwòg oswa ki gen rapò ak Zam) epi yo dwe rapòte enplikasyon nan ensidan an kòm enkoni." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| RMC | Move Kondwit Repete nan yon Nati ki pi Grav | Move kondwit repete, ki ka deranje konsiderabman bon fonksyònman yon sal klas, lekòl, transpò lekòl, ak/oswa aktivite lekòl. Rekòmandasyon pou ekspilsyon konsènan move kondwit repete dwe baze sou referans dokimante ak yon varyete estrateji entèvansyon. |
| ROB | Vòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Pran oswa eseye pran lajan oswa lòt pwopriyete moun oswa ki sou responsabilite moun nan avèk entansyon pou nan yon fason pèmanan oswa tanporè retire lajan an oswa lòt pwopriyete a nan men moun nan oswa pwopriyetè a nan sikonstans konfwontasyon ki enplike fòs, menas fòs, oswa vyolans, ak/oswa fè viktim nan pè. Yon diferans kle ant Gwo Vòl ak Vòl Kalifye se Vòl Kalifye a enplike vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| SXA | Agresyon Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Yon ensidan ki gen ladan manyen ki pa apwopriye, libète endesan, pedofili, oswa menas vyòl. Ni gason ni fi ka viktim agresyon seksyèl." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| SXB | Agresyon Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Penetrasyon oral, nan dèyè, oswa nan vajen fòse oswa tantativ pou fè penetrasyon oral, nan dèyè, oswa nan vajen avèk yon ògàn seksyèl oswa yon objè ki sanble ak yon ògàn seksyèl, oswa penetrasyon nan dèyè oswa nan vajen yon lòt moun avèk nenpòt pati kò oswa objè etranje. Ni gason ni fi ka viktim agresyon seksyèl." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| SXH | Arasman Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Kondwit endezirab ki gen nati seksyèl, tankou avans seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak lòt kondwit vèbal, non-vèbal, oswa fizik ki gen yon nati seksyèl. Kondwit arasman ka gen ladan aksyon vèbal oswa non-vèbal, ki gen ladan deklarasyon grafik ak ekri, epi ka gen ladan deklarasyon ki fèt atravè òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki konekte ak Entènèt. Anplwaye lekòl yo, lòt elèv, oswa moun eksteryè lekòl la ka gen kondwit sa." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida. |
| SXO | Ofans Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Lòt kontak seksyèl, ki gen ladan sèks, san fòs oswa menas fòs. Enpoze yon moun jès seksyèl vilgè, aktivite seksyèl, oswa ekspoze pati kò prive nan yon fason chokan." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan vilgarite, ak ekspozisyon endesan.* |
| PHA | Agresyon Senp<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Entansyonèlman manyen oswa frape yon lòt moun kont volonte li, oswa entansyonèlman lakòz blesi kòporèl ak yon moun." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida Florida.<br>**Sa a gen ladann ensidan ki nesesite premyè swen imedya oswa atansyon medikal ki vin aprè. Sa a pa gen ladann lanmò oswa blesi ki prezante yon gwo risk pou lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje ak vizib, oswa pèt pwolonje oswa andikap fonksyon yon manm, ògàn, oswa fakilte mantal. (Gade 4D Agresyon Grav)* |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladann menas non-vèbal ak menas vèbal sou blesi fizik ki fèt an pèsòn, elektwonikman, oswa atravè nenpòt lòt mwayen." Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida.<br>**Sa a gen ladan menas pou touye avèk yon plan ak/oswa lòt aksyon.* |
| DOC | Menas kont yon Lekòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Nenpòt menas dirèk oswa endirèk ki reprezante yon menas grav pou lekòl la oswa ki ka deranje fonksyònman kanmpous lekòl la, evènman lekòl la esponnsorize, ak transpò bis lekòl la, men se pa sa sèlman, menas ki fèt nan yon fason vèbal oswa non-vèbal atravè aksyon, atravè medya sosyal, oswa atravè tèks.<br>**Yo konsidere zak ki reprezante yon menas kont sekirite lekòl la kòm zewo tolerans daprè Seksyon 1006.07 ak 1006.13, Lwa Florida yo.* |

## Nivo IV: Ofans

| | | |
|---|---|---|
| TBC | Tabak/Sigarèt Elektwonik/Nikotin/ Lavant/Acha/ Distribisyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Lavant, acha, distribisyon pwodwi tabak oswa nikotin sou lakou lekòl la, nan aktivite lekòl la esponnsorize, oswa nan transpò lekòl la. Ensidan ki gen rapò ak tabak pa ka konsidere kòm ensidan ki gen rapò ak dwòg. [Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida](#).<br>**Sa a gen ladan itilizasyon pwodwi sigarèt elektwonik ki gen nikotin, atik yo konsidere kòm sa yo, ansanm ak lòt atik ki ka gen ladan yo, men se pa sa sèlman, sigarèt elektwonik, lwil kanabidyòl (Cannabidiol, CBD), sigarèt elektwonik juuls, katouch ki gen likid pou fimen, vaporizatè ak plim chicha ki pa gen tetrayidwokanabinòl (Tetrahydrocannabinol, THC) oswa lòt sibstans ilegal kontwole.* |
| TRS | Vyolasyon Pwopriyete<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Antre oswa rete nan lakou/kanmpous lekòl la, nan transpò lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la esponnsorize/andeyò kanmpous la san otorizasyon oswa envitasyon epi san rezon legal pou antre. Sèlman ensidan ki enplike yon elèv ki aktyèlman anba sispansyon oswa ekspilsyon, oswa ensidan kote nenpòt otè ofans (elèv oswa moun ki pa elèv) te deja resevwa yon avètisman ofisyèl sou entèdiksyon aksè nan men responsab lekòl yo, oswa kote yo te arete nenpòt otè ofans pou vyolasyon." [Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida](#). |
| VIO | Vyolasyon Plan Reyentegrasyon Prekòs | Nenpòt zak oswa seri zak, ki vyole oswa ki gen efè pratik pou vyole yon plan reyentegrasyon prekòs aprè eksklizyon/ekspilsyon konplè. |
| WPO | Posesyon Zam<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | "Posesyon yon zam afe oswa nenpòt enstriman oswa objè jan Seksyon [790.001(6) ak (13)](#), Lwa Florida yo defini, ki ka lakòz yon lòt moun blese grav oswa ki ka fè moun nan rezonabman pè pou yon domaj grav." [Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida](#). |

## Nivo IV: Konsekans

**Elèv yo pral resevwa konsekans lekòl la ak konsekans distri a pou tout ofans Nivo IV.**

**Konsekans Lekòl la**

1. **Avi pou paran/responsab legal***
2. **Konsèy ak enstriksyon***
3. **Jiska yon sispansyon 10 jou avèk yon rekòmandasyon pou ekspilsyon***
4. **Kontakte Distri a pou yon Reyinyon Ekip Disiplin***
5. Retire yon fason tanporè oswa pèmanan nan patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la, egzanp, ki enkli, men pa sa sèlman, seremoni gradyasyon
6. Pratik Restorasyon
7. Chanjman orè
8. Plan sipèvizyon
9. Akò Absans kontak
10. Referans konsèy

**Konsekans Distri a**

1. Ekspilsyon nan distri eskolè a
2. Afektasyon nan yon lòt lekòl
3. Referans nan yon pwogram entèvansyon
4. Ekspilsyon bis
5. Referans nan sèvis sante mantal

**Konsekans Obligatwa*



THE SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, FL
1887

# Seksyon V:

## *Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Elemantè yo*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ

## Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè (Elemantè)

Seksyon sa a bay ofans disiplinè ak konsekans potansyèl pou elèv Elemantè konsènan konpòtman ki pwodwi sou pwopriyete Komisyon an; nan transpò lekòl la; nan aktivite lekòl yo, ki gen ladan, men se pa sa sèlman aprantisaj a distans, sòti eskolè, aktivite espòtif, ak aktivite ki sanble yo; epi si sa apwopriye, nenpòt lòt zòn Lwa Florida yo ak/oswa Règ Komisyon Edikasyon Eta a otorize. Ofans disiplinè elèv yo ak repons yo divize an kat nivo. Chak nivo reprezante ofans ki pwogresivman pi grav epi repons yo vin pwogresivman pi grav. Gen kèk ofans ki egzije konsiltasyon avèk fòs lòd si yo jije ofans lan se yon vyolasyon lwa eta oswa federal.

Definisyon ki nan seksyon sa a te modifye espesyalman pou elèv elemantè yo, sepandan, li enpòtan pou sonje, definisyon Depatman Edikasyon Florida bay atravè Rapò Ensidan Sekirite Anviwònmantal Eskolè (SESIR) a se definisyon pèsonèl lekòl la pral itilize pou detèmine si yon elèv te montre yon konpòtman ki ta dwe klase kòm yon ofans SESIR.

SDOC ankouraje yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay sipò nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak pèsonèl la kont kondwit ki reprezante yon gwo menas pou sekirite lekòl la. Administratè lekòl yo dwe aplike disiplin ki konsistan nan lekòl la, lè sa apwopriye, ak lè politik ak Kòd sa a otorize li. Anplis sa, daprè Seksyon 1006.09, Lwa Florida yo, direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bòn fwa pou mande asistans paran oswa lòt mezi altènatif anvan sispansyon an, eksepte nan ka ijans oswa kondisyon deranjan ki egzije sispansyon imedya oswa nan ka yon vyolasyon grav nan kondwit jan Komisyon an ak Kòd sa a defini li.

SDOC pran angajman pou li bay tout elèv yon anviwònman ki an sekirite epi chèche sipò nan men kominote a ak paran/responsab legal yo pou atenn objektif sa a. Pou sa, Seksyon 1003.04, Lwa Florida yo, prevwa paran/responsab legal chak elèv ki nan Lekòl Matènèl rive 12yèm Ane piblik dwe kolabore avèk otorite Komisyon an, SDOC, Direktè Jeneral la, Direktè a, pwofesè yo, ak chofè bis lekòl yo, pou retire elèv la nan sal klas la ak nan bis lekòl la epi, lè sa apwopriye epi si disponib, pou mete elèv la nan yon lòt anviwònman edikatif, si elèv la dezobeyisan, derespektan, vyolan, abizif, enkontwolab, oswa deranjan.

## Envestigasyon sou Disiplin Elèv

SDOC aji *in loco parentis* (Tèm laten ki vle di "nan plas paran yo") pandan yon elèv anba sipèvizyon fizik lekòl la epi li responsab pou mennen envestigasyon sou tout akizasyon sou move kondwit elèv nan jiridiksyon li an pandan l ap itilize estanda jiridik preponderans prèv. Kidonk, anplwaye SDOC yo gen otorizasyon pou fè entèvyou ak elèv yo epi pou yo jwenn deklarasyon temwen nan men elèv ki enplike nan vyolasyon Kòd la, men, nenpòt elèv ka refize patisipe nan yon envestigasyon. Li enpòtan pou sonje si konpòtman an konsidere kòm kriminèl epi kòm yon vyolasyon lwa Florida yo, responsab resous eskolè a, oswa fòs lòd, si responsab resous eskolè a pa disponib, ka patisipe nan envestigasyon an.

**Paran/responsab legal yo ka mande elèv yo pou yo pa patisipe nan envestigasyon sou disiplin elèv yo san otorizasyon paran/responsab legal la pandan y ap soumèt demann lan, alekri, anvan nenpòt pwoblèm disiplin rive, bay administrasyon lekòl la.** Refize pou patisipe nan envestigasyon an pa anpeche SDOC kontinye envestigasyon an epi aplike yon konsekans disiplinè apwopriye daprè pwosedi ki endike nan Kòd sa a. Anplis sa, refi a pa anpeche responsab resous eskolè a, oswa fòs lòd, kontinye envestigasyon an epi enpoze sanksyon kriminèl si sa jistifye.

Aprè envestigasyon sou disiplin lan fini, paran/responsab legal la ka mande yon kopi tout prèv dokimantè ki baze sou konsekans disiplinè yo pwopoze a; sepandan, si videyo yo disponib epi yo itilize yo kòm prèv pou rezon disiplinè, yo ka gade yo sèlman, epi yo pa pral bay okenn kopi. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan ofans disiplinè ak pwosedi yo nan seksyon Kòd sa ak nan Seksyon VI la.

Si envestigasyon sou disiplin nan fèt akòz akizasyon yon menas oswa yon konpòtman menasan, yo pral soumèt envestigasyon an bay Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la pou revizyon. Yo te etabli Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la daprè Règ 3.00 Komisyon an Evalyasyon Menas ak Seksyon 1006.07, Lwa Florida yo.

# SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ

## Nivo 1: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo 1 yo se konpòtman ki pa grav ki ka deranje sal klas, yon aktivite lekòl, oswa bis lekòl.

Anplwaye SDOC la ta dwe eseye sispann move konpòtman an. Si plis èd nesesè, anplwaye a dwe voye elèv la bay administratè lekòl la pou disiplin. Aprè li fin tande vèsyon elèv la, fin pale ak manm pèsonèl la epi lòt elèv yo, epi fin fè nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral deside sou konsekans la. Sispansyon se pa yon konsekans pou ofans Nivo 1.

| Nivo I: Ofans | | |
|---|---|---|
| CHT | Pran poul | Itilize travay yon lòt moun epi fè li pase pou pa ou; itilize nòt oswa lòt metòd, san pwofesè a pa konnen, pou fè yon tès oswa devwa. Sa a gen ladan itilizasyon devwa AI jenere ou soumèt kòm pwòp devwa ou. |
| DIS | Mank respè | Di oswa fè yon bagay ki rabese, anbete, ensilte, oswa anbarase yon moun oswa yon gwoup moun. |
| DCV | Kòd Abiman | Mete nenpòt bagay ki pa respekte kòd abiman an. |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon aparèy elektwonik ki pa gen rapò ak lekòl, epi ki ka gen ladann, men pa sa sèlman, telefòn selilè, telefòn entèlijan, mont entèlijan, lektè MP3, iPod, lektè elektwonik, mont seveyans, tablèt, laptop, ak lòt aparèy elektwonik. |
| FRD | Pa Prezan nan Detansyon | Pa Prezan nan Detansyon. |
| FMI | Enfòmasyon ki Fo ak/ oswa ki Twonpè | Konnen ou pa di verite. Konpòtman an pa deranje kanmpous lekòl la. |
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de (2) oswa plis elèv. |
| OTH | Lòt Move Kondwit | Nenpòt lòt zak move kondwit ki ka deranje sal klas la, pwogram lekòl la, aktivite lekòl la, oswa bis lekòl la, epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo 1. |
| PRO | Langaj/ Materyèl Pwofàn, Vilgè, oswa Abizif | Itilize mo, jès, foto, oswa objè ki pa akseptab nan lekòl la. Sa a pa gen ladan langaj menasan oswa entimidan. |
| TAC | Reta nan klas | Rive anreta nan klas aprè w fin rive lekòl alè, san okenn eskiz.<br>**Sa a pa enkli reta nan lekòl la. Reta repete nan lekòl la ka konstitiye yon absans eskolè daprè Seksyon 984.151, Lwa Florida yo ak Règ 5.00 Komisyon an, Prezans Elèv.* |
| UAS | Absans San Otorizasyon nan Lekòl oswa nan Klas | Absan nan lekòl la oswa nan klas san pèmisyon paran/responsab legal oswa lekòl la. |
| UBL** | Entimidasyon ki pa Fonde** | Aprè yon envestigasyon konplè ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo te rapòte, envestigatè a detèmine pa gen ase prèv pou pwouve ensidan an satisfè kritè pou yon zak ki entèdi daprè definisyon entimidasyon ki endike nan lwa Jeffery Johnston pou Defans Tout Elèv (Seksyon 1006.147, Lwa Florida yo). Ofans sa a se pou objektif dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florida mande sa; yo pa bay okenn konsekans disiplinè. |
| UHR** | Arasman ki pa Fonde | Aprè yon envestigasyon konplè ak swivi sou yon ensidan arasman yo te rapòte, envestigatè a detèmine pa gen ase prèv pou pwouve ensidan an satisfè kritè pou yon zak ki entèdi daprè definisyon arasman ki endike nan lwa Jeffery Johnston pou Defans Tout Elèv (Seksyon 1006.147, Lwa Florida yo). Ofans sa a se pou objektif dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florida mande sa; yo pa bay okenn konsekans disiplinè. |

## Nivo I: Konsekans

1. **Enfòme paran/responsab legal ou***
2. **Pale avèk ou konsènan konpòtman ou***
3. Reprimand vèbal
4. Atribiye pwojè oswa travay espesyal
5. Retire privilèj
6. Detansyon
7. Pran materyèl/objè ki pa ta dwe nan lekòl la
8. Pratik Restorasyon
9. Plas ki afekte
10. Plan sipèvizyon
11. Referans konsèy
12. Akò Absans kontak
13. Referans nan sèvis sante mantal
14. Avètisman pou referans nan Nivo 2

**Konsekans Obligatwa*

## SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ

### Nivo 2: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo 2 yo pi grav pase Nivo 1. Ofans Nivo 2 yo ka gen ladan yo tou move konpòtman repete nan Nivo 1 ak move konpòtman kont moun oswa bagay ki pa deranje sante oswa sekirite lòt moun.

Yo dwe rapòte move konpòtman an bay administratè lekòl la pou envestigasyon. Aprè li fin tande vèsyon elèv la, fin pale ak manm pèsonèl la epi lòt elèv yo, epi fin fè nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi pou Nivo 2. Sispansyon andeyò lekòl pa yon konsekans pou ofans Nivo 2.

| Nivo 2: Ofans | | |
|---|---|---|
| DEF | Dezobeyisans/ Rezistans Flagran | Refize plizyè fwa swiv règ ekri oswa vèbal lekòl yo oswa enstriksyon pèsonèl lekòl la san sa pa lakòz deranjman. |
| DIS | Mank respè | Montre plizyè fwa konpòtman ki blesan, oswa ki jennen yon lòt moun oswa yon gwoup moun, ki gen ladan anplwaye yo. (Pi grav pase Nivo 1).<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, langaj ki blesan ki pa gen ladan li gwo mo.* |
| DCV | Kòd Abiman | Mete nenpòt bagay ki pa respekte kòd abiman an (de oswa plis ofans). |
| EDC | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon aparèy elektwonik repete, ki pa gen rapò ak lekòl. Oswa antre nan pwogram ak/oswa fichye yon elèv pa ta dwe antre sou yon aparèy elektwonik oswa pandan li sou rezo SDOC (tankou jwèt); pataje non itilizatè ou ak modpas ou avèk yon lòt moun; oswa konekte ak aparèy ou a epi pèmèt yon lòt moun itilize li. |
| FMI | Enfòmasyon ki Fo ak/ oswa ki Twonpè | Konnen ou pa di verite. Konpòtman an pa deranje kanmpous lekòl la. |
| FIL | Goumen | Patisipe nan yon altèkasyon ki enplike vyolans fizik. |
| FOR | Fwod<br>(Ki pa kriminèl) | Kreye oswa repwodwi siyati oswa dokiman yon lòt moun pou objektif fwod.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, siyen yon dokiman avèk siyati paran/responsab legal ou san pèmisyon.* |
| OMC | Jwèt aza | Parye sou jwèt oswa aktivite pou lajan oswa lòt bagay ki gen valè. |
| GRA | Sa ki gen rapò ak gang | Posesyon, itilizasyon oswa afichaj atik ki asosye ak aktivite gang, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, rad ak akseswa, ensiy ki gen rapò ak gang, ekri, siy, oswa senbòl ki ankouraje afilyasyon ak/oswa enplikasyon nan gang. |
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de oswa plis elèv epi ki reprezante yon risk pou yo blese akòz jwèt danjere a. |
| OMC | Lòt Move Kondwit Grav | Nenpòt lòt zak move kondwit ki pi grav, ki pi nwizib, oswa ki konstitiye yon egzanp ki pi deranjan nan youn nan ofans ki dekri nan Nivo 1 an, epi ki ka deranje lekòl la, bis lekòl la, oswa aktivite lekòl la epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo 2. |
| MBT | Altèkasyon Fizik / Agresyon Senp | Frape, pouse oswa nenpòt kontak fizik avèk yon lòt elèv ki deranjan, men ki sispann lè yon adilt mande elèv yo pou yo sispann. |
| SLT | Vòl (mwens pase $375) | Pran yon bagay ki pa pou ou san otorizasyon. |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladann menas non-vèbal ak menas vèbal pou blesi fizik (pou frape, goumen, oswa bat yon lòt moun san yon plan ak/oswa aksyon kont li) ki fèt an pèsòn, elektwonikman oswa atravè nenpòt lòt mwayen. |
| UAA | Rasanbleman/Piblikas yon san otorizasyon | Fè reyinyon oswa distribiye materyèl bay lòt elèv, san otorizasyon, ki deranje jounen lekòl nòmal la oswa nenpòt aktivite lekòl la. |
| VAL | Destriksyon/Devastasy on Pwopriyete (mwens pase $100) | Kraze oswa detwi bagay lekòl la oswa lòt moun. |

## Nivo 2: Konsekans

1. **Enfòme paran/responsab legal ou***
2. **Pale avèk ou konsènan konpòtman ou***
3. Fè yon reyinyon avèk paran/responsab legal ou
4. Kontra/plan konpòtman
5. Pratik Restorasyon
6. ISS (1-10 jou)
7. Afektasyon espesyal travay
8. Detansyon
9. Referans konsèy
10. Pran materyèl/objè ki pa ta dwe nan lekòl la
11. Rekiperasyon pwopriyete
12. Sispansyon nan bis (1-10 jou)
13. Referans nan pwogram entèvansyon
14. Lòt Sal klas
15. Plan sipèvizyon
16. Akò Absans kontak
17. Retire tanporèman oswa patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la
18. Referans nan sèvis sante mantal
19. Avètisman pou referans nan Nivo 3

**Konsekans Obligatwa*

# SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ

## Nivo 3: Kòd Repons Disiplinè

Yon ofans Nivo 3 se yon move konpòtman ki deranje lekòl la, aktivite lekòl la, oswa bis lekòl la epi ki menase sante, sekirite, ak pwopriyete lòt moun. Ofans Nivo 3 ka gen ladan zak move konpòtman repete nan Nivo 2.

Yo dwe rapòte imedyatman move konpòtman an bay administratè lekòl la pou plis envestigasyon. Aprè li fin tande vèsyon elèv la, fin pale ak manm pèsonèl la epi lòt elèv yo, epi fin fè nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi pou Nivo 3. Yon konsekans pou yon Nivo 3 ka gen ladan retire elèv la nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la imedyatman.

| Nivo 3: Ofans | | |
|---|---|---|
| DIS | Mank respè | Montre konpòtman ki blesan, ki anbarasan, oswa ki fè yon lòt moun santi li mal.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, mo oswa mouvman ki mechan ak/ oswa gwosye.* |
| DRC | Kondwit Deranjan | Kondwit oswa konpòtman ki deranje bon pwosesis ansèyman/aprantisaj, anviwònman lekòl, aktivite lekòl, oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la. Sa a pa gen ladann konpòtman ki ta konsidere kòm Nivo IV-T, Lòt; Nivo IV-I, Gwo Deranjman sou Kanmpous, oswa Nivo IV-HH Deranjman Operasyon Kanmpous yo. |
| EDC | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Move itilizasyon kontinyèl aparèy elektwonik, ki pa gen rapò ak lekòl. Oswa chanje aparèy la pou jwenn aksè nan pwogram ou pa ta dwe itilize, oswa navige Entènèt la oswa gade dosye ou pa ta dwe wè.<br>**Seksyon sa a pa gen ladan foto, videyo, oswa mesaj ki ka klase kòm yon lòt ofans.* |
| EXT | Ekstòsyon/Chantaj | Fè menas pou blese lòt moun yon fason pou jwenn yon bagay nan men yo.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, menase yon lòt elèv pou pran lajan manje li.* |
| FIT | Goumen<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Lè de oswa plis moun patisipe ansanm nan itilizasyon fòs oswa vyolans fizik ki nesesite swa entèvansyon fizik oswa lakòz blesi ki nesesite premyè swen oswa atansyon medikal.<br>**<u>Remak:</u> Yo entèdi goumen, men si yon moun frape ou oswa yon lòt moun, olye pou w riposte, ou ka pwoteje tèt ou kont blesi grav pandan w ap itilize sa yo rele oto-defans. Oto-defans vle di mande yon adilt èd, kenbe oswa bloke lòt elèv la pou li pa ka frape w oswa yon lòt moun, pwoteje figi w oswa kò w pou yo pa frape, oswa pouse lòt elèv la pou w ka ale nan yon andwa ki an sekirite. Sepandan, si ou riposte kont (tankou bay kout pwen, kalòt, oswa kout pye) lòt elèv la, oswa si ou pouse li epi ou pa eseye ale, ou ka gen pwoblèm paske w goumen.**<br>**nan yon aksyon disiplinè, gen yon sipozisyon kontestab kote aksyon yon elèv ki te entèvni, te itilize sèlman yon kantite fòs ki nesesè, pou kanpe yon zak vyolan kont yon elèv, pèsonèl, oswa volontè te nesesè pou retabli oswa kenbe sekirite lòt moun. [Seksyon 1006.13, Lwa Florida yo]().* |
| FWK | Peta/ Fedatifis | Posede, estoke, oswa vann fedatifis oswa peta sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl san limen yo. |
| GRA | Ki gen rapò ak Gang | Kondwit oswa konpòtman ki gen tandans ankouraje aktivite gang, pwovoke vyolans, oswa seryezman deranje bon fonksyònman pwogram lekòl la, nenpòt aktivite lekòl la oswa sèvis transpò, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, posesyon, itilizasyon oswa afichaj materyèl gang, bijou, tatou, rad, oswa lòt ensiy ak ekri ki ankouraje afilyasyon/enplikasyon nan gang/itilizasyon siy oswa senbòl ki gen rapò ak gang oswa nenpòt lòt konpòtman ki asosye ak gang. |
| INU | Dezobeyisans Grav/ Rezistans Flagran | Refize volontèman swiv enstriksyon pèsonèl lekòl la; di oswa fè yon bagay ki montre ou p ap swiv okenn enstriksyon; oswa diskite avèk yon adilt devan lòt moun, sa ki lakòz yon deranjman. |
| HAR | Asèlman<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Nenpòt jès menasan, ensiltan, oswa dezimanizan, itilizasyon done oswa lojisyèl enfòmatik, oswa nenpòt kondwit ekri, vèbal, oswa fizik ki mete yon elèv SDOC oswa yon anplwaye lekòl nan yon pè rezonab pou sibi domaj sou tèt li oswa pwopriyete li, ki gen efè pou deranje pèfòmans edikatif, opòtinite, oswa avantaj yon elèv, oswa ki deranje bon fonksyònman yon lekòl ki gen ladan nenpòt kondwit ki dirije kont yon moun espesifik ki lakòz gwo detrès emosyonèl kay moun sa a epi ki pa gen okenn objektif lejitim. |

| | | |
|---|---|---|
| HRP | Jwèt danjere | Nenpòt konpòtman brital, jwèt oswa blag brit ki enkontwolab ki enplike de oswa plis elèv epi ki gen blesi akòz jwèt danjere a. Nenpòt jwèt danjere ki lakòz blesi grav kote gen nesesite pou swen medikal ka lakòz yon ofans Nivo 4. |
| ILO | Òganizasyon Ilegal | Fè pati oswa nan yon gwoup oswa klèb sekrè pandan ou lekòl la. |
| OMC | Lòt Move<br>Kondwit Grav | Nenpòt lòt zak oswa konpòtman ki pi grav, danjere, oswa ki reprezante yon egzanp deranjan nan youn nan ofans Nivo 2 yo, ki ka deranje lekòl la, bis lekòl la, ak/oswa aktivite lekòl la epi ki pa kapab klase kòm yon lòt ofans Nivo 3.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, pèsaj kòporèl, bay manm pèsonèl SDOC yo enfòmasyon ki fo/ki twonpè* Sa a pa enkli okenn move kondwit ki ta ka klase kòm yon Gwo Deranjman sou Kanmpous (DOC) Nivo IV. |
| PCM | Posesyon Materyèl kontrebann | Posede, itilize, oswa bay lòt moun bagay ki entèdi nan lekòl tankou: alimèt, brikè, zam jwèt, zouti, elatriye. Paran/responsab legal la ap fè aranjman pou pran objè a nan lekòl la, si sa aplikab. Nan okenn moman SDOC p ap responsab pou vòl, pèt, oswa domaj nan atik kontrebann yo pote sou pwopriyete li a. |
| PHA | Agresyon Senp<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Frape yon lòt moun kont volonte li entansyonèlman, san blese li. Seksyon sa a pa gen ladan blesi yon goumen te lakòz si moun ki enplike yo te angaje yo nan goumen an volontèman. |
| STL | Vòl<br>(soti nan $375 pou rive nan $749) | Pran pwopriyete lòt moun san otorizasyon yo. |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladan menas non-vèbal ak menas vèbal pou blesi fizik (pou frape, goumen, oswa bat yon lòt moun avèk yon plan ak/oswa lòt aksyon, oswa touye yon lòt moun san yon plan ak/oswa lòt aksyon) ki fèt an pèsòn, elektwonikman oswa atravè nenpòt lòt mwayen. |
| TRE | Itilizasyon/<br>Posesyon Tabak<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Posede oswa itilize tabak oswa pwodui sigarèt elektwonik ki gen nikotin nan lekòl la, nan yon aktivite lekòl la, oswa nan transpò lekòl la. Ensidan ki gen rapò ak tabak pa ka konsidere kòm ensidan ki gen rapò ak dwòg. |
| UNE | Antre San Otorizasyon nan Pwopriyete SDOC | Antre oswa rete sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la, san otorizasyon oswa aprè pèsonèl lekòl la te mande pou soti. Sa a aplike sèlman pou ensidan ki pa te gen yon avètisman ofisyèl alavans, ki pa te lakòz yon arestasyon, oswa ki pa te enplike elèv ki anba sispansyon oswa ekspilsyon. |
| VAN | Destriksyon/<br>Devastasyon Pwopriyete/ (soti nan $100 pou rive nan $999) | Kraze oswa detwi bagay lekòl la oswa lòt moun. |

## Nivo 3: Konsekans

1. **Enfòme paran/responsab legal ou***
2. **Pale avèk ou konsènan konpòtman ou***
3. Fè yon reyinyon avèk paran/responsab legal
4. Kontra/plan konpòtman
5. Pratik Restorasyon
6. Rekiperasyon pwopriyete
7. SISPANSYON PASYÈL (1-10 jou)
8. Sispansyon bis (1-10 jou)
9. Sispansyon andeyò lekòl la (1-10 jou)
10. Detansyon
11. Retire yon fason tanporè oswa pèmanan nan patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la
12. Referans nan pwogram entèvansyon
13. Pran materyèl/objè ki pa ta dwe nan lekòl la
14. Lòt Sal klas
15. Plan sipèvizyon
16. Akò Absans kontak
17. Referans konsèy
18. Referans nan sèvis sante mantal
19. Avètisman pou referans nan Nivo 4

**Konsekans Obligatwa*

## SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU ELÈMANTÈ

### Nivo 4: Kòd Repons Disiplinè

Ofans Nivo 4 yo se move konpòtman ki pi grav epi ki lakòz plis enkyetid pou sekirite lekòl. Ofans Nivo 4 ka gen ladan zak move konpòtman repete nan Nivo 3. Nenpòt zak Nivo 4 ka lakòz yon sispansyon jiska 10 jou avèk yon posiblite pou ekspilsyon nan lekòl la.

Yo dwe rapòte imedyatman move konpòtman Nivo 4 la bay administratè lekòl la pou plis envestigasyon. Aprè li fin tande vèsyon elèv la, fin pale ak manm pèsonèl la epi lòt elèv yo, epi fin fè nenpòt lòt envestigasyon ki nesesè, administratè a pral swiv pwosedi pou ofans Nivo 4 yo. Yon konsekans pou yon Nivo 4 ka gen ladan retire elèv la nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la imedyatman.

Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florida egzije distri eskolè yo pou yo kòde kòrèkteman ensidan ki kont lalwa oswa ki reprezante vyolasyon grav nan Kòd sa a. Yo idantifye ensidan sa yo ki dwe rapòte bay SESIR ak/oswa Fòs Lòd yo nan Kòd Kondwit Elèv la ak kòd twa lèt ki idantifye ensidan SESIR yo. Lè plizyè ensidan rive nan menm tan ak nan menm andwa, ensidan ki te lakòz plis blesi oswa pi gwo pèt pwopriyete oswa depans monetè a ta dwe sa ki pou rapòte a. Yo ka refere elèv ki komèt yon ofans Nivo 4 ki pa SESIR bay otorite lokal yo pou plis envestigasyon.

| Nivo 4: Ofans | | |
|---|---|---|
| ALC | Alkòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Posede, itilize, pataje, bay, mande, vann, achte, oswa anba enfliyans bwason ki gen alkòl. Itilizasyon vle di yo kenbe moun nan ap itilize alkòl, li admèt itilizasyon alkòl la, oswa yo dekouvri l ap itilize alkòl. Ensidan ki gen rapò ak alkòl pa ka konsidere kòm ensidan ki gen rapò ak dwòg. |
| ARS | Mete dife volontèman nan yon pwopriyete<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Mete dife oswa lakòz yon eksplozyon nan pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, oswa nan nenpòt batiman kit yon moun andedan oswa non. |
| BAT | Agresyon Grav<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Frape yon moun kont volonte li oswa entansyonèlman koze blesi pi grav tankou: gwo domaj kòporèl; andikap pèmanan; defigirasyon pèmanan; itilizasyon yon zam ki ka blese viktim nan grav (zam mòtèl); doulè ekstrèm; pèt pwolonje oswa andikap fonksyon yon manm kòporèl, ògàn, oswa fakilte mantal; oswa elèv la konnen oswa ta dwe konnen viktim nan ansent. |
| BUL | Asèlman<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Konpòtman repete kont yon lòt moun ki fè moun sa a pè, fè yon moun santi li pi fèb pase lòt la, epi konpòtman sa a volontè.<br>**Entimidasyon ka gen ladan, men se pa sa sèlman, ka mokri **repete**, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, asèlman, vyolans fizik, vòl, arasman, imilyasyon piblik oswa prive, oswa destriksyon pwopriyete. Si domaj fizik la oswa estrès sikolojik la se pa rezilta konpòtman sistematik oswa kwonik, evalye pou Arasman.*<br>*Disiplin repete ki gen yon lòt nati (tankou goumen repete ak menm moun nan) ka konstitye entimidasyon. |
| BRK | vòlè<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Antre sou pwopriyete Komisyon an oswa rete sou pwopriyete Komisyon an oswa nan transpò lekòl la san otorizasyon epi lakòz domaj oswa vyole lalwa. Ofans sa a pi grav pase vyolasyon pwopriyete. |
| DOC | Gwo Deranjman sou Kanmpous<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Gwo deranjman nan tout oswa pifò aktivite kanmpous la, evènman lekòl la esponnsorize, ak transpò bis lekòl la. Konpòtman deranjan ki reprezante yon gwo menas pou anviwònman aprantisaj, sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun. Egzanp gwo deranjman yo enkli menas bonm, ankourajman manifestasyon vyolan, oswa siyalman fo alèt.<br>Pou ofans ki deranje aktivite kanmpous yo, evènman lekòl la esponnsorize, ak transpò bis lekòl men ki pa reprezante yon gwo menas pou anviwònman aprantisaj la: gade Nivo IV-HH, Deranjman Operasyon Kanmpous yo. |
| DRD | Lavant/Distribisyon Dwòg, Eksepte Alkòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Pwodiksyon, acha, lavant oswa distribisyon nenpòt dwòg oswa sibstans ki reprezante kòm yon dwòg. Sa a gen ladan nenpòt fòm pèman pou nenpòt dwòg oswa sibstans. |

| Nivo 4: Ofans | | |
|---|---|---|
| DRU | Itilizasyon/ Posesyon Dwòg<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Posede, pataje, oswa itilize dwòg oswa nenpòt lòt sibstans nan yon fason ki pa apwopriye ki ka chanje atitid ou oswa konpòtman ou, oswa posede oswa itilize nenpòt bagay ki reprezante oswa ki konsidere kòm dwòg.<br>Itilizasyon vle di yo kenbe moun nan ap itilize dwòg, li admèt itilizasyon dwòg la, oswa yo dekouvri l ap itilize dwòg.<br>Ofans alkòl yo klase separeman: Nivo IV-A, Alkòl. |
| EDV | Vyolasyon Aparèy Elektwonik | Itilizasyon oswa aksè san otorizasyon nan pwogram ak/oswa fichye ou pa ta dwe gen aksè sou yon aparèy elektwonik; oswa nenpòt itilizasyon ki kont politik Komisyon an, lwa ak règleman lokal, eta ak/oswa federal.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, jwenn aksè nan rezo SDOC pou fè mal oswa modifye dosye yo.* |
| HAZ | Pratik entegrasyon imilyan<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Segondè sèlman. |
| HOM | Omisid<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Touye yon lòt moun san rezon valab. Sa a gen ladan touye moun, omisid envolontè. |
| IGN | Mete dife | Mete dife aksidantèlman oswa mete dife ki pa lakòz domaj. |
| KID | Kidnaping<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Kache, anlve, oswa anprizone yon lòt moun avèk fòs, an kachèt, oswa anba menas kont volonte li epi san otorite legal. Sa a gen ladan anlve yon moun. |
| ODO | Lòt Objè Danjere | Posede, vann/achte, oswa kontwole nenpòt enstriman oswa objè, ki pa yon zam afe oswa zam jan sa defini nan yon ofans Posesyon Zam Nivo IV, ki ta ka itilize pou blese yon lòt moun oswa fè nenpòt moun pè. **Ofans sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, zam ki tire ak mab oswa zam ak plon, zam airsoft, zam paintball, ak replik nenpòt zam, zam dlo/mab jèl, chenn, tiyo, lam razwa, Kouto katon ki gen lam ki ka ratresi/kouto itilitè, pik glas, lòt enstriman pwent fen, nun chucks, zam netralizasyon elektrik, zetwal chinwa, esprey pwav, lòt objè yo itilize pou oto-defans (egzanp kubaton), bal, chajè zam afe, katouch zam afe. Ofans sa a gen ladan tou limen fedatifis oswa peta.* |
| OMC | Lòt Gwo Ofans<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Nenpòt ensidan grav, danjere ki lakòz nesesite pou konsiltasyon fòs lòd ki pa te klase deja. Sa a gen ladan nenpòt dwòg oswa zam yo jwenn poukont li epi ki pa lye ak okenn moun; ensidan sa yo dwe klase ak eleman ki apwopriye ki gen rapò (tankou ki gen rapò ak Dwòg oswa ki gen rapò ak Zam) epi yo dwe rapòte enplikasyon nan ensidan an kòm enkoni. |
| RMC | Move Kondwit Repete nan yon Nati ki pi Grav | Move kondwit repete ki ka deranje gravman sal klas la, lekòl la, transpò lekòl la, ak/oswa aktivite lekòl la. |
| ROB | Vòl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Pran, oswa eseye pran, lajan oswa lòt pwopriyete nan men yon moun avèk entansyon pou kenbe oswa tanporèman retire lajan an oswa lòt pwopriyete avèk fòs, oswa menas fòs, oswa vyolans, ak/oswa fè viktim nan pè. Yon diferans kle ant Gwo Vòl ak Vòl Kalifye se Vòl Kalifye a enplike vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè. Sa a gen ladan itilize fòs pou pran yon bagay nan men yon lòt moun. |
| SXA | Agresyon Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Yon ensidan ki gen ladan manyen ki pa apwopriye, libète endesan, pedofili, oswa menas vyòl. Ni gason ni fi ka viktim agresyon seksyèl. |
| SXB | Agresyon Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Fè oswa eseye fè nenpòt zak seksyèl kont yon lòt moun, avèk fòs oswa kont volonte moun nan, avèk oswa san yon objè oswa yon manm kòporèl. Ni gason ni fi ka viktim agresyon seksyèl. |
| SXH | Arasman Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Kondwit endezirab ki gen nati seksyèl, tankou avans seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak lòt kondwit vèbal, non-vèbal, oswa fizik ki gen yon nati seksyèl. Kondwit arasman ka gen ladan aksyon vèbal oswa non-vèbal, ki gen ladan deklarasyon grafik ak ekri, epi ka gen ladan deklarasyon ki fèt atravè òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki konekte ak Entènèt. Anplwaye lekòl yo, lòt elèv, oswa moun eksteryè lekòl la ka gen kondwit sa. Sa a gen ladann konpòtman seksyèl endezirab. |

| Nivo 4: Ofans | | |
|---|---|---|
| SXO | Ofans Seksyèl<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Lòt kontak seksyèl, ki gen ladann sèks san itilizasyon fòs oswa menas fòs. Enpoze yon moun jès seksyèl vilgè, aktivite seksyèl, oswa ekspoze pati kò prive nan yon fason chokan Sa a gen ladan vilgarite, ak ekspozisyon endesan. |
| PHA | Agresyon Senp<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Entansyonèlman manyen oswa frape yon lòt moun kont volonte li, oswa entansyonèlman lakòz blesi kòporèl ak yon moun. Sa a gen ladann ensidan ki nesesite premyè swen imedya oswa atansyon medikal ki vin aprè.<br>Sa a pa gen ladann lanmò oswa blesi ki prezante yon gwo risk pou lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje ak vizib, oswa pèt pwolonje oswa andikap fonksyon yon manm, ògàn, oswa fakilte mantal. *(Gade Agresyon Grav).* |
| STL | Vòl/Gwo Vòl<br>($750 oswa plis)<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Pran pwopriyete yon lòt moun oswa yon òganizasyon san otorizasyon yo, ki gen ladann veyikil ki gen motè, ki gen yon valè $750 oswa plis, san menas, vyolans, oswa blesi kòporèl. Vòl pwopriyete ki gen nenpòt valè ki enplike yon itilizasyon fòs, vyolans, atak, oswa fè viktim nan pè dwe rapòte kòm vòl kalifye.<br>**Sa a pa gen ladann pran avèk vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè (Gade Vòl).* |
| TRE | Menas/Entimidasyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Yon ensidan kote pa te gen okenn kontak fizik ant otè ofans lan ak viktim nan, men viktim nan te kwè nan yon fason rezonab yon blesi fizik te kapab rive akòz kominikasyon vèbal oswa non-vèbal otè ofans lan. Sa a gen ladan menas non-vèbal ak menas vèbal sou blesi fizik (menas pou touye avèk yon plan ak/oswa lòt aksyon) ki fèt an pèsòn, elektwonikman, oswa atravè nenpòt lòt mwayen. |
| DOC | Menas kont Lekòl la<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Nenpòt menas dirèk oswa endirèk ki reprezante yon menas pou lekòl la oswa ki ka deranje fonksyònman kanmpous lekòl la oswa aktivite lekòl la esponnsorize, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, menas ki fèt nan yon fason vèbal oswa non-vèbal, atravè aksyon, atravè medya sosyal, oswa atravè tèks.<br>**Menas kont lekòl la ka gen ladan yo, men se pa sa sèlman, menas bonm; menas pou itilize zam afe nan yon fason vyolan, ak/oswa menas pou fè yon fiziyad masif oswa yon zak teworis. Yo konsidere menas kont lekòl la kòm zewo tolerans daprè Seksyon 1006.07 ak 1006.13, Lwa Florida yo.* |
| TBC | Tabak/Sigarèt Elektwonik/Nikotin/ Lavant/Acha/ Distribisyon<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Distribisyon oswa lavant, entansyon pou vann, oswa acha pwodwi tabak/sigarèt elektwonik ki gen nikotin, oswa atik yo konsidere kòm sa yo.<br>**Ofans sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, sigarèt elektwonik, lwil CBD, sigarèt elektwonik juuls, katouch ki gen likid pou fimen, vaporizatè ak plim chicha ki pa gen THC oswa nenpòt lòt sibstans ilegal kontwole.* |
| TRS | Vyolasyon Pwopriyete<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Antre oswa rete sou pwopriyete Komisyon an, nan transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la, san otorizasyon oswa aprè pèsonèl lekòl la te mande pou soti. Sa a gen ladan sèlman ensidan ki enplike yon elèv ki aktyèlman anba sispansyon oswa ekspilsyon, oswa ensidan kote nenpòt otè ofans (elèv oswa moun ki pa elèv) te deja resevwa yon avètisman ofisyèl sou entèdiksyon aksè nan men responsab lekòl yo, oswa kote yo te arete nenpòt otè ofans pou vyolasyon. |
| VAN | Destriksyon/ Malveyans Kriminèl ($1000 oswa plis)<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Fè esprè detwi, domaje, oswa deteryore pwopriyete piblik oswa prive ki gen ladan deteryorasyon avèk grafiti, avèk kle oswa grate yon machin oswa sakaje yon chanm ki lakòz domaj. |
| VIO | Vyolasyon Plan Reyentegrasyon Prekòs | Fè nenpòt zak oswa seri zak ki vyole oswa ki gen efè pou vyole yon plan reyentegrasyon aprè yon ekspilsyon. |
| WPO | Posesyon Zam<br>Dwe Rapòte bay Fòs Lòd | Posesyon oswa kontwòl nenpòt zam afe oswa nenpòt enstriman oswa objè jan sa defini nan Seksyon 790.001(6) ak (13), Lwa Florida yo, ki ka lakòz gwo domaj sou yon lòt moun oswa ki ka fè moun nan rezonabman pè pou yon domaj grav. Sa a gen ladan posesyon zam afe ak lòt enstriman ki ka koze domaj. |

| Nivo 4: Konsekans | |
|---|---|
| **Elèv yo pral resevwa konsekans lekòl la ak konsekans distri a pou tout ofans Nivo 4.** | |
| Konsekans lekòl la<br>1. **Enfòme paran/responsab legal ou***<br>2. **Pale avèk ou konsènan konpòtman ou***<br>3. **Jiska yon sispansyon 10 jou avèk yon rekòmandasyon pou ekspilsyon***<br>4. **Kontakte Distri a pou yon Reyinyon Ekip Disiplin***<br>5. Retire yon fason tanporè oswa pèmanan nan patisipasyon nan pwogram oswa aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl la/aktivite ki konplemantè ak kourikoulòm lekòl la<br>6. Pratik Restorasyon<br>7. Lòt Sal klas<br>8. Plan sipèvizyon<br>9. Akò Absans kontak<br>10. Referans konsèy | Konsekans Distri a<br>1. Ekspilsyon nan distri eskolè a<br>2. Afektasyon nan yon lòt lekòl<br>3. Referans nan yon pwogram entèvansyon<br>4. Ekspilsyon bis<br>5. Referans nan sèvis sante mantal<br><br>**Konsekans Obligatwa* |



THE SCHOOL DISTRICT OF OSCEOLA COUNTY, FL • 1887 •

# Seksyon VI:

## *Pwosedi pou Aksyon Disiplinè*

Yo te kite paj sa a blanch volontèman.

# SEKSYON VI: PWOSEDI POU AKSYON DISIPLINÈ

## Pwosedi pou Aksyon Disiplinè

Pou pwoteje dwa elèv yo, yo swiv kèk pwosedi konsènan aksyon disiplinè yo. Yo te devlope pwosedi sa yo daprè sijesyon oswa egzijans lwa oswa règleman yo. Yo ankouraje estrateji jesyon lekòl/sal klas ki pa kouvri nan pwosedi espesifik sa yo.

## Vyolasyon Kòd Kondwit Elèv

Direktè a oswa reprezantan li dwe egzèse jijman pwofesyonèl li pou detèmine ki konsekans yo dwe enpoze pou yon vyolasyon Kòd Kondwit Elèv la. Pou fè sa, yo ta dwe itilize definisyon yo bay nan seksyon DEFINISYON TÈM yo kòm yon gid pou klase nan yon fason apwopriye move kondwit elèv yo.

| | |
|---|---|
| **Remak:** | Direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bòn fwa pou enfòme paran/responsab legal yo, pandan l ap voye yon kopi referans adomisil oswa pandan l ap kontakte yo pa mwayen telefòn, chak fwa yo resevwa yon referans pou trètman yon aksyon disiplinè. |

## Matris Enfraksyon ak Konsekans

**Elèv yo dwe vin lekòl pare pou aprann epi patisipe nan tout aktivite aprantisaj yo. Yo konsidere nenpòt kondwit, ki deranje bon fonksyònman yon lekòl ak/oswa deranje kapasite nenpòt elèv pou aprann kòm inapwopriye epi elèv la ka sibi aksyon disiplinè.**

Kòd Kondwit Elèv la espesyalman idantifye kondwit elèv ki entèdi yo epi lis seri konsekans yo, ki ka enpoze pou chak enfraksyon. Lè y ap bay konsekans pou move kondwit, direktè a oswa reprezantan li dwe konsidere faktè tankou nati enfraksyon an, dosye disiplinè pase elèv la, atitid elèv la, laj ak nivo klas elèv la, ansanm ak gravite pwoblèm nan jan li rive nan lekòl patikilyè a. Degre ak gravite pwoblèm nan ka jistifye klasifikasyon ofans lan nan yon nivo ki pi wo pase sa egzanp lan endike a.

***Matris Enfraksyon ak Konsekans*** yo enkli nan piblikasyon Kòd Kondwit Elèv la kòm yon "referans rapid" pou elèv yo, paran, ak responsab legal yo ka konsilte egzanp jeneral move kondwit elèv yo. Pou jwenn enfòmasyon espesifik sou règ Komisyon Eskolè yo konsènan kontwòl/move kondwit elèv, tanpri gade nan Chapit Senk Règ Komisyon Eskolè Konte Osceola a.

Pou idantifye sanksyon apwopriye nan ***Matris Enfraksyon ak Konsekans*** lan, lokalize selil ki sitiye nan entèseksyon enfraksyon an (RANJE) ak nimewo kolòn yo. Nimewo kolòn yo koresponn avèk konsekans yo endike nan bwat ki adwat matris la.

**Yo endike Konsekans Obligatwa yo avèk (M)**
**Yo endike Konsekans Opsyonèl yo avèk (O)**

***Yo rapòte Rapò Ensidan Sekirite Anviwònmantal Eskolè (SESIR) a bay Depatman Edikasyon Florida (Department of Education, DOE) pandan yo itilize nivo I, II, III ak IV.***

## Pwosesis Regilyè

Nan nenpòt sitiyasyon kote yo pretann yon vyolasyon nan Kòd Kondwit Elèv la, Direktè a oswa reprezantan Direktè a dwe obsève pwosedi fondamantal pwosesis regilyè yo. Yo dwe enfòme elèv la sou akizasyon yo fè kont li yo, elèv la dwe gen opòtinite pou eksplike pwendvi li, prezante temwen, epi pa dwe sibi twòp pinisyon. Nan ka kote gen yon enkyetid konsènan pwosesis regilyè yo, paran oswa elèv yo ka refere sitiyasyon an bay direktè lekòl la oswa Depatman Sèvis Elèv.

Elèv yo akize pou yon vyolasyon Kòd Kondwit Elèv la, ki, daprè opinyon direktè a oswa reprezantan direktè a, jistifye yon sispansyon oswa ekspilsyon nan lekòl la, dwe benefisye dwa fondamantal pwosesis regilyè yo. Degre fòmalite ki asosye avèk yon konferans sispansyon oswa yon odyans ekspilsyon depann de nati vyolasyon an ak gravite sanksyon yo ka enpoze kòm yon rezilta.

| | |
|---|---|
| **Remak:** | Direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bòn fwa pou enfòme paran/responsab legal yo, pandan l ap voye yon kopi referans adomisil oswa pandan l ap kontakte yo pa mwayen telefòn, chak fwa yo resevwa yon referans pou trètman yon aksyon disiplinè. |

Se Responsab Fòs Lòd/Responsab Resous Eskolè (SRO) yo ki bay **Sitasyon Sivil** yo. Sa a se yon sèvis entèvansyon apwopriye kòm yon altènativ a arestasyon ak/oswa pouswit kriminèl.

# SEKSYON VI: PWOSEDI POU AKSYON DISIPLINÈ

Biwo Avoka Eta a ofri **Pwogram Detounman** olye pouswit jidisyè pou otè ofans ki te komèt yon krim pou premyè fwa ak kèk ofans kriminèl.

**Evalyasyon Menas (Threat Assessments, TA)** – Lè yon moun te fè yon menas kont pwòp tèt li oswa kont lòt moun, ekip evalyasyon menas la ap fè yon evalyasyon menas daprè Seksyon 1001.212(12), Seksyon 1006.07(7).

## Sispansyon

Sispansyon se yon sanksyon disiplinè ki bay lòd pou yo retire tanporèman yon elèv nan yon klas oswa nan tout klas yo pou yon peryòd tan detèmine, ki pa dwe depase dis (10) jou lekòl alafwa. Y ap konfye elèv la sou responsabilite paran ak/oswa responsab legal li avèk devwa espesifik pou li reyalize. Direktè a oswa Reprezantan direktè a dwe fè yon efò bòn fwa pou mande asistans paran oswa konsekans altènatif pou move kondwit anvan sispansyon yon elèv, eksepte nan ka ijans, oswa kondisyon deranjan, oswa ensidan ki enplike yon vyolasyon kondwi grav.

Sèlman Direktè a oswa reprezantan Direktè a ki ka bay yon elèv sispansyon. Anvan yo enpoze yon sispansyon, elèv la gen dwa pou li konnen ki dispozisyon nan Kòd Kondwit Elèv la li te swadizan vyole, ak ki kondwit espesifik ki te konstitye vyolasyon an. Anplis sa, elèv la gen dwa pou li konnen akizatè li yo, avèk sa yo te di sof si enfòmasyon sa yo ta ka mete an danje sekirite elèv yo. Sepandan, li pa nesesè, pou akize yo prezan fizikman nan konferans pwosesis regilyè yo lè yo enfòme elèv la sou detay vyolasyon an.

Si elèv la demanti akizasyon an oswa akizasyon yo, elèv la gen dwa pou li bay pwendvi li epi pou li rele temwen pou bay enfòmasyon pou sipòte defans li. Si elèv la gen entansyon rele temwen, elèv la gen dwa ak yon peryòd tan rezonab pou kontakte yo epi òganize prezans yo. Yo rekòmande ak ankouraje elèv la bay yon eksplikasyon alekri sou ensidan an.

Direktè a pral sispann yon elèv imedyatman si elèv la te komèt yon zak, ki enpoze yon danje imedya pou elèv yo oswa manm pèsonèl la, oswa si vyolasyon an enplike yon atak fizik, ki gen yon efè deranjan imedya sou bon fonksyònman lekòl la. Si yo sispann elèv la, direktè a dwe enfòme imedyatman Direktè Jeneral la ak paran oswa responsab legal elèv yo sispann nan alekri nan lespas 24 èdtan aprè desizyon an ak rezon pou sispansyon an.

Anplis sa, direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bòn fwa pou avèti paran oswa responsab legal la pa mwayen telefòn anvan yo kòmanse sispansyon an.

Lè yo sispann yon elèv pou posesyon, distribisyon, oswa lavant yon sibstans kontwole; yon zam; oswa ki anba enfliyans yon sibstans kontwole (sòf si yon doktè ki gen lisans te preskri li) yo dwe enfòme paran/responsab legal, responsab fòs lòd ak direktè jeneral la imedyatman.

### Sispansyon Edikasyon Elèv ki gen Bezwen Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE)

Eksepte pou elèv ki gen don, yo pa dwe sispann okenn elèv ki gen bezwen eksepsyonèl pou plis pase nèf (9) jou pou yon sèl ofans oswa pou plis pase dis (10) jou total pandan ane lekòl la. Elèv la dwe benefisye yon detèminasyon manifestasyon si yo te ekskli li pou plis pase 10 jou lekòl youn aprè lòt (dat limit sa a pa dwe depase) oswa si li te sibi yon seri eksklizyon ki totalize plis pase 10 jou (ankò, dat limit sa a pa ka depase) lè eksklizyon sa yo konstitye yon modèl konpòtman ki sanble anpil ak konpòtman elèv la nan ensidan anvan yo ki te lakòz ekspilsyon. Nenpòt rekòmandasyon pou sispansyon yon elèv andikape dwe fèt an akò avèk règ Komisyon Edikasyon Eta a te adopte yo ak règleman federal ki etabli nan Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA).

Yo ka sispann elèv ki gen andikap entelektyèl modere/grav oswa maladi otis yo. Sepandan, yon reyinyon IEP dwe òganize pou egzamine konpòtman ki te fè lekòl la rekòmande sispansyon sa a epi aplike estrateji entèvansyon.

### Sispansyon Seksyon 504

Menm dispozisyon sa yo ap aplike tou pou elèv yo detèmine ki elijib pou sèvis ki gen rapò ak andikap anba Seksyon 504 an akò ak Lwa 2008 sou Modifiikasyon Lwa Ameriken andikape yo (American with Disabilities Act Amendments Act of 2008, ADAAA). Ou ka jwenn enfòmasyon espesifik nan men Fasilitatè Seksyon 504 Distri a pandan w ap rele 407-870-4897.

## Sispansyon pou Krim Andeyò Kanmpous

Seksyon 1006.09 (2), Lwa Florida yo ak Règ 6A-1.0956 Komisyon Eta a, pèmèt direktè a kòmanse pwosedi sispansyon kont nenpòt elèv yon avoka apwopriye akize fòmèlman pou yon krim, oswa yon zak kriminèl ki ta ka yon krim si yon adilt te komèt li, pou yon ensidan ki swadizan te rive sou pwopriyete ki pa pwopriyete Distri Eskolè a

